Á. QOSHANOV, O. DOSPANOV, T. UZAKHBERGENOVA

# QARAQALPAQSTAN TARIYXÍ

6-KLASS

**(EŃ ÁYYEMGI DÁWIRDEN BIZIŃ ERAMÍZDÍŃ V ÁSIRINE SHEKEM)**

*Ulıwma orta bilim beriw mektepleri ushın*

*Tolıqtırılǵan qayta islengen altınshı basılıwı*

*Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan*

NÓKIS
«BILIM»
2019

UOK 94(575.172)(075)
KBK 63.3(0=Qar)
Q-84

**Á.Qoshanov, O. Dospanov, T.Uzakhbergenova.**
**Qaraqalpaqstan tariyxı.** Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinin 6-klası ushın sabaqlıq. Nókis, «Bilim». 2019-j. 116 bet.

Sabaqlıqta eń áyyemgi dáwirden baslap biziń eramızdıń V ásirine shekemgi úlkemizdegi alǵashqı jámáát dúzimi, klaslıq jámiyettiń payda bolıwı hám qul iyelewshi mámleketlerdiń tariyxı sóz etiledi. Qollanba ulıwma orta bilim beriw mekteplerinin oqıtıwshılarına hám 6-klass oqıwshıları ushın arnalıp, keltirilgen tariyxıy dereklerden olar ótmish tariyxımız haqqında keń túsinikke iye boladı.

Sabaqlıq mazmunı ulıwma orta bilim beriw mekteplerinin Qaraqalpaqstan tariyxı páni boyınsha standartlastırılǵan oqıw baǵdarlaması tiykarında jazılǵan.

Pikir bildiriwshiler:

**Ismetullaev J.A.** — Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw minisrtligi ROMO metodisti;

**Tajimuratov M.B.** — Shımbay rayonı 10-sanlı mekteptiń tariyx páni muǵallimi;

**Uzaqov B.S.** — TashMAU Nókis filialı akademiyalıq liceyi tariyx páni oqıtıwshısı.

**ISBN 978-9943-4190-7-0**

© Á. Qoshanov, O. Dospanov, T.Uzahkbergenova, 2019.
© «Bilim» baspası, 2019.

## KIRISIW

Qımbatlı oqıwshılar! Siz 5-klasta «Qaraqalpaqstan tariyxınan gúrrińler» menen tanısqan edińiz. Endi siz tuwılıp ósken Ana-Watanımız tariyxın úyrenesiz, bul siz benen biz jasap atırǵan ana jerimizdiń tariyxı. Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında jasap atırǵan xalıqlardıń Watanı. Watan insannıń kindik qanı tamǵan, oynap ósken hasıl topıraǵınan baslanadı. Úlkemizdiń hasıl topıraǵında áyyemgi dáwirden baslap biziń ata-babalarımız jasap kelgen. Olardıń óz qolları menen dóretken biybaha ájayıp mádeniyatı, kórkem óneri, insanıylıq pazıyletleri hám tariyxıy esteliklerinıń biziń kúnimizge shekem saqlanıp qalǵanlıǵın kóremiz. Sonlıqtan da, Qaraqalpaqstan ullı tariyx hám ullı miyras iyesi. Úlkemizdiń ájayıp estelikleri, bay materiallıq hám mádeniyat úlgileri óz dáwirinde alımlarda «Ashıq aspan astındaǵı muzey» dep qızıǵıwshılıq oyatqan.

Bul sabaqlıq bes bap ham óz náwbetinde temalarǵa bólingen. Temada berilgen maǵlıwmatlardı úyreniwdi jeńillestiriw maqsetinde hárbir tema sońında qadaǵalaw ushın sorawlar hám tapsırmalar berilgen. Bul tapsırmalardı orınlaw arqalı sizler tema mazmunın ózlestirip barasız hám óz betinshe islew hám izleniw arqalı bilimińizdi bayıtıp barasız. Berilgen soraw hám tapsırmalardıń juwapların qosımsha dápterińizge jazıp barsańız maqsetke muwapıq bolar edi. Sonday-aq, sabaqlıqta hárbir temada berilgen túsinikler, sáneler menen bir qatarda zárúr waqıyalarda xronologiyalıq kesteler, kartalar menen súwretler temanıń mazmunın túsiniwge járdem beredi. Sabaqlıq reńli súwretler, sızılmalar, atamalardıń túsinikleri, klass hám úy tapsırmaları menen tolıqtırılǵan.

Sonıń menen birge, bul sabaqlıqtıń basqa «Tariyx» sabaǵın úyreniwge qaraǵanda birqansha ózinę tán ózgeshelikleri bar.

Sebebi, Qaraqalpaqstan tariyxı áyyemgi dáwiri arxeologiyalıq tabılmalar tiykarında jazılǵan. Sonlıqtan da, tema tekstlerinde arxeologiya ilimine tiyisli sózler, terminler kóplep ushırasqanlıqtan olardıń mazmunına dıqqat qaratıwıńız kerek boladı. Áyyemgi dáwirlerge tán jazba maǵlıwmatlardıń hám usıǵan uqsas dereklerdiń az bolıwı sebepli kópshilik arxeologiyalıq esteliklerdiń hám qalalardıń haqıyqıy atamaları saqlanıp qalmaǵan. Tek ǵana sońǵı XVII—XX ásirlerde Áyyemgi Xorezm jerlerin jańa dáwirge tán xojalıqları hám mádeniyatları ózlestirilip usı saqlanǵan qala hám diywal qaldıqlarına, kórinisine, geografiyalıq sharayatına, ápsanalarǵa tiykarlanǵan atamalar menen belgilep qoyılǵan. Mısalı, tawdıń janbawırında jaylasqanlıǵı sebepli «Jambasqala», topıraq úyindisinen ibarat bolǵan «Topıraqqala», etnografiyalıq ápsanaǵa tán bolǵan «Gúldirsin» qalası, hám t.b. usıǵan uqsaǵan atamalar saqlanǵan. Sonıń menen bir qatarda, geypara esteliklerde bir hám eki degen qosımshalar da ushrasadı. Sebebi, XX ásirdiń ortalarında birinshi arxeologiyalıq kartanıń dúnyaǵa shıǵıw dáwirinde birqansha Áyyemgi qońsılas qáwimlerdiń turar jerleri san menen belgilengen. Mısalı, Ayazqala 1 hám 2, 3, Jambasqala massivindegi stoyankalar hám taǵı da basqalar. Ayırım estelikler Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspediciyası alımlarına jol kórsetiwshi sıpatında xızmet kórsetken hám bul estelikler solardıń atı menen atalıp ketken, mısalı: Esen, Bayramqazǵan h.t.b.

# I BAP. QARAQALPAQSTAN TARIYXÍNÍŃ ÁYYEMGI DÁWIRI

## §1. Qaraqalpaqstan tariyxın úyreniwdiń derekleri

**Qaraqalpaqstan tariyxın úyreniwdiń derekleri**

Qaraqalpaqstan aymaǵında áyyemgi jámáátlik dúzim dáwirinde jasaǵan xalıqlardıń turmısı haqqında jazba derekler joq. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń házirgi aymaǵı haqqında ilimge málim bolǵan áyyemgi dáwirge tiyisli birneshe derekler bar. Bul dereklerde biziń jasap atırǵan úlkemizdi «Áyyemgi Xorezm» dep ataǵan, bul házirgi Qaraqalpaqstan Respublikasınıń hám Ózbekstan Respublikasınıń Xorezm hákimligi menen Túrkmenstan Respublikasınıń Tashawız, Charjaw wálayatları aymaqlarına sáykes keledi. Áyyemgi dereklerden:

1. Zardushtiylik dininiń — muqáddes kitabı «Avesto» betlerinde Xorezm eli haqqında qısqa maǵlıwmatlar berilgen. Kitapta shólistanlıqlar menen qorshalǵan topıraǵı hasıl, jeri bay keń paytax jazıq dalalıqlar Xorezm eli dep ataldı dep keltirilip, ol elde xorezmliler jasaydı dep atap kórsetedi.





2. Iran patshalarınıń jartaslarǵa oyıp jazdırǵan jazıwlarında Xorezm xalqı haqqında aytıladı. Ahamoniyler basqarǵan Iran patshalarınıń Behustun hám Persopol jazıwları dep atalǵan jartaslardaǵı jazıwlar elege shekem saqlanǵan. Olarda Xorezmniń Ahamoniyler mámleketiniń quramında bolǵanlıǵı haqqında azıkem maǵlıwmatlar bar. Bul jazıwlar haqqında Áyyemgi grek tariyxshı-geograflari Ktesiy hám Fotiy óz miynetlerinde jazıp qaldırǵan.

3. Áyyemgi Xorezm hám xorezmliler haqqında «tariyx atası» Gerodot, grek tariyxshı-geografı Gekatey Mileckiy hám basqalar óz miynetlerinde eslep ótken. Ásirese, Gerodottıń sak-massagetler patshası Tumaris haqqındaǵı maǵlıwmatları júdá qunlı bolıp esaplanadı.

4. Biziń eramızdıń 95—175-jılları aralıǵında jasaǵan grek tariyxshısı hám jazıwshısı Arrian Iskender Zulxarnaynnıń atlanıslarınıń tariyxı haqqında jazǵan. Ol óziniń «Aleksandr Anabasisi» atlı miynetinde Xorezm óziniń patshası bar biyǵárez mámleket, dep kórsetken.

5. Sonday-aq, jáne bir grek geografı hám tariyxshısı Strabon óziniń «Geografiya» atlı miynetinde Xorezmniń xalqı xorezmiyler haqqında olar massagetlerdiń hám saklardıń quramına kiredi, dep jazǵan.

6. Qıtay jılnamalarında Orta Aziyanıń biziń eramızǵa shekemgi II ásirdiń aqırı I ásirdiń bası aralıǵındaǵı tariyxı haqqında maǵlıwmatlar bar.

7. Biziń eramızdıń 224—651-jılları aralıǵında ústemlik súrgen Iran shahlarınıń sasaniyler násili waqtındaǵı jazba estelikleri bar. Olarda Xorezmniń III—IV ásirlerindegi tariyxı haqqında bir qatar maǵlıwmatlar ushırasadı.

8. Pexleviy tekstlerinde (Iran jerindegi qala) Xorezm hám xorezmliler haqqında birneshe eslep ótiwler bar. Solardıń birinde Shapur I (241—271-jıllar)nıń óz basqarıwınıń birinshi jılında xorezmlilerge qarsı urıs júrgizgenligi aytılǵan.

9. Qubla Aral boylarındaǵı xalıqları haqqında bahalı maǵlıwmatlar jerlesimiz Abu Rayxan Beruniy shıǵarmaları

bahalı derek bolıp, shıǵarmalarınıń biri «Áyyemgi xalıqlardan qalǵan estelikler» dep ataladı, ol bul miynetinde Xorezm mádeniyatı b.e.sh. XIII ásirge barıp taqaladı, — dep kórsetedi.


S. P. Tolstov

Biziń dáwirimizde de Qaraqalpaqstan tariyxınıń áyyemgi dáwiri izertlendi. Olardan burıńǵı Awqamnıń Ilimler akademiyası etnografiya-arxeologiya institutı tárepinen, 1937-jıldan baslap úlkemiz tariyxın úyreniw ushın, «Xorezm — arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspediciyası» dúziledi. Qaraqalpaqstan tariyxın izertlewde bul ekspediciyanıń xızmeti ayrıqsha bolıp, olar qırq jıl dawamında arxeologiyalıq izertlew jumısların alıp bardı. Ekspediciya S. P. Tolstov basshılıǵında birneshe alımlar: akademik Ya. G. Gulomov, T. A. Jdanko, B. I. Vaynberg, Y. Rapoport, E. E. Nerazik, A. V. Vinogradovlar menen birge B. Yagodin, A. V. Gudkova, L. S. Tolstova, E. Biyjanov, M. Mámbetullaev, G. Xojaniyazov, M. Sh. Qıdırniyazov, M. Tórebekovlar hám taǵı basqalar bolıp esaplanadı. Bul alımlardıń ishinde akademik S. P. Tolstovtı ayrıqsha atap ótkimiz keledi, sebebi ol pútkil ómirin biziń úlkemiz tariyxın úyreniwge baǵıshlaǵan hám dúnyaǵa tanıtqan, ol «Qaraqalpaqstan aymaǵı ashıq aspan astındaǵı estelikler mákanı, Orta Aziya Egipeti» dep joqarı baha bergen.

Úlkemizde elege shekem óziniń izertleniwin kútip atırǵan tariyxıy estelikler bar, olardı izertlew jumısları búgingi kúnde de dawam etpekte.

**Qaraqalpaqstan tariyxınıń dáwirleri**

Qımbatlı oqıwshılar! Siz úlkemiz aymaǵında júdá kóp tariyxıy estelikler bar ekenligin bilesiz. Olar áyyemgi qonıslasıw orınları menen bólek jaylar, qoyımshılıqlar, táw kánleri menen ustaxanalar, káramatlı orınlar, úńgirler,

áyyemgi suwǵarıw tarawları hám qorǵanlar, qashılar, diywallar, qarawılxanalar, minaralar, qorǵanlar, petroglifler (jar taslardaǵı súwretler) bolıp esaplanadı. Keltirilgen bul tariyxıy mıyraslardıń barlıǵı ilimiy jaqtan barlıǵı ele tolıq izertlenip úyrenilgen joq. Óz tariyxımızdı ele de ayqınlastırıw ushın onı izertlew hám arxeologiyalıq izlew jumısların alıp barıw kerek. Bul xızmetlerdi iske asırıwda siz keleshek jaslardıń da úlesińiz bar, Ana-Watan tariyxın úyrenip izertlewge óz úlesińizdi qosasız dep isenemiz.

Watan tariyxın izertlegen tariyxshı alımlar tariyx iliminiń búgingi jetiskenliklerine súyene otırıp, onı tómendegi úlken-úlken dáwirlerge bóledi:

1. Watanımız tariyxınıń alǵashqı jámiyet dáwiri.
2. Watanımız aymaǵındaǵı eń áyyemgi mámleketshilik.
3. Watanımız orta ásirler dáwirinde.
4. Patsha Rossiyasınıń basıp alıwı hám koloniyalıq siyasat.
5. Qaraqalpaqstan Sovet hákimiyatı dáwirinde.
6. Qaraqalpaqstannıń Ózbekstan Respublikası quramında suveren rawajlanıw jolı.

Bul iri-iri dáwirler óz gezeginde birneshe mayda dáwirlerge bólinedi. Watan tariyxın dóretiwde qanday derekler tiykar bolǵanlıǵı úlken áhmiyetke iye. Millionlaǵan jıllardı óz ishine alatuǵın adamzat tariyxı tek birneshe ilimlerdiń jetiskenliklerin óz ishine alatuǵın dereklerge súyeniw arqalı ǵana dóretiliwi múmkin. Bular:

1) áyyem-áyyem zamanlardan baslap, tap usı kúnge shekemgi ata-babalarımızdıń dana shejirelerdiń, shayırlardıń, jazıwshılardıń dóretken bay shıǵarmaları;
2) hár qıylı hújjetler saqlamp turǵan jaylardaǵı qoljazba shıǵarmalar, hújjetler;
3) kitapxanalardaǵı jazba kitaplar, ilimiy, kórkem, memuarlıq shıǵarmalar, sabaqlıqlar, qoljazbalar, shejireler, toplamlar;
4) hár qıylı muzeylerdiń kórgizbe zallarında saqlanıp turǵan hújjetler, birinshi gezekte arxeologiyalıq olja-buyımlar;
5) muzey, qalalar, tariyxıy estelikler;
6) kino, fotohújjetler bolıp esaplanadı.

Alımlar usı dógerektegi maǵlıwmatlardı tariyx ushın tiykar etip aladı, tariyx jazıp shıǵaradı. Jazba derekler ushıraspaytuǵın yamasa siyrek ushırasatuǵın dáwirlerdiń tariyxın dóretiwde arxeologiya iliminiń jetiskenliklerine súyenedi. Onnan basqa antropologiya, til, ádebiyat tariyxı qusaǵan ilimlerdiń juwmaqlawshı pikirleri tariyx ushın derek boladı.

Búgingi kúnge shekem Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında saqlanıp kelgen tariyxıy arxeologiyalıq estelikler hám olardan tabılǵan buyımlar, diywallarǵa hám gúlal ıdıslardaǵı reńli kórinisler, hár qıylı ustashılıqlardıń qaldıqları hám t.b. tariyxımızdı sáwlelendiriwshi hám maǵlıwmat beriwshi derekler bolıp tabıladı. Sonıń menen birge, Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı áyyemgi estelikler tómendegi dáwirlerge bólinedi.

| | **Áyyemgi Xorezm dáwiri** | **Qansha dáwirdi óz ishine aladı** |
|---|---|---|
| 1. | Kelteminar mádeniyatı | b.e.sh. IV—II mıń jıllıqlar |
| 2. | Tazabaǵjap mádeniyatı | b.e.sh. II mıń jıllıqlar |
| 3. | Ámirabad mádeniyatı | b.e.sh. I mıń jıllıqtıń birinshi yarımı |
| | **Xorezmniń antik dáwiri** | **Qansha dáwirdi óz ishine aladı** |
| 4. | Qalalardıń payda bolıwı | b.e.sh. VII—IV ásirler |
| 5. | Kangyuy mádeniyatı | b.e.sh. III ásir hám I ásirler |
| 6. | Kushan mádeniyatı | II—III ásirler |
| 7. | Kushan afriǵiyler mádeniyatı | IV—X ásirler |

**Mádeniyat — bul adamlardıń qanday da bir dáwirdegi jetiskenliklериniń dárejesi, mısalı ushın, áyyemgi dáwir adamları, orta ásirler, búgingi dáwir h.t.b.**

***Soraw hám tapsırmalar:***

1. Watan tariyxı degende neni túsinesiz? Dápterińizge óz pikirińizdi jazıń.
2. Qaraqalpaqstan tariyxın úyreniwde áyyemgi derekler qaysılar?
3. Watan tariyxı qanday dereklerge súyenip jazıladı?
4. «Áyyemgi Xorezm» mámleketiniń házirgi aymaqları qaysı jerler?
5. Tómendegi kesteni toltırıń.

| Qaraqalpaqstan tariyxınıń dáwirlerin jazıń | Qaraqalpaqstan tariyxına tiyisli qanday derekler bar | Qaraqalpaqstan tariyxınıń áyyemgi dáwirin izertlegen alımlardı jazıń | Úlkemizdegi qanday tariyxıy esteliklerdi bilesiz |
|---|---|---|---|
| | | | |

## §2. Eń áyyemgi dáwirlerdegi Qaraqalpaqstan aymaǵı

**Qaraqalpaqstanda eń áyyemgi dáwir**

Adamzat tariyxınıń san mıńlaǵan jılların alǵashqı jámiyetlik dáwiri quraydı. Onıń dáslepki basqıshı «alǵashqı toda» dep, al onnan sońǵı basqıshı «ruwshılıq jámááti» dáwiri dep ataladı. Bul áyyemgi dáwirlerdegi adamlar kún kóriw ushın paydalanatuǵın miynet quralları taslardan bolǵan, sonlıqtan da, bul dáwirler «tas dáwiri» (paleolit) dep atalǵan. (Bunı siz «Tariyx» sabaǵınan úyrendińiz).

Óz gezeginde, Orta Aziyada tas dáwiri úlken úsh dáwirge bólinedi.

| | |
|---|---|
| Erte paleolit (Ashel) | 1 mln — 100 mıń jıl burın |
| Orta paleolit (Mustye) | 100 mıń — 40 mıń jıl burın |
| Sońǵı paleolit | 40 mıń — 12 mıń jıl burın |

Barlıq tas dáwirlerinde adamlardıń tiykarǵı miynet quralları taslardan bolǵan. Sonlıqtan da, áyyemgi adamlardıń jasaǵan mákan jaylarınan kóplegen tas quralları tabılǵan. Paleolit dáwirinde jasaǵan adamlardıń mákan jayları Ózbekstannıń Ferǵana hám Axangaran jerlerinde adamlar jasaǵan orınlarınan olardıń súyek qaldıqları tabılǵan. Úlkemiz aymaǵında adamlar áyyemgi dáwirlerden baslap jasap kelgen. Ásirese, Ústirtte qolaylı tábiyiy sharayat bolǵanlıǵı ushın bul jerge adamlar qonıs basqan. Ústirt dalalarında haywanlardıń kópligi, suwdıń mol bolıwı, miynet qurallarıń isleytuǵın shaqmaq taslardıń kóp bolıwı adamlardıń turmıs keshiriwine sharayat jaratqan. Qaraqalpaqstan aymaǵınan arxeolog alımlardıń izertlewleri barısında Ústirt jazıqlıǵınan olja-buyımlar tapqan, bular úlkede erte paleolit dáwirinde áyyemgi adamlardıń jasaǵanlıǵın tastıyıqlaydı. Biraq búgingi kúnge shekem Ústirt jazıqlıǵında jasaǵan adamlardıń súyek qaldıqları tabılǵan joq. Ústirt jazıqlıǵında jasaǵan áyyemgi adamlar jıl máwsimine qarap waqıtsha turǵan.

**Qonıs — adamlardıń jasaǵan ornı.**

**Áyyemgi adamlardıń miynet qualları**

Áyyemgi adamlar tábiyattıń tayar jemislerin terip alıp azıqlıq sıpatında paydalanǵan hám birigip haywanlardı awlaǵan. Erte paleolit dáwirine kelip miynet qurallarınıń túrleri kóbeydi. Ústirttegi waqıtsha qonıslardan tabılǵan arxeologiyahq olja-buyımlardan sonı kóriwge boladı, áyyemgi adamlar júdá ápiwayı tas qurallardan paydalanǵan. Olar kvarcit, slanec, shaqmaq tas, aǵash, haywan súyeklerinen miynet qurallarıń soqqan.

Miynet quralları ápiwayı bolıp, olar kóp qırlı hám geyde dóńgelek túrde baltaǵa uqsaǵan bolǵan, gedir-budır shaq-



*Áyyemgi adam miynet quralın soqpaqta hám olardıń miynet quralları.*

maq dóńgelek taslardı sındırıp qolǵa uslawǵa qolaylı etip islep paydalanǵan. Adamlar tábiyat kúshleri hám jırtqısh haywanlar aldında júdá hálsiz edi. Usınday adamzattıń rawajlamw basqıshında olar birlesip jasawǵa hám miynet etiwge májbúr bolǵan. Adamlar haywanlardı, quslardı awlap, ósimliklerdiń miywelerin terip, tamırların gewlep alıp jep, tirishilik etken. Alǵashqı jámiyet xojalıǵınıń rawajlanıwında miynet qralların islep shıǵarıw áhmiyetli kásip boldı. Óytkeni, olardan xojalıq islerin júrgiziwde paydalanıldı. Taslardı jonıp sındırıw arqalı keskir tas sınıqları alındı. Olardan pıshaq, qırǵısh qusaǵan qurallar islendi. Tas qurallardıń túri hám wazıypası keńeydi. Shaqmaq taslardan hár qıylı qurallar—jarǵılar, jonqılar soǵıldı. Olardıń járdemi menen aǵashlardı kesti, qabıǵın jonıp sıpırıp aldı. Haywanlardıń terisin sıyırdı, aǵashlardı, taslardı testi.

Sońǵı paleolittiń aqırǵı basqıshındaǵı tas qurallardıń arasında nayzanıń shaqmaq tastan islengen ushları, súyekten soǵılǵan kóp tisli shanıshqılar (garpunlar) ushırasadı. Bunday qurallardıń payda bolıwı alǵashqı jámiyet aǵzaları xojalıqlarında balıq awlawshılıqtıń payda bolǵanlıǵın kórsetedi.

**Alǵashqı jámáátlik dúzim**

Ele toda bolıp jasap júrgen dáwirdiń adamları tuwısqanlıq qatnasıqlarınıń parqına barmaǵan. Olar ruwlıq, qáwimlik dárejesine ele jetpegen. Solay etip, adamlar haywanlarǵa uqsap dúrkin-dúrkin, topar-topar bolıp jabayı halda jasaǵan.



***Áyyemgi adamlardıń miynet qurallardı soǵıwı.***

Sol dáwirde adamlar ottan paydalanǵan degen boljawlar bar.

Ústirtten tabılıp izertlengen sońǵı paleolit dáwirine tiyisli estelikler b.e.sh. 35—30 mıńınshı jıllardan, b.e.sh. 12—10 mıńınshı jıllardı óz ishine aladı. Bul dáwirdiń eń áhmiyetli ózgesheligi alǵashqı jámáát dúziminiń payda bolıwı edi. Ol analar átirapında payda boldı, sonlıqtan bul dáwirdegi jámiyet *matriarxat* dep ataldı. Jámiyette analardıń ornı úlken bolıp analar basqarǵan. Sonlıqtan da, sol dáwirge tiyisli bolǵan mákan jaylardan tabılǵan súyek, aǵash, ılaydan, tastan islengen hayal músinler bunı tastıyıqlaydı. Tas qurallardıń járdemi menen olar haywanlardıń shaqlarınan hám súyeklerinen miynet qralların jasaǵan. Súyek penen islesiwdiń barısında birinshi mártebe dóretiwshilik ónerinıń daslepki úlgilerin islep shıǵıwdı bildi. Súyekten túrli bezeniw zatların soǵıwdı, súyekke oyıp túrli súwretler salıwdı bile basladı. Ol dáwirdiń adamları súyekten



*Ań awlaw.*





*Analarǵa arnalǵan músinler.*

jámáattiń baslıǵı ushın bezeniw zatların soqqan. Jámáattiń eń abıraylı aǵzası bolǵan analardı olar áwliye adam etip kórsetiwge umtılǵan. Sonlıqtan olarǵa arnap óńirge taǵatuǵın háykellerdi, kishkene músinlerdi soǵıwdı ádetke aylandıra baslaǵan. Áyyemgi súwretshiler hám músinshiler birinshi gezekte júkli hayallardıń súwretin sızǵan hám olardıń músinlerin soqqan. Iri, bádaybat haywanlardıń súwretlerin sızıp, olardı awlaw waqtındaǵı kórinisti sáwlelendirgen. Solay etip, sońǵı paleolit dáwirinde alǵashqı súwretlew óneri hám ámeliy kórkem óner payda boldı.

Sońǵı tas dáwirinde adamlar ólgennen keyin de olardıń ómiri dawam etedi degen diniy túsinikleri bolǵanlıqtan marhum menen birge tas baqanshaq, haywan tisi, jıltıraq tas monshaqlar, haywan súyekleri hám shaqmaq taslardı salıp kómip jerlegen.

Bul dáwirde xojalıqta ańshılıq, birinshi gezekte iri haywanlardı awlaw kásipke aylanǵan. Ushı ótkir nayzalar oylap tabılǵan. Qural-jaraqlardıń jetilisiwi ańshılıqtan túsetuǵın kúndelikli oljanıń kóbeyiwine alıp keldi. Alǵashqı ańshılıqta iri haywanlardı tik jarlardan májbúriy qulatıw arqalı awlaǵan. Sonday-aq, arnawlı tereń qándekler qazıp, onıń ústin shaqa-ja-

pıraqlar menen bastırıp qoyıp, haywanlardı sol shuqır hám qándeklerge aydap túsiriw arqalı awlaǵan. Haywanlardı shoqmarlar menen urıw, nayza hám shanıshqılar menen shanshıw arqalı awlap, qolǵa túsirgen. Bunday usıldı qollanǵan orınlar doslıq awqamı elleri aymaqlarında kóplep ushırasadı. Balıq awlawshılıq xojalıqta tiykarǵı roldi oynamasa da, alǵashqı xojalıq ushın áhmiyetli boldı.

**Qaraqalpaqstannan tabılǵan áyyemgi estelikler**

Qaraqalpaqstan aymaǵında áyyemgi esteliklerden mustye (orta paleolit) dáwirine tiyisli ustaxanalar Ústirt jazıqlıǵındaǵı Esen 1, 2, esteligi bolıp, ol jerden tastıń eki tárepi qolaylı etip islengen haywan terisin etinen qırıp alatuǵın hám aǵashlardı jonıwda paydalanatuǵın jalpaqlaw tastan islengen miynet quralları tabıldı. Qaraqudıq mákan jayı qonısı ańshılardıń mákan jurtı bolǵan, ol jerde búgingi kúnge shekem saqlanıp qalǵan taw jınıslarınıń, yaǵnıy, hák tas qaldıqlarınıń betine jaylasqan ustaxana qaldıqları bar. Áyyemgi adamlar usı jerde tas qurallardı soǵıp paydalanǵan. Esen-3, Shurıq-12 qonısı Shurıq kebirli massiviniń qubla-batısında jaylasqan. Onnan tabılǵan materiallar Ústirttegi paleolit dáwiriniń sońǵı basqıshın sıpatlap beredi. Bul dáwir adamları qáwim birikpelerine birigip, 45—60 adamlardan ibarat bolǵan. Respublikamızda sońǵı paleolit dáwirine tiyisli tolıq izertlengen estelikler onsha kóp emes. Soǵan qaramastan, Watanımız aymaǵında tas dáwirlerinde adamlar úzliksiz qonıs basıp kelgen.

**Qaraqalpaqstan aymaǵında áyyemgi dáwirlerge tiyisli estelikler**

| | |
|---|---|
| 1. PALEOLIT (áyyemgi tas dáwiri — «palayos» — «áyyemgi», «litos» — tas): b.e.sh. 1 millionnan 12 mıń jıl burın | Barsakelmes Esen 1, 2, 3, Shurıq-12 ustaxanaları, Qaraqudıq, Qızıl Nur, Lavlyakan |
| 2. MEZOLIT (orta tas dáwiri —«mezos» — «orta», «litos» —»tas» -b.e.sh. 12—7 mıń jıllıqlar | Machay Aydabol 16, 25, Aqtaylaq, Shurıq, Qartpayqum, Alan, Bóleksay, Aqtay, Qaraqudıq |

| | |
|---|---|
| 3. NEOLIT (jańa tas dáwiri — «neos» — «jańa», «litos» — «tas» — b.e.sh. 6-4 mıń jıllıqlar. | Kelteminar, S.P.Tolstov mákan, Kíshkilik, Aydabol-1, 3, 5, 7, 13, Jambas-4, Xoja Gúmbez, Bayramqazǵan-2 |
| 4. ENEOLIT (mıs-tas dáwiri) — b.e.sh. 4-3 mıń jıllıqlar. | Saksawılsay, Qayındı, Tájikazǵan |
| 5. BRONZA dáwiri b.e.sh. 3-2 mıń jıllıqlar. | Tazabaǵjap, Kókshe, Jambas, Tegisken |
| 6. TEMIR dáwiri b.e.sh. 1 mıń jıllıqtıń basları | Gúzeliqır, Amirabad, Yakka-Parsan-2 |

### ***Soraw hám tapsırmalar:***

1. Ne ushın paleolit dáwiri dep atalǵan?
2. Respublikamızda hám úlkemizdiń qaysı aymaqlarınan áyyemgi adam izleri tabılǵan?
3. Súwretlerge itibar beriń bul miynet quralların nege uqsattıńız? Olar qanday taslardan islengen?
4. Áyyemgi adamlar bul miynet quralları menen qanday jumıslardı isledi?
5. Áyyemgi adamlar kimlerdiń súwretlerin hám músinlerin soqqan hám sıyınǵan?
6. Kesteni toltırıń.

**Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı áyyemgi dáwirlerge tiyisli esteliklerdi jazıń.**

| | | |
|---|---|---|
| 1. | paleolit | |
| 2. | mezolit | |
| 3. | neolit | |
| 4. | eneolit | |
| 5. | bronza | |
| 6. | temir | |

## §3. Qaraqalpaqstan aymaǵında mezolit hám neolit dáwirleri. Kelteminar mádeniyatı

**Qaraqalpaqstan aymaǵında mezolit dáwiri**

Mezolit dáwiri baslanıwı menen jer júzin qaplap turǵan muzlardıń sheginiwi nátiyjesinde, tábiyat ózgerip, házirgi dáwirge birqansha uqsaǵanlıǵı seziledi. Muzlıqlardıń sheginiwi tábiyiy ortalıqtıń jılıwı nátiyjesinde haywanat hám ósimlikler dúnyasında da ózgerisler bola basladı.

Qaraqalpaqstandaǵı mezolit dáwiriniń mákan-jayları Aral átirapı aymaǵındaǵı Ústirt jazıqlıǵında hám Qızılqum shólistanlıǵınan tabıldı. Ústirttegi mezolit qonısları b.e.sh. 8—6 mıń jıllıqlarǵa tiyisli. Mezolit dáwiriniń úlken jańalıqlarınıń biri bul oqjaylardıń oylap tabılıwı boldı. Oqjaylardı hám basqa da ózlerine qolaylı qurallardı qollana alǵan er adamlar ań awlawǵa shıǵıp, awqat tawıp otırǵan. Al, hayallar menen balalar úyde qalıp, dógerektegi múywe-jemis tamırların jıynap, awqat tabatuǵın bolǵan. Bul jaǵday áyyemgi adamlar jámiyetinde er adamlar menen hayallar arasında birinshi mártebe miynettiń bólistiriliwin payda etti.



*Lavlyakan kóli hám onıń boyınan tabılǵan estelikler.*

Mezolit dáwirinde Orta Aziyanıń qublasında jasaǵan xalıqlar ósimliklerdi qoldan egip, ósiriwdi hám úy haywanların qolǵa úyretip asırawdı kásip ete baslaydı. Bul xojalıqtı ónim óndiriwshiliktiń ósiwine alıp keldi hám xojalıqtı alǵa ilgeriletti. Solay etip, algashqı adamlardıń materiallıq mádeniyatınıń barlıq salalarında oǵada úlken ózgerisler kelip shıqtı. Endi olardıń bos waqıtları boldı, mine usınday waqıtları olar birigip qarım-qatnasta boldı hám kewil kóterdi, sonlıqtan da, artıq azıq-awqat toplandı, olardıń aqılı, oy-órisi jetilisti. Birlesip ańshılıq etiw adamlardıń tuwısqanlıq sezimlerin rawajlandırdı. Bul dáslepki jámáátlerdiń payda bolıwına hám bekkemleniwine tiykar saldı.

Jámlesip ań awlawdıń barǵan sayın rawajlanıwı, qurallardıń jetilisiwi olardıń jaqın qońsılar menen baylanısıwına alıp keldi. Dáslep jaqın qońsılar menen, sońınan alıstaǵı qońsılar menen baylanıslar ornattı. Solay etip, algashqı adamlardıń házirgi zaman qálpine kiriwi baslandı. Bul olardıń qáwimlerge jámlesiwine, qáwim qarındaslıq tiykarında jámáát bolıp birigiwine alıp keldi.

Qaraqalpaqstanda mezolit dáwiriniń estelikleri Ústirt keńisliginde jaylasqan **Aydabol** qudıǵı dógereginde jaylasqan. Sol jerdiń atı menen Aydabol dep atalıp, tabılǵan orınlar tártip sanlar menen aytıladı. Aydabol 2, 3, 4, 6, 9, 11, 14, 25, Aqtaylaq 1, Aydaboldan 6—8 km batısta jaylasqan Jarınqudıq 1—3 mákan orınlar bar. Bul mákan jaylardan sur shaqmaq taslardan nuklesiwler (ushqırlı tas qualları), tas sınıqları, pıshaq, qırǵısh, eki tárepi jaqsılap islengen oqjay oǵınıń ushları, tesiw, kesiw ushın paydalanǵan taslar hám nayza ushları ushırasadı. Aydabol hám Jarınqudıqtan tabılǵan bul estelikler b.e.sh. 8—6 mıńınshı jıllarǵa tiyisli. Sonday-aq, bul dáwirge tiyisli estelikler Qızılqumdaǵı **Lavlyakan kóli** dógereginen hám **Bótentaw** esteliginen tabılıp izertlendi.

Mezolit dáwirinde kórkem óner jáne de rawajlandı. Demek, mezolit dáwirinde adamzat jámiyeti turmısında alǵa ilgerilewshilik boldı hám islep shıǵarıwshı kúshlerdiń rawajlanıwına úlken imkaniyatlar jaratıldı. Qubla Aral boylarında mezolit dáwirinen baslap jeke ańshılıq (quslar, jabayı haywanlar) kásibi qáliplesti.

Qaraqalpaqlarda mergenshilik kásibi ásirlerden asıp kelgen, balıqshılıq, ańshlıq kásipke aylanǵan hám soǵan baylanıslı ápsana qosıqlar payda bolǵan.

**Qaraqalpaqstanda mezolit dáwiriniń estelikleri: Ústirt keńisliginde Aydabol 2, 3, 4, 6, 9, 11, 14, 25, Aqtaylaq 1, Jarınqudıq 1-3 mákan orınlar, Qızılqumdaǵı Lavlyakan kóli hám Bótentaw esteligi.**

Jańa tas dáwiri — neolit uzaq dawam etken tas ásiri. Bul dáwirde adamzattıń jańa jerlerdi, kólemli aymaqlardı ayrıqsha keń ózlestiriw dáwiri boldı. Qaraqalpaqstandaǵı jańa tas dáwiriniń adamlari tek dárya alapların ǵana emes, al Qızılqumnıń hám Ústirttiń ishki rayonların da ózlestire basladı. Sol dáwirdegi anaǵurlım qolaylı tábiyiy jaǵdaylar ıqlımnıń aytarlıqtay bolıwı, bul jerlerdi tez ózlestiriwge imkaniyat berdi. Sol zamanda tasqın suwlı bolǵan Ámiwdáryanıń kúshli aǵısı Sarıqamıs shuqırınıń ústi nıenen Úzboy arqalı Qaraqumdı kesip ótip, Kaspiyge qarap aqqan. Sonıń menen birge, dáryanın Aqshadárya deltası dep



***Qaraqalpaqstan jerindegi jańa tas dáwirine tiyisli tas quralları hám bezeniw zatları.***

atalǵan bir tarmaǵı arqaǵa qarap aqqan. Aqshadáryanıń qubla tarmaqları aqqan jerlerde úlken suw aydınları, kólemli qalıń toǵaylar, qamıslıqlar boldı. Ústirttegi suwdıń azlı-kópli turaqlı derekleri bolǵan.

**Qaraqalpaqstan aymaǵında neolit dáwiri sońǵı basqıshı hám eneolit. Kelteminar mádeniyati**

Qaraqalpaqstandaǵı jańa tas dáwiri — neolit estelikleri Ámiwdáryanıń áyyemgi Aqshadárya deltasında bar. Ol házirgi Tórtkúl rayonı aymaǵınan baslap, Taxtakópir rayonı aymaǵına shekemgi aralıqtı óz ishine aladı. Sonday-aq, neolit estelikleri Ústirt jazıqlıǵında saqlanǵan.

Aqshadárya deltasınıń qubla tarmaqlarında, ishki Qızılqumnıń shıǵısı menen sıbaylas jerlerde Kelteminar mádeniyatı (b.e.sh. 4—3 mıń jıllıqlar) taralǵan.

Bul dáwirdegi Aqshadárya deltasınıń qubla tarmaqları Aralǵa barıp quymaǵan. Olar Aralǵa shekemgi jerlerdegi oǵada keń suw aydınlarınan, kólemli batpaqlıqlardan, suwı bir márte aǵatuǵın kóp sanlı tarmaqlardan ibarat bolǵan. Bul jerlerdi ushı qıyırı joq qamıslıqlar hám toǵaylıqlar qaplap turǵan. Delta suwlarında balıqlar hám quslar kóp bolǵan. Toǵaylarda hám qamıslıqlarda kóp sanlı hár qıylı jabayı haywanatlar jayılıp jasaǵan.

Jańa tas dáwirindegi adamlar deltanıń sırtındaǵı yamasa ishkerisindegi atawlarǵa qonıslasqan hám kóllerdiń boyındaǵı qumlıqlarda ılashıqlar qurıp jasaǵan. Olardıń turaq jayları aǵash baǵanalarǵa bekkemlengen bolıp, házirgi shópker jaylarǵa uqsaǵan hám iyt arqa etip bastırılǵan. Bul jaylardıń maydanı 80 kvadrat metrden, 120—150 kvadrat metrge shekem bolǵan. Jaylardıń ústine qadalardı jayıp, onı qamıs, aǵashlardıń japıraǵı hám qabıqları menen bastırǵan. Jaydıń ishinde bárqulla ot janıp turatuǵın oraylıq oshaq hám bir qatar mayda oshaqlar bolǵan. Oraylıq oshaqta otqa tabınıwshılıq dástúrleri orınlanǵan. Al, mayda oshaqlarda tamaq pisirilgen. Jaydıń sırtında úy ruwzıgershiligi ushın xızmet etken uralar jaylasqan. Onnan basqa yarım jer tóle túrindegi turaq jaylar da bolǵan. Usınday birneshe jaylar bir awıl bolǵan. Hárbir awıl bir ruw bolıp, onıń




**Algashqı qonıs basıwlar**

▲ - Jańa tas dáwiri (neolit)

● - Qola

■ - Ertedegi temir dáwiri

*Aqshadáryanıń áyyemgi sagasındagı estelikler.*

xalqı 150 adamnan 200 adamǵa shekem jetken. Bul adamlardıń ishinen 35—65 adam xojalıq jumısları menen shuǵıllanǵan.

Alımlar sol dáwirge tiyisli Kelteminar mádeniyat dep atalǵan qonıstı izertleydi. Onda jámáát aǵzaları xojalıǵınıń tiykarǵı tarawları balıqshılıq, ańshılıq hám terimshilik bolǵan. Olar jemislerdi terip alıp, tamaq tawıp kún keshirgen. Olardıń mákan jaylarınan jabayı jiydeniń qaldıqları kóplep tabılǵanlıǵı ushın bul miyweni súyip paydalanǵan degen juwmaqqa kelemiz. Olardıń tiykarǵı miynet quralları, tastıń qıyaqlarınan islengen oqjaydıń oǵınıń ushlıqları, súyekten islengen shanıshqılardan paydalanǵan, torlar toqıǵan, qarmaqlardan keń paydalanǵan. Ańshılıqta jabayı shoshqa, buxara kiyigi (antilopa), jayran qusaǵan ańlardı awlasa, shól jerlerde qulan, sayǵaqlardı awlaǵan. Oqjay tiykarǵı ańshılıq quralı bolǵan. sonlıqtan da, bul mákan-jurttan tabılǵan tas qurallardıń ishinde oqjay oǵınıń ushları kóplep ushırasadı. Adamlar mayda jánliklerdi, tasbaqalardı uslap jegen hám quslardıń máyeklerin terip alıp tamaqqa paydalanǵan. Awqatlıq zatlarǵa qodireń ósimliklerdiń dánlerin jıynap alǵan. Olardı ele ebeteysiz bolsa da, digirmanlarǵa tartıp untaqlap un etken.

Kelteminarlılar gúlal ıdıslardı islewdi hám olardı otqa kúydirip pisiriw ádisin bilgen. Gúlal ıdıslardıń sırtına naǵıslar salǵan, bular hár qıylı geometriyalıq sızılmalar túrinde ushırasadı. Ilimpazlar bul naǵıslardıń qaraqalpaqlardıń házirgi turmısındaǵı naǵıslarǵa uqsaslıǵın dálillemekte. Olarda toqımashılıqtıń bolǵanlıǵın dálillewshi kiyim-kenshekler koplep ushırasadı.

Kelteminarlılardıń mákan-jurtınan tabılǵan haywan súyekleri arasında úy haywanlarına tiyisli bolǵan súyekler ushıraspaydı. Demek, úy haywanların asıraw ele kúshli rawajlanbaǵan. Olar suw boylarında jasaǵanlıǵı ushın balıqshılıq jaqsı rawajlanǵan, awlar toqıǵan. súyek shanıshqılardan hám qarmaqlardan paydalanǵan.

Kelteminar ruwı jámáátiniń sociallıq rawajlanıwında analıq ruwdıń gúllengen dáwiri bolǵan. Bul dáwirde analıq ruw



***Kelteminar mádeniyatı dáwirindegi turaq jaydıń kórinisi.***

ishinde jup neke shańaraǵı da bolǵan. Kelteminarlılar hár túrli kórinistegi turaq jaylarda jasaǵan. Solardan Jambas — 4 esteligi qazıp izertlengende, maydanı 308 kv.metrlik turaq jaydıń qaldıǵı tabılǵan. S. P. Tolstovtıń pikirinshe, bul kóp múyeshli kórinistegi turaq jay, aǵash baǵanalarǵa bekitilip, iyt arqa etip, onıń ústi qadalar menen jabılǵan, sońınan qamıs hám jekenler menen bastırılǵan. Turaq jaydıń ishinde bárqulla ot janıp turatuǵın oshaqlar ornalasqan. Ortadaǵı bas oshaqtıń átirapında 100 ge jaqın mayda oshaqlar bar. Olar jup neke shańaraǵına tiyisli oshaqlar ekenligi anıqlandı. Jambas — 4 mákanınan, neolit dáwirine tiyisli nukleusler (ushqırlı tas quralları), nayza ushı, qırǵısh hám basqa da tas qurallar tabılǵan. Turaq jaydıń mádeniy qatlamınan balıq, jabayı shoshqa, qırǵawıl, qus súyekleri, úyrek, ǵaz máyeklerinıń sınıqları hám jiyde dánleri tabılǵan. Jambas — 4 mákan jayınan ılaydan islengen buyımlardıń bólekleri tabılıp hám olardıń sırtı iyrek naǵıslar menen bezelgen. Jáne bul jerden jámáát aǵzalarına



*Jambas — 4 qonısınan tabılǵan gúze sınıqları.*

tiyisli qábirstanlıq tabılǵan bolıp, házirge shekem saqlanǵan. Marhumlardı shalqasına jatqarıp, basların arqa-shıǵısqa qaratıp jerlegen. Hár qıylı saltanat hám máresimlerde marhumlardıń kiyimlerin de ózlerine qosıp kómgen. Qábirlerden kóplegen hár qıylı bezeniw zatları tabılǵan. Bul olardıń dástúrin hám mádeniyatınıń rawajlanıw dárejesin kórsetedi.

Jańa tas dáwirindegi adamlardıń ekinshi toparı Ústirtte jasaǵan. Olar Ústirttiń suwı bar jerlerinde mákan basqan. Xojalıǵınıń tiykarǵı túri ańshılıq bolǵan. Sonlıqtan da, Ústirttegi jámáátler ózleriniń jer sharayatlarına sáykes kóbirek kóshpeli turmıs keshirgen.

***Soraw hám tapsırmalar:***

1. Mezolit dáwirinde adamlar nelerdi oylap taptı?
2. Aqshadárya deltasın kartadan itibar berip úyreniń. Búgingi kúnde qaysı rayonlar jaylasqan?
3. Bul dáwir adamları qanday kásipler menen shuǵıllandı?
4. Súwretlerge qarap miynet quralların táriyiplep beriń.
5. Ústirt tegisliginde arxeologlar qanday estelikler tapqan?
6. Kelteminar ruw jámááti qanday dúzimde bolǵan?
7. Ne ushın er adamlar menen hayallar arasındaǵı miynettiń bóliniwi kelıp shıqtı hám qalay bólistirildi?
8. Tómendegi jazıwsız kartadan áyyemgi adamlardıń jasaǵan qonıs jayların anıqlań hám olardı dáwirlerge bóliń.



Jańadárya
BELTAW
Aqshadárya
TAW-WAYIS TAW
Ámiwdárya
0
15
50
45KM

## §4. Qubla Aral boyı eneolit hám bronza (jez) dáwirinde

**Qaraqalpaqstanda eneolit dáwiri**

Eneolit, yaǵnıy, mıs-tas dáwirine kelıp adamlar metallar menen tanısıp basladı. Adamlardıń miynet quralları metallarǵa aylanǵansha aradan paleolit, mezolit hám neolit dáwirleri, 2,5-3 million jıllar ótedi. Bronza dáwirine ótiw menen adamlar bronza (jez) qurallarin paydalanǵan menen olardan ele awır miynet qurallarin islew qolaysız bolǵanlıqtan, adamlar tas qurallardı paydalanıwdı dawam etti. Bronza hám tastan islengen qurallardı xojalıqta paydalanıw jaqsı ónim bergen, nátiyjede óndiriwshi kúshler jáne de ósti.

Bronza dáwirinde jámáát aǵzalarınıń turmısında ańshılıqtıń hám terimshiliktiń dáslepki tutqan ornı ádewir páseyedi. Xalıqtıń xojalıq turmısındaǵı tiykarǵı orındı sharwashılıq hám diyqanshılıq iyeley basladı.



*Áyyemgi adamlardıń mákan jayları.*

Orta Aziyanıń aymaǵında sharwashılıqtıń dáslepki belgileri, hátteki, mezolittiń sońǵı basqıshında yamasa neolittiń erte dáwirinde-aq málim bolǵan. Bul adamlardıń jabayı haywanlardı endi qolǵa úyretip baslaǵan dáslepki dáwirleri boldı. Sharwashılıqtı birinshi bolıp hayallar baslaǵan. Matriarxatta, yaǵnıy, analar basqarǵan ruwlıq jamáátte áyyemgi adamlar tábiyat kúshleri aldında hálsiz edi. Olardıń kúndelikli turmısı ańshılıq hám terimshilikten túsken tabısqa baylanıslı boldı. Usınday sharayatta hayallar er adamlardıń ańshılıqtan tapqan oljasın únemlep otırdı. Er adamlar ańshılıqtan bárhama oljalı bolıp kelmegen. Ańshılar haywanlardı barhq máwsimlerde awlaǵan, geyde haywanlardıń balalap atırǵan waqıtlarında ańǵa shıqqan hám anlardıń balaların uslap, úylerine alıp kelgen. Solay etip, jabayı haywanlardıń jas balaları qolǵa úyretilip baslaǵan. Orta Aziyada dáslepki qolǵa úyretilgen asırandı haywanlar eshki, qoy hám qara mallar bolǵan. Haywanlardı úyde saqlaw hám qolǵa úyrete baslaw sharwashılıq xojalıǵınıń dúziliwine dáslepki qádem boldı. Ańshılıqtıń sáti túspegen payıtlarda er adamlar da úy hawyanların saqlawǵa járdem berdi. Bara-bara úy haywanları kún-kóriske kóbirek tabıs bere basladı. Ruw jámááti aǵzaların úy haywanları gósh, sút ónimleri menen támiyinleytuǵın bolǵan. Úy haywanlarınan túsetuǵın paydanı kórgen ata-babalarımız endi xojalıqtıń bul tarawın rawajlandırıwǵa ótti. Bul sharwashılıqtı keltirip shıǵardı. Solay etip, analıq ruwı basqarǵan matriarxat dáwirinde sharwashılıq kelip shıqtı.

**Matriarxat dáwirinde sharwashılıq kelip shıqtı.**

**Dıyqanshılıqtıń kelip shıǵıwı**

Diyqanshılıqtıń payda bolıwında da hayallar tiykarǵı sebepshi bolǵan. Hayallar qolǵa úyretilgen haywanlardı baǵıw ushın ot-shóp jıynaydı. Olar toǵaydaǵı aǵashlardıń miywelerin terip alıw, qodireń ósimliklerdiń dánin tazalaw jumısların islegen. Usı waqıtta olar jámáát ılashıqlarınıń qasına shashılıp túsken dánlerdiń qaytadan kógerip shıǵıp dán bergenin kórgen,



*Dáslepki diyqanlar ónim jıynap atır.*

kógerip shıqqan dánli ósimliklerdi endi olar piskenge shekem qorǵap tárbiyalaǵan hám onı jıynap alıwdı úyrengen.

Diyqanshılıqtan túsken dán jıynaw, terimshilikke qaraǵanda júz mártebe, hátteki, mıń mártebe ónimli bolǵan. Bunıń paydasın kórgen ata-babalarımız diyqanshılıq penen shuǵıllanıp baslaydı hám solay etip diyqanshılıq xojalıǵı payda boldı. Diyqanshılıq hám sharwashılıq xojalıqları derlik bir waqıtta ruwshılıq jámáát aǵzaları tárepinen oylap tabılǵan. Bazıbir jerlerde bul xojalıqlar mezolit dáwirinde-aq payda bolǵan. Al, Qubla Aral boylarında bunday xojalıqlar neolit dáwirinde baslanǵan. Eneolit dáwirinde diyqanshılıq penen sharwashılıq óz rawajlanıwınıń dáslepki basqıshın ótti. Endi bul kásip penen shuǵıllanıwǵa hayallardıń kúshi jetpedi hám xojalıqtaǵı awır jumıslar menen tiykarınan er adamlar shuǵıllanıp baslaǵan. Orta Aziyada diyqanshılıq hár qıylı boldı, suwı az, shól jerlerdegi jámáátler dárya eteklerindegi suwǵarıwdı onsha talap etpeytuǵın qayır jerlerge diyqanshılıq etken.

Tábiyiy geografiyalıq jaǵdaylarǵa baylanıslı bronza dáwiriniń aǵzaları Zarafshan, Ámiwdárya hám Sırdárya dáryalarınıń eteklerinde deltalıq tarmaqlarında diyqanshılıq etken. Olar otırıqshı xojalıqlar edi. Sharwashılıq penen shuǵıllanıwshı



qáwimler de otırıqshı turmısqa ótiwi menen suwǵarıp egiletuǵın diyqanshılıq penen shuǵıllana baslaydı.

Orta Aziyadaǵı eneolit hám bronza dáwirinde birinshi gezekte suwǵarıp egiletuǵın diyqanshılıqtıń tiykarında awıllar payda boldı. Sońın ala awıllardaǵı xalıqtıń sanı da kóbeyip tıǵızlana basladı. Olardıń jerlerdi ózlestiriwi kúsheydi. Jańa jerlerdiń ózlestiriliwi menen bir qatarda mádeniyat júzege keldi. Alǵashqı ónermentshilik xojalıǵınıń túrli tarawları ashıldı. Bronza dáwirinde metal ónermentshiligi, zergerlik rawajlandı. Gúlalshılıq barǵan sayın jetilisip bardı, ıdıslardı shır aylandırıp, dóńgeletip soǵıp basladı. Bul dáwirde sharwashılıq hám diyqanshılıq xojalıqlarınıń rawajlanıwı menen awısıq ónimler toplandı. Usı awısıq zatların qońsı qáwimlerge aparıp zat almasıw




*Aqshadárya boyındaǵı qalalar.*

islerin de isleytuǵın boldı. Bul sawda qatnasıqlarınıń dáslepki túri edi. Zat almasıw qatnasıqlarınıń payda bolıwı óz gezeginde, qáwimler aralıq ekonomikalıq, mádeniy hám etnikalıq baylanıslardıń payda bolıwına tiykar saldı.

**Qubla Aral boyı bronza dáwiri estelikleri hám Suwjarǵan mádeniyatı**

B.e.sh. 2 mıń jıllıqtıń ortalarında Qaraqalpaqstan jerinde bronza dáwirine tiyisli Suwjarǵan mádeniyatın payda etken qáwimler jasaǵan. Olar diyqanshılıq penen shuǵıllanǵan hám qońsı qáwimler menen ekonomikalıq mádeniy baylanısta bolǵan. Ámiwdáryanı órlep kelip, Aqshadárya delta boyındaǵı Kelteminardıń urpaqları menen aralasıp Suwjarǵan mádeniyatın payda etken. Suwjarǵanshılar jerlerdi suwǵarıp, diyqanshılıq etiw menen bir-

ge sharwashılıq hám balıqshılıq penen de shuǵıllanǵan. Olar gúlalshılıqtı ta bilgen. Suwjarǵan mádeniyatına tiyisli esteliklerge: Qamıslı — 1, 2, Jambas — 6, Bazar — 1, 2 hám Qawınlı — 1 jatadı.

***Soraw hám tapsırmalar:***

1. Qaraqalpaqstandaǵı eneolit hám bronza dáwirindegi adamlardıń mákan-jurtların kartadan kórsetiń.
2. Bronza dáwirinde ne ushın ańshılıq hám terimshiliktiń tutqan ornı páseydi?
3. Haywanlar qaysı dáwirde qolǵa úyretildi?
4. Eneolit hám bronza dáwirinde ónermentshiliktiń qanday túrleri payda boldı hám jetilisip bardı?
5. Sharwashılıq qashan hám qalay payda boldı?
6. Diyqanshılıq qalay payda boldı?
7. Suwjarǵan mádeniyatı haqqında aytıp beriń.

## §5. Aqshadárya saǵasındaǵı áyyemgi estelikler

**Tazabaǵjap mádeniyatı**

Qaraqalpaqstan jerlerinde b.e.sh. 2 mıń jıllıqtıń ortalarında házirgi Tórtkúl rayonı aymaǵında Ámiwdáryadan Aqshadárya saǵa alıp turǵan. Aqshadárya boylarında bronza dáwirindegi diyqanshılıq xojalıqları ómir súrgen, onıń izleri elege shekem saqlanǵan. Bul esteliklerdi tariyxshı alım S. P. Tolstov sol jerdiń házirgi atı menen Tazabaǵjap mádeniyatı dep ataydı. Sonday-aq, dárya eteklerindegi oypatlaw qayır jerlerge hám izǵarı basım jerlerge diyqanshılıq ekken. Adamlar kanal hám úlken japlardı qazıwdı bilmegenlikten, dárya hám saylardıń boylarında, suwalmalarǵa hám salmalar qazıp suw aparǵan jerlerge biyday, arpa, tarı, gúnji, asqabaq, qawın ekken.

Diyqanshılıqtıń kem-kemnen rawajlanıwı egis maydanlarınıń kóbeyiwine alıp keldi. Átiraptaǵı tıń jerlerge suw aparıldı, adamlar endi jerdi suwǵarıp egin egiw usılın taptı, bul diyqanshılıqtıń ádewir alǵa ilgerilewine alıp keldi.





*Tazabagjap qonısları tabılmaları: Qabat-1, Kókshe-2.*



*Kókshe-3 qoyımshılığınan tabılgan adam.*

Qaraqalpaqstannıń qublasında bronza dáwirinen qalǵan estelik Kókshe-2 qoyımshılıǵı bolıp, onıń átirapı áyyemgi suwǵarıw diyqanshılıq tarmaqları bolǵan. Jambas dóńisligindegi áyyemgi mákan-jurtlardan da ıqshamlastırılıp suwǵarılǵan jerlerdiń qaldıqları tabıldı. Bul kishkene atızlar dárya salasınıń jaǵasına jaqın jaylasqanlıqtan suw tasqan waqıtta suw basıwı arqalı tábiyiy túrde suwǵarılǵan. Keyin ala adamlar dárya salasınan saǵa alıp, japlar qazılǵan, japlardan óz gezeginde salmalar saǵa alıp atızlarǵa suw aparatuǵın bolǵan. Bul suw tarmaqlarınıń ulıwma uzınlıǵı 150—200 metrge shekem jetken. Tazabaǵjaplılardıń suwǵarıp egin egetuǵın jerleri olardıń úyleriniń qaptalında bolǵan. Olardıń hárbir xojalıǵı yamasa xojalıqlar topari úy qaptalı jerinde egin egip ósirgen.

Áyyemgi Tazabaǵjap jámááti qáwimleri yarım jer tóle túrinde qurılǵan ılashıqlarda ómir súrgen. Bul turaq jaylardıń ortasha maydam 12—18 kv.m. bolǵan, oraylıq oshaq átirapı shańaraq aǵzalarınıń jatatuǵın ornı esaplanǵan. Tazabaǵjap ılashıqları bir juplı shańaraq ushın arnalǵan. Olardıń arasında maydam 100—120 kv.m. teń ılashıqlar da ushırasadı. Alımlar bunday jaylar pútkil bir ruw xalqı ushın arnalǵan bolıwı múmkin dep boljaydı.

Bul dáwirdegi úy haywanları diyqanshılıqta kúsh-kólik retinde paydalanıldı. Dánli eginlerdiń zúráátin bronzadan islengen oraqlar menen orıp alǵan. Dándi sol dáwirge tán bolǵan qol digirmanlarında untap, ezip un etken. Qol digirmanları sınıqlarınıń qaldıqları Qaraqalpaqstandaǵı bronza dáwiriniń qonıslarınan tabılmaqta. Bronza dáwiriniń sońında jerdi suwǵarıp egin egiw taǵı da rawajlandı. Bul dáwirge tiyisli esteliklerden: Jambas—21—30—33, Qabat—3, Anka—5, Kókshe—16-19 hám basqalar kiredi.

**Ámirabad mádeniyatı**

Ámiwdáryanıń quyarlıǵındaǵı Tórtkúl rayonı aymaǵındaǵı Ámirabad kanalı suwlandırıp turǵan jerlerden bronza dáwiriniń sońǵı basqıshınıń estelikleri tabıldı. Bul materiallıq mádeniyat qaldıqların alımlar usı jerdiń házirgi atı menen **Ámirabad mádeniyatı** dep ataǵan. Ámirabad kanalınıń esteliklerinde áyyemgi dárya salasınıń boylarında onlaǵan awıllar bolǵan. Ámirabad mádeniyatına tiyisli esteliklerdiń ishindegi eń úlkeni **Yakka-Parsan-2** dep ataladı. Bul mákanda b.e.sh. X—VIII ásirlerde xalıq jasaǵan. Olardıń metaldan buyım isleytuǵın ustaxanaları bolıp, ol jerde metaldan tas qáliplerde quyıp: nayza ushı, pıshaq, oraq, bilezik, sırǵa hám júzik, bronza ayna, iyne, biz uqsaǵan zatlardı islegen. Ámirabadshılar atızlarǵa suw aparıp egin ekken. Kanallar qazǵan, onıń uzınlıǵı bir kilometrge jaqın bolǵan. Bul mákan-jurtlardan 20 dan aslam jer tólege uqsaǵan úylerdiń qaldıqları tabıldı. Úylerdiń maydanı 100 hám 120 kv.m. bolǵan. Mákan-jurtlardan kóplegen gúlal ıdıslardıń sınıqları, metall buyımlar hám hár qıylı bezeniw zatları tabılǵan. Gúlal ıdıslarǵa sızılma naǵıslar oyılǵan hám onıń ústi qızıl reńler berilip bezelgen.

Qaraqalpaqstannıń Qubla Aral átirapı deltası aymaqlarındaǵı qáwimler diyqanshılıq penen bir qatarda sharwashılıq penen de shuǵıllanıp, onda tiykarǵı orındı qara mal iyelegen.

Ónermentshilik óz aldına kásip bolıp bólinip shıǵa qoyǵan joq, ol úy-ishi ónermentshiligi qálpinde qaldı. Gúlalshılıq, toqımashılıqta jip iyiriw úyde islenetuǵın áyyemgi kásip-kárlerdiń biri boldı.



***Bronzadan islengen tağınshaqlar hám qurallar, oqjay quyatuğın qálipler Yakka-Parsan qonısı.***

**Qaraqalpaqstanda bronza dáwirinde jámiyetlik dúzim**

B.e.sh. II mıńınshı jıllıqtıń aqırı, I mıńınshı jıllıqtıń basında Qaraqalpaqstan aymağında úlken ózgerisler boldı. Bronza dáwirinde analıq ruwdan (matriarxat) atalıq ruwğa (patriarxat) ótiw baslandı. Atalıq ruwdıń baslanıwı menen áyyemgi qáwimlik jámiyetlik dúzim ıdıray baslaydı. Diyqanlar, sharwalar hám ónermentler arasınan ayırım baylıq toplağan shańaraqlar bólinip shığadı hám bronza dáwiriniń aqırında múlklik qatlamlanıw kelip shığadı. Bul dáwirge tiyisli jigirmalağan jaylardı alımlar izertlegende, olar bir-birine

jaqın jaylasqan tuwısqan qáwim aǵzaları bolǵanlıǵın, dán saqlaytuǵın uraları, jıynalıs ótkeretuǵın hám sıyınatuǵın jayları bir bolǵanlıǵın dálilleydi.

Aqshadáryanıń qubla deltasındaǵı bronza dáwirinde sırttan kóp buyımlar alıp kelingen. Bul sol waqıttaǵı áyyemgı jámiyetke tán bolǵan almasıw (sawda) ádewir rawajlanǵan. Suwǵarıp egiletuǵın diyqanshılıqtıń rawajlanıwı, qubladaǵı rawajlanǵan otırıqshı diyqanshılıq penen tıǵız baylanısta keńeyip bardı.

Shıǵıs Aral átirapında hám Sırdáriyanıń quyarlıǵında b.e.sh. 2 mıń jıllıqtıń ekinshi yarımında, 1 mıń jıllıqtıń basında sociallıq hám ekonomikalıq rawajlanıw basqasha baǵdarda rawajlandı. Shıǵıs Aral átirapı xalıqları da bronza dáwirinde suwǵarma jerlerge diyqanshılıq etken. Bul jerdegi xalıqlardıń xojalıǵı tiykarınan yarım kóshpeli bolǵan. Olar mal sharwashılıǵı hám diyqanshılıq túrindegi aralas xojalıqtı júrgizgen.



***Tegisken esteliginen tabılǵan haywan túrindegi taǵınshaq buyımlar.***

Qaraqalpaqstannıń Batıs Aral átirapında Ústirt jazıqlığında bronza dáwiri xalıqlarına tiyisli ayırım qonıslar hámı qorǵan-mazarlar bar. Ol jerdiń xalıqları kóshpeli turmıs keshirgen. Qaraqalpaqstan aymaǵında bronza dáwirinde jasaǵan Suwjarǵan, Tazabaǵjap, Ámirabad mádeniyatı menen irgeles kóshpeli hám yarım kóshpeli sharwa sak qáwimleriniń tariyxı óz ara baylanıslı bolǵan.

**Ámirabad mádeniyatına tiyisli estelikler: Yakka-Parsan-2, Tegisken, Bazar-1, Qawındı-1, Kókshe-1, Ústirtte Qaraqudıq h.t.b.**

Sol dáwir esteliklериniń biri Sırdáriyanıń quyarlığındaǵı Inkar dáryanıń oń jaǵalıǵında Tegisken qorǵan-mazarlar bolıp esaplanadı. Bul jerlerde turaqlı mákan-jurtlar bolmaǵan. Tek mal baǵıwshılar bolıp, olardıń qonısları házirge shekem saqlanǵan. Mısalı, Tegisken qábirstanlarınan tabılǵan materiallar bul jerlerdiń qubla penen mádeniy baylanıslarınıń bolǵanlıǵın kórsetedi. B.e.sh. II mıńınshı jılları metaldıń jetispewshiliginen jergilikli xalıq metall ónermentshiligi menen az shuǵıllanadı. Ekonomikanıń tiykarın: diyqanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq quraydı. Diyqanshılıqta tiykarınan biyday, arpa, tarı egilgen bolsa, sharwashılıqta iri mallar, qoy-eshkiler, jılqılar baǵılǵan. Ónermentshilikte qolda ılaydan otqa pisirip gúlal ıdıslar islengen hám olar xojalıqta paydalanǵan. Idıslardıń sırtına hár túrli naǵıslar salǵan. Oraylıq Qızılqumnan mıs, bronzanı óndirip alǵan hám onnan bezeniw zatların islegen. Bronza dáwirinde Tazabaǵjap, ámirabadlılar úy-xojalıqqa kerekli júndi iyirip, onnan ayaq kiyim hám bas kiyim islegen. Kenep, jabayı zıǵırlardan da paydalanǵan. Olar terilerden de paydalanıp bilgen, olardan ókshesiz etik, galosh hám bas kiyimler tikken. Jún ónimlerinen urshıqlar iyirip, jipler tayarlaǵan, onnan bas hám ústi kiyimler tayarlaǵan, súyekten islengen túymeler ildirgen. Hayallar moynına jıltıraq reńli monshaqlar taǵıp júrgen. Sebebi,



*Tegisken esteliginen tabılǵan qum ıdıslar.*

bul dáwirge kelip qánigeli zerger ónerment ustalar bolıp, olar bronzadan monshaq, júzik hám sırǵalar isleydi. Ónerment ustalar dáslep óz qáwim aǵzalarınıń talabın qanaatlandırıw ushın islegen, jámiyet aǵzaları bolsa olardı óz gezeginde azıq-awqat ónimleri menen támiyinlep otırǵan. Qabat-3 mákan jayınan bronzadan islengen qurallar isleytuǵın ustaxana ornı tabıldı. Bul jerden qural isleytuǵın qálipler, metall hám qurallardıń sınıqları tabıldı.

**Diniy isenim hám kórkem ónerdiń payda bolıwı**

Adamzat óziniń qáliplesip rawajlanıw basqıshlarında tábiyatta jiyi-jiyi bolıp turatuǵın hár qıylı hádiyselerge dus keldi hám onıń sırların bilmedi. Jawınlar, boranlar, shaqmaq shaǵıwlar, jer silkiniwler, toǵaylardıń tosınnan órteniwi, máwsimlerdiń almasıwı hám soǵan uqsaǵan hádiyseler sırı adamlar ushın qupıya bolıp qala berdi. Tábiyat sırların túsine almaǵan áyyemgi adamlar tábiyat kúshlerinen qorqtı, adamzat tábiyat kúshleri aldında hálsiz edi, sonıń ushın oǵan bas iydi hám hár túrli isenimlerge berildi. Tábiyat kúshlerine arnap hár túrli qurbanlıqlar beretuǵın boldı. Bul dinge iseniwshiliktiń dáslepki kórinisi bolıp, olar bunnan keyingi dáwirlerde jáne de rawajlanıwın dawam etti. Kókshe-3 mákanı átirapında bronza dáwirindegi qábirstandı qazıp izertlegende, qábirge qoyılǵan marhumlar menen birge awqatlar salınǵan ıdıslar, qurallar hám bezeniw zatları menen birge jerlengen. Bul sol dáwir adamlarınıń o dúnya haqqındaǵı túsinikleri bar bolıp, adam ólgennen keyin o dúnyada jasawın dawam etedi dep túsingen. Er adamlar hám hayallar zıyanlı ruwxlardan, jin-shaytannan



***Bronza dáwirindegi soǵılǵan tazabaǵjapshılardıń gúzeleri.***

saqlanıw ushın, ırım etip jabayı haywanlardıń tislerin hám taslardı kiyimleriniń ústilerine tumar etip tağıp júrgen.

Áyyemgi adamlar óz qolları menen tastan: bezeniw zatların, oqjaylar hám oqjay ushların, ağashtan, súyekten qurallar, kishkene oyınshıqlar, músinler, sán-saltanat zatların dóretken. Jana tas dáwirinde, jez dáwirlerinde adamlar ózlerine turaq jaylar qurğan.

Úlkemiz aymağındağı Kelteminar, Suwjarğan, Tazabağjap mádeniyatlarınan, Qubla Aral, Shığıs Aral átirapınan, Batıs Aral hám Ústirt jazıqlığınan tabılğan estelikler oğada bahalı. Bul esteliklerden tabılğan olja-buyımlar biziń úlkemizde alğashqı jámáát dúzimi dáwirinde ózine tán kórkem ónerdiń rawajlanğanlığın kórsetedi. Usı materiallıq mádeniyat esteliklerinde ushırasatuğın zatlardağı xalıqlıq úlgiler házirgi kúngi qaraqalpaqlardıń sheberlik zatlarında qollanğan úlgiler menen uqsaslıqlarınıń bar ekenligin atap ótsek orınlı.

***Soraw hám tapsırmalar:***

1. Qaraqalpaqstandağı eneolit hám bronza dáwirindegi adamlardıń mákan-jurtların kartadan kórsetiń.
2. Bronza dáwirinde ne ushın ańshılıq hám terimshiliktiń tutqan ornı páseydi?
3. Haywanlar qaysı dáwirde qalay qolğa úyretildi?
4. Diyqanshılıq qalay payda boldı?
5. Eneolit hám bronza dáwirinde ónermentshiliktiń qanday túrleri payda boldı hám jetilisip bardı?

Qaraqalpaqstan aymağındağı áyyemgi dáwirge tiyisli esteliklerdi jazıń:

| **Paleolit** | **Mezolit** | **Neolit** | **Eneolit** | **Bronza** |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

# II BAP. QARAQALPAQSTAN AYMAĞINDA ÁYYEMGI MÁMLEKETLER

## §6. Qaraqalpaqstan aymağında temir dáwiri hám Áyyemgi Xorezm mámleketshiligi

**Áyyemgi Xorezm civilizaciyası**

Qaraqalpaqstan aymağındağı áyyemgi Xorezm mámleketi haqqında isenimli jazba derekler tabılğan. Bul dereklerde b.e.sh. VII—VI ásirlerde Xorezmniń aymağında hár túrli qáwimler hám xalıqlar jasağanlığı aytılğan. Xorezmniń shegarasında sogdiyanalılar, bakriyalılar, margiyanalılar, parfiyalılar, saklar, massagetler hám basqa da xalıqlar jasağan. Orta Aziyadağı diyqanshılıq penen shuğıllanıwshı xalıqlardıń ishinde sogdiyanalılar hám xorezmliler san jağınan anağurlım kópshilikti qurağan. Olardıń mádeniy rawajlanıw dárejesi de ózleri menen qońsılas basqa xalıqlardan anağurlım joqarı bolğan. Xorezmliler Ámiwdáryanıń tómengi ağısında, onıń eki boyın jağalap jasağan. Orta Aziyadağı kóshpeli sharwa xalıqlardıń ishindegi eń irileri sak-massaget qáwimleri edi. Qul iyelewshilik dúzimi dáwirindegi mámleket hám bul átirapta jasağan xalıqlar haqqında qısqa bolsa da jazba mağlıwmatlar ushırasadı. Alımlar temir dáwirindegi xalıqlar, qul iyelewshilik dúzimi dáwirinde de jasağan dep tastıyıqlaydı. Olar saklar hám massagetler dep atalğan. Bul házirgi Qaraqalpaqstanda jasap atırğan jergilikli xalıqlardıń eń dáslepki atı belgili ata-babalarınıń wákilleri bolıp esaplanadı. Áyyemgi Xorezm shólistanlıqlarındağı esteliklerdi izertlegen arxeologlar áyyemgi ruwlarğa tiyisli awıllardı anıqladı. Bul ruw awılları bolğan qorğanlar ózleriniń sırtqı kórinisi boyınsha qalalarğa uqsaydı. Onda bay sán-saltanatqa iye qorğanlar hám sarayları, sıyınıw orınları bar bolıp, haqıyqıy qul iyelewshilik jámáát qalaları bolğan.

Qaraqalpaqstan jerinde iri-iri suwǵarıw sistemaların dúziw qıyın boldı. Temirden islengen miynet qurallarınıń payda bolıwı iri-iri suwǵarıw sistemaların qurıw imkaniyatın berdi hám diyqanshılıq maydanlarınıń keńeyiwine alıp keldi. Bul óz náwbetinde qalalarǵa uqsaǵan iri awıllardı payda etti. Metallardan islengen miynet qralların, ayrıqsha temir qurallardı kúndelikli turmısta qollanıw arqalı diyqanshılıqtan kóp ónim ala basladı. Temir qurallar menen kanallar qazıldı. Bul tarawlardıń rawajlanıwı shólkemlesken miynetti talap etti. Nátiyjede, bul qurılıslarǵa qullardıń miynetleri kóbirek paydalanıldı. Eń awır miynetti talap etetuǵın jumıslarǵa qullar jumsalǵan, olar úlken kanallar qazıp, tarnaw-bógetlerdi qurǵan. Sonday-aq, olardı biyik hám bekkem qashılar shabıwǵa jumsaǵan. Al, bunday awır jumıstı shólkemlestiriw tek kúshli mámlekettiń qolınan ǵana kelgen.

Bul áyyemgi jámáátlik qatnasıqlardıń ıdırawın kúsheytti. Ruw jámáátiniń óziniń ishinde kem-kemnen teńsizlik ósti. Áskerbasılar menen kósemlerdiń roli kúsheydi. Jarlılar hám baylar payda boldı.

Dárya alaplarındaǵı qáwimler óz kúshleri menen keń paytax shólistanlarǵa hám sahralarǵa suw alıp bara almadı. Sebebi, júzlegen shaqırım uzınlıqtaǵı kanallardı qazıp suw aparıw isi qáwimlerdiń qolınan kelmedi. Iri-iri suwǵarıw qurılısların qurıw hám onı saqlap turıw tek qolında kóp sanlı qullar hám ózine baǵınıshlı jámáát aǵzaları bar oraylasqan kúshli mámlekettiń ǵana qolınan keler edi. Usınday kúshke iye bolǵan Áyyemgi Xorezm hám oǵan qońsı bolǵan Baktriya, Sogdiyana mámleketleri boldı. Bul elimiz aymaǵındaǵı birinshi mámleketlik dúzim edi. Bunday mámleketlerdiń dúziliwi bul jerlerde suwǵarıp egiletuǵın diyqanshılıqtıń kúshli rawajlanıwına alıp keldi hám egislik jerlerdi keńeytiw zárúrligi kelip shıqtı. Ol óz gezeginde atızda isleytuǵın adamlar sanınıń kóbeyiwin talap etti. Sonlıqtan, bul jaǵday atalıq ruw jámááti tarepinen jarlı toparlardı hám áskeriy tutqınlardı qullarǵa aylandırıwı arqalı ámelge asırıldı. Bul qul iyelewshi mámleket bolǵan dáslepki mámleketlik dúzilistiń payda bolıwınıń baslı sebeplerinıń biri boldı.

**Xorezm ataması** «Xorezm» sóziniń mánisin alımlar hár túrli túsindiredi. X ásirge tiyisli arab-parsı ádebiyatlarında «Xorezm» sózi eki bólekten turadı, «Xvar» — *gósh*, «Zm» — *otın*, yaǵnıy, *Xorezm malǵa bay, toǵaylı, otınlı el*, dep túsindiredi. Bir topar alımlar «Xorezm oypatlı, jaylawlı, keń, mallardı qorǵap saqlaytuǵın bekinis qorǵanları kóp» dep túsindirse, ekinshi topar alımlar Xorezmdi «Quyashlı el» dep túsindiredi. X ásirde jasaǵan arab sayaxatshısı Makdisi Xorezmniń kelip shıǵıwı boyınsha tómendegi ańızdı keltiredi: «... áyyemgi dáwirde jasaǵan Shıǵıs patshası óziniń qarawındaǵı 400 adamǵa ǵázebi kelipti hám olardı adamlar jasamaytuǵın jerge 100 farsaq uzaqlıqtaǵı Kat (Xorezm paytaxtı, házirgi Beruniy, Shabbaz)dep atalatuǵın jerge súrgin etipti. Kóp waqıtlar ótkennen keyin patsha olardan xabar alıw ushın óz xızmetkerlerin jiberipti. Barıp kórse, adamlar ele tiri, ózlerine úy qurıp alǵan, balıq awlap pisirip jegen hám olardıń otınları da kóp eken. Xızmetkerler kórgenlerin patshaǵa aytıp kelipti. Patsha soraptı: «Olar góshti ne dep ataydı eken?» Xızmetkerler juwap beripti: «xor» yamasa «xvar». Patsha jáne soraptı: «Al, otındı ne dep ataydı eken?» Xızmetkerler juwap beripti: «razm». Sonda patsha: «Onda bul jerdi usı atamalar menen Xorezm (Xvarazm) degen at beremen» degen eken. Solay etip, Patsha 400 túrkiy qızlardan jiberipti hám Jayhun (Ámiwdárya) dáryasınan kanal qazdırıp beripti.

**Kúyiksay mádeniyatı** B.e.sh. I mıńınshı jıllıqtıń basında Ámiwdáryanıń oń tárepinde úlkemiz aymaǵında diyqanshılıq jerleri payda bolǵan bolsa, b.e.sh. VII—VI ásirlerde Amiwdáryanıń shep tárepinde, Amiwdáryanıń eski delta boyları, Uzboy jaǵalarında sak qáwimleriniń aralasıwı menen Kúyiksay mádeniyatı payda boldı. Kúyiksaylılardıń marhumlardı qábirge jerlew dástúri sak-massagetlerge uqsaǵan, bul olardıń sak qáwimlerine jaqınlıǵın kórsetedi. B.e.sh. VII ásirdiń aqırı VI ásir baslarında «Tazabaǵjap»lılardıń mádeniy dástúrlerin Ámirabad hám

kuyiksayshılar dawam etken. Olardıń mádeniyatınıń birigiwinen bas qalası Gúzeliqır bolǵan Áyyemgi Xorezm mámleketine tiykar salındı. Bul ertedegi Xorezm mámleketi bolıp, b.e.sh. VII-VI ásirlerde xorezmliler menen kóshpeli sak qáwimleriniń birlespesinen payda bolǵan.

B.e.sh. VII—VI ásirlerdegi Xorezm mámleketi dáwirine tiyisli estelikler Jambas hám Qabat-7 qalaları bolǵan. B.e.sh. VII ásirlerde turaq jay diywalları paqsadan salına basladı. Al, b.e.sh. VI ásirdiń basınan baslap turaq jaylar, jámiyetlik orınlar, qala qorǵan diywalları Orta Aziyanıń qubla rayonlarında keń taralǵan tuwrı tórt múyeshli gerbishlerden órilgen. Shep jaǵalıqtaǵı eń áyyemgi dáwirdegi Xorezmniń iri qonıslarınıń biri — **Gúzeliqır** góne qalashası (Tashawız wálayatında) boldı. Ol tábiyiy dónisliktiń eń biyik jerine salınıp, 40 gektarǵa jaqın jerdi iyelegen. Qonıs eki qabat etilip, paqsa diywal menen qorshalǵan hám onıń kóp sanlı dóngeletip salınǵan minaraları bolǵan. Diywallardıń hám minaralardıń aldı betin-



***Gúzeliqır qalashası, b.e.sh VI-IV ásir. S.P. Tolstov rekonstrukciyası.***

de eki qatar gezermenler qurılğan. Qalada turaq jaylar, onıń oraylıq bóliminde hám qala diywalları boylap jaylasqan. Mallardı saqlaytuğın bos maydanlar, temir, mıs, reńli taslardan (bronzadan) buyımlar hám bezeniw zatların isleytuğın ustaxanalar bolğan. Qalashanıń orayında gerbishten salınğan kóp ójireli iri-iri turaq jay imaratları hám olardı qorshağan diywallar bar. Usı diywallardı jağalap, jabıstırıp salınğan, qıysını kelispegen shópker jaylar bolğan. Bul jaylar jarlı qatlamlardıń jayları bolıwı itimal. Boljawlarğa qarağanda, bunday ayırmashılıq Áyyemgi Xorezmdegi sociallıq qatlamlanıwlardı kórsetedi. Gúzeliqır qalashası Áyyemgi Xorezmdegi eń iri siyasiy-administrativlik, diniy hám ónermentshilik oraylardıń biri bolğan. Sonday-aq, sol dawir esteliklerin biri Qalalıqır esteligi bolıp esaplanadı, (házirgi Tashawız qalası janında).

Xorezmniń oń jağalığındağı áyyemgi dáwirdiń esteligi bul awıllıq háwli **Dingilje** (Tórtkúl rayonında). Bul jay shaması jergilikli Xorezm hákimshilik basqarıwı wákiliniń yamasa ahamoniy satraplarınıń birewiniń jayı bolğan. Bul háwli qam gerbishten salınğan. Eni eki metr qalıńlıqtağı diywal menen qorshalğan. Háwliniń shığıs tárepinde ustaxanalar hám basqa da turaq jaylar bar. Bul turaq jaylar háwli menen salıstırğanda jarlı. Bul Áyyemgi Xorezmdegi sociallıq qatlamlanıwlardıń tereńleskenligin kórsetedi. Ásirese, bul process ahamoniylerdiń jawlap alınıwınıń nátiyjesinde tağı da kúsheygenligi sózsiz.

Xorezmniń xalqı etnikalıq jaqtan hár qıylı bolğan. Áyyemgi Xorezmde iri patriarxallıq shańaraqlar túrindegi úlken-úlken tuwısqan jámáättiń bolğanlığı málim. Olar jámáättiń sociallıq ruwınıń jetekshi forması bolıp qalğan.

### *Soraw hám tapsırmalar:*

1. Aldıńğı Aziya menen Orta Aziyada diyqanshılıq etiwdiń ayırmashılıqların salıstırıń.
2. Xorezmliler qanday xalıqlar menen qońsılas edi?

3. Xorezmde oraylasqan mámleketshilik belgilerin neden kóriwimizge boladı?
4. Qalalarǵa uqsaǵan iri awıllardıń payda bolıw sebebin kórsetiń.
5. Qanday ónermentshilik ustaxanaların bilesiz?
6. Xorezm atamasınıń kelip shıǵıwı haqqındaǵı ráwiyattan neni túsindińiz? Aytıp beriń.
7. Xorezmdegi sociallıq qatlamlanıwlardı nelerde kóriwimizge boladı?
8. Kúyiksay mádeniyatı qay jerde payda boldı?

## §7. Bizin eramızǵa shekemgi IV—I ásirlerde Qubla Aral boyı sahra qáwimleri

**Sak-massaget qáwimleri**

Qaraqalpaqstan aymaǵında jasaǵan sahra qáwimleri haqqında Avesto, Bexustun jazıwlarında birneshe jazba maǵlıwmatlar bar. B.e.sh I ásirge tiyisli Rim jazba dereklerinde Yaksarttıń (Sırdárya) arǵı jaǵında skifler (kóshpeli sharwalardı skifler dep ataǵan) jasaydı ham olardıń sanı júdá kóp, olardıń ishinde eń kópshiligin «massagetler» quraydı dep keltirgen. Ataqlı grek tariyxshısı Gerodot «Bul xalıq Araks (Ámiwdárya, Uzboy)



*Sak-massagetler*

dáryasınıń arǵı jaǵında issedonlarǵa (Qubla Sibir hám Uralda jasaytuǵın xalıq) qarama-qarsı jasaydı. Kiyimleri, turmıs qálpi skiflerge uqsas. Olar jaqsı jawınger sawashlarda atlı hám jayaw júrip te urısadı hám aybalta menen qurallanǵan. Barlıq buyımları altın menen mıstan islengen. Olardıń awqatlıq zatları úy haywanlarınıń góshi, balıqlar bolıp, egin ekpeydi, Araks (Ámiwdárya) olardı balıq penen támiyinleydi. Olar sút ishedi» — dep jazǵan. Parsılardıń tasqa oyıp jazılǵan sina jazıwlarında, Aral boyı saklardıń úsh toparı haqqında sóz etedi. Bulardıń Orta Aziyanıń qaysı tariyxıy geografiyalıq jerde jaylasqanın anıq aytıw qıyın. Sebebi, olardıń orınları haqqında jazba maǵlıwmatlar joq. Soǵan qaramastan, bir topar alımlardıń pikirinshe «saka-tiay-tara-darayya», yaǵnıy dáryanıń arǵı tárepinde jasawshı saklar Aral teńizi boylarında, Sırdáryanıń tómengi aǵısında jasaǵan degen pikirde. Ámiwdáryanıń ayaǵındaǵı keń paytax Aral boyı jerlerinde júdá áyyem zamanlardan baslap mákan basqan massaget qáwimleri ózleriniń kúshli awqamın dúzgen edi. Massagetler — jawınger, erkinlikte jasawdı súyetuǵın, ózleriniń ana jurtınıń azatlıǵı ushın jan beriwge tayar turatuǵın xalıq bolǵan. Massaget qáwimleri tuwılǵan perzentleri kim bolıwına, yaǵnıy, ol ul ma, qız ba oǵan qaramastan, olardı Watandı qorǵawǵa tayar turıw ruwxında tárbiyalaǵan. Onıń bir mısalı retinde Tumaristiń er júrek, batırlıǵın aytsaq boladı. Aral boyı sakları massagetler dep atalǵan.

B.e.sh. VII—VI ásirlerde Qubla Aral boylarında, Aral Kaspiy aralıǵında malika Tumaris basqarǵan sak (massaget) mámleketi dúziledi. B.e.sh. VI ásirdiń birinshi yarımında ata-babalarımız bolǵan sak-massagetler dúzgen áskeriy demokratiyalıq konfederaciya, qaraqalpaqlardıń eń áyyemgi hám erte mámleketshiliginiń baslanıwı edi. Massagetler awqamına kirgen xalıqlardıń ishinde sol zamandaǵı xorezmliler menen jaqsı múnásibette bolǵan qońsıları saklar, derbikler, osiylar, toxarlar (daxlar) hám basqa da bir qatar qáwimler bolǵan. Bul awqamda Xorezmniń orını úlken edi.

B.e.sh. VI—V ásirlerdiń aqırında Xorezmniń batıs shet-shebirlerinde kóshpeli hám yarım kóshpeli qáwimler keń en jayıp qonıslastı hám aralas (kompleksli) sharwashılıq, diyqanshılıq xojalıǵın júrgizgen yarım kóshpeli qáwimler boldı. Ústirt jazıqlıǵında qısı-jazı kóship-qonıp júrgen sharwalar jasaǵan. Ústirtke qońsılas aymaqlardıń xalıqları da Ústirt jaylawlarınan keń paydalanıp otırǵan. Sol dáwirde Qubla Ural boyları aralıǵında jıl dawamında kóship-qonıp jasaǵan sarmatlar da Ústirtke mal jayıp paydalanǵan. Bul dáwirde Xorezmniń Aybúyirqala uqsaǵan shegara qalalarında sahra qáwimleri menen zat almasıw jolı arqalı sawda júrgizgen. Sawda waqtında Xorezmniń otırıqshı xalqı diyqanshılıǵınıń hám ónermentshilik óndirisiniń ónimleri kóshpeli xalıqlardıń ónimleri menen almastırǵan.

B.e.sh. II ásirde Aral átirapınıń kóshpeli qáwimleriniń ádewir bólegi qublaǵa qaray ǵalaba túrde kóship-qonıp jılısqan, hátteki, Grek-Baktriyam qıyratıwǵa qatnasqan.

Xorezmliler biziń eramızǵa shekemgi IV ásirlerge shekem-aq diyqanshılıq etiw usılların bilgen. Olar diyqanshılıqtı qoldan suwǵarıw tiykarında júrgizdi. Suwǵarıw ushın kanallar qazdı. Ilimpazlar házirgi kúnge shekem saqlanǵan úlken dáryalardan saǵa alǵan áyyemgi kanallardı anıqlaǵan.

Áyyemgi grek tariyxshıları Geradot hám Strabonlar óz shıǵarmalarında xorezmlilerdiń dánli eginlerden tarı hám gúnji ekkenligin hám júzim baǵlarınıń bolǵanlıǵın aytıp ótken. Kóshpeli xalıqlar bolǵan saklar hám massagetlerdiń xojalıq turmısınıń dárejesi xorezmlilerge, baktriyalılarǵa qaraǵanda birqansha tómen bolǵan. Saklar hám massagetler sharwalar bolǵan. Al, massagetlerdiń ańshılıq hám balıqshılıq penen shuǵıllanǵan toparları bolıp olardıń turmıs dárejesi sharwalardan da tómenlew bolǵan. Sak hám massaget qáwimleriniń qollarında túyeler, jılqılar, qara mallar, mayda mallardıń úlken-úlken padaları bolǵan. Olar mal terilerinen shatırlar, etikler, malaqaylar, kiyimkenshekler tigip shıǵarǵan. Sonday-aq, dáryadan júzip ótiw ushın qollanılatuǵın mes-qaltalar tikken. Qoy júnlerin iyirip jip qılǵan hám órmek toqıǵan. Ózleriniń óndirip shıǵarǵan zatların

hám malların xorezmlilerge, baktriyalılarǵa, sogdiyanalılarǵa satıp, olar menen sawda qatnasıqların júrgizip otırǵan.

**Qubla Aral boyı sahra qáwimleri mádeniyatı**

Áyyemgi Xorezm mámleketiniń siyasiy, mádeniy tariyxı qaraqalpaqlardıń aymaǵında jasaǵan qáwimler menen baylanıslı bolǵan. Olar Aral boyındaǵı saklardıń Balandi, Shirik-Rabad hám Babishmolla estelikleriniń mádeniy qatlamlarınan tabılǵan. Xorezmliler óz mámleketiniń arqa-batıs shegaraları hám Sarıqamıs boylarındaǵı sak-massagetlerge qumbız peshler salıp berip, olardıń ónerment buyımlarına bolǵan talabın qanaatlandırıp otıradı. Kóshpeli sharwashılıq penen shuǵıllanǵan sak-massagetlerdiń shegarasında, Aybúyir, Dáwkesken, Aqshakól hám Aqsha-Gelin degen qalalar salınadı. Bul qalalar, siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy sawda oraylarına aylanadı. Kóshpeli saklar mal ónimlerin xorezmlilerdiń ónerment buyımlarına almastırıp otıradı.

Qalalardıń kólemi awıllıq mákan-jurtlardan úlken bolǵan. Qalalarǵa jaqsı bekinisler salınǵan hám diywallar menen qorshalǵan. Sonday-aq, qalalardıń bekkem eki dárwazası hám dárwazalarında saltanatlı minaralar bolǵan.

**Aral boyındaǵı saklardıń estelikleri — Balandi, Shirik-Rabad hám Babishmolla**

Aral boyı sakları Iran ahamoniyleri, Baktriya, Xorezm, qıtaylardıń Chjou hám Xan imperiyaları dáwirindegi kórkem ónerler menen tanıs bolǵan. B.e.sh. VIII ásirden baslap saklar arasında haywanatlardı kórkem ónerdiń túrlerinde keń paydalanadı. Kóp ǵana buyım zatlarda qoshqar, túye, jolbarıs sıyaqlı jamwarlardıń kórinisleri salınadı. Olarda haywanlardıń bir-biri menen ayqasıp atırǵan kórinisleri sáwlelengen. Saklar altın, gúmis hám bronza metallardan bezeniw zatların kóp isleydi. Olar da basqa xalıqlar sıyaqlı tábiyat qubılıslarına: kúnge, gúldirmamaǵa, nayzaǵayǵa, samalǵa hám kúshli dawıllarǵa sıyınǵan hám olardı káramatlı dep isengen. Bul tábiyiy qubılıslar olarǵa qudayday bolıp kóringen. Saklardıń túsiniginshe, qudaylar adam-



***Babishmolla esteligi.***

larǵa qanatlı at tulparlar, quslar hám basqa haywanlar túrinde kórinedi dep oylaǵan. Bul obrazlar awızeki ápsanalarda keń orın alǵan. Qaraqalpaqlardıń tulpar atları haqqında «Alpamıs» hám «Qoblan» dástanlarında ushırasadı. Aral boyı sak-massagetlerge b.e.sh. VII—V ásirge tiyisli, Uyǵarıq hám Qubla Tegisken qábirleri ashıp izertlegende eki túrli dástúr bolǵanlıǵı anıqlanǵan. Olardıń birinshisi jerlew dástúrinde órtew hám kúlin saqlaw, ekinshi dástúrde bolsa marhum menen birge qábirge salınǵan gúlal ıdıslar, qayraq taslar, qasqır súwreti salınǵan temir qılısh, attıń júweniniń suwlıǵı hár túrli haywanlardıń músinleri, buǵı, sayǵaq, at, arıslan, barıs hám qus súwretleri de ushırasadı. Sonday-aq, zergerlik kórkem óner úlgileri sırǵa, bronzadan islengen júzik, qural-jaraqlar, haywanat súwretleri menen bezelgen buyımlar tabıldı. Olardıń sopaq bas kiyimlerinde tulparlardıń súwretleri salınadı. Ulıwma alǵanda, sak-massagetlerdiń dúnyanı ańlap túsiniwindegi haqıyqıy kórinisi olardıń ápsanalarında, kórkem ónerinde sáwleleniwi bul sahra qáwimlerinde ózine tán mádeniyat qálipleskenin kórsetedi.

***Soraw hám tapsırmalar:***

1. Massagetler haqqında qanday dereklerden úyrenemiz?
2. Massagetler qáwimleri qaysı aymaqta jasaǵan?
3. Massagetler ul-qızların qanday ruwxta tárbiyalaǵan hám ne ushın?
4. Sak-massaget qáwimleri ne menen shuǵıllanǵan, kimler menen sawda islegen?
5. Aral boyı saklarınıń kórkem óneri haqqında aytıń.
6. Sak-massaget qáwimleri qanday kásip óner menen shuǵıllanǵan?
7. Aral boyındaǵı saklarınıń qanday estelikleri izertlengen?
8. Qaraqalpaqlardıń eń áyyemgi hám erte mámleketshiligine qashan tiykar salınǵan hám onıń tiykarın qanday qawimler salǵan?

# III BAP. QARAQALPAQSTAN AYMAǴINDA ÁYYEMGI BASQINSHILIQ URISLARI

## §8. Ahamoniylerdiń basqınshılıǵı

**«Úlken Xorezm» mámleketlik birligi**

Grek avtorlarınıń maǵlıwmatlarında Áyyemgi Xorezm massagetlerdiń kóshpeli hám yarım kóshpeli qáwimleriniń keń awqamına (konfederaciyasına) kirgen. Ol awqamda Xorezm jetekshi rol atqarǵan dep jazılǵan. Bul «Úlken Xorezm» dep atalǵan eń áyyemgi mámleketlik birlik bolǵan. Xorezmniń basshılıǵındaǵı qáwimlerdiń bul awqamı Orta Aziyanıń áyyemgi tariyxında kórnekli orın iyelegen. «Úlken Xorezm» quramına Orta Aziyanıń derlik barlıq aymaǵı hám Shıǵıs Iran jeriniń bir bólegi kirgen. Bul birlikte ekonomikalıq hám jámiyetlik rawajlanıw dárejesi hár qıylı qáwimler bolǵan. Xorezm olardıń siyasiy jetekshisi boldı. «Úlken Xorezm» áyyemgi Shıǵıstıń qalalıq hám diyqanshılıq mádeniyatınıń eń áyyemgi oraylarıń óz quramına qosqan. «Úlken Xorezm» b.e.sh. VI—V ásirlerde



sol dáwirde júdá joqarı ósken áyyemgi Shıǵıs mádeniyatınan úlken tásir aldı. Bul tásir áyyemgi Xorezm mámleketiniń qáliplesiwinde hám rawajlanıwında unamlı tiykar bolıp xızmet etti.

**Patsha Tumaristiń qaharmanlıǵı**

B.e.sh. VI ásirdiń ortalarında «Úlken Xorezm» awqamı ıdıradı, onıń burınǵı iyelikleriniń bir bólegi áyyemgi Baktriya mámleketine ótti. Tap usı waqıtta Iranda húkimet basına Ahamoniyler násili keldi. Bul násildiń tiykarın salıwshı persiyanlar qáwimleriniń patshası Kir II boldı. Ol keń kólemde jawlap alıwshılıq urıslar júrgizdi hám Orta Aziyanıń kóplegen wálayatların baǵındırıp aldı. Bul haqqında Gerodot óziniń «Tariyx» shıǵarmasında bayan etedi. Kir II Amiwdáryanı keship ótedi ham Tumaris xanımǵa úylenbekshi bolıp ayttırıwshı jiberedi. Tumaris olarǵa «patsha» Kirdiń maqseti maǵan úyleniw emes, al meniń elimdi, massagetler mámleketin almaqshı dep aldın boljap olardı qaytaradı. Bul massagetler patshası Tumaris penen Kir II arasındaǵı awızsha sóylesiwler edi. Sózi ótpegennen soń, patsha Kir massagetlerge urıs ashadı, óz áskerleri menen Oks (Amiwdáriya)tan keship ótip, massagetler jerine basıp kirdi. Biraq ekinshi kúni hiyle isletip, qorıqqan adamǵa uqsap







shatırlarına ishimlik-vino taslap keyin sheginedi. Bul waqıya Tumariske jetedi ol óz ulı Sparangizdi áskerlerinin úshten bir bólegine basshılıq etip, dushpannıń izinen quwıwǵa jiberedi. Burın sawashlarda sınalmaǵan jas áskerbası Sparangiz Kirdiń shatırlarda qaldırǵan sharapların ishedi hám áskerleri menen biyhuwsh bolıp qaladı. Buni sezgen dushpan kúshleri túnde uyqılap atırǵan saklarǵa kelip olardı qırıp taslaydı hám patsha Tumaristiń ulı Sparangizti tutqınǵa aladı.

Tumaris Kir II den ósh alıwǵa qarar etti. Tumaris Kir II ni aldap tawdıń jıra sayına alıp bardı. Ol jerde aldın ala tayarlanǵan Tumaristiń jawıngerleri kútip turǵan edi hám Tumaris 200 000 persiyanlılardı joq etti. Sonıń ishinde 29 jıl patshalıq etken Kir II niń ózi de óldi. Jeńis sonday boldı, hátteki, bul qırǵın sawashtaǵı jeńilis haqqında persiyanlarǵa xabar bergendey tiri qalǵan adam bolmaǵan. Patsha xanım Kir II niń basın kesip alıp, dushpannıń





qanına toltırılǵan meske salıwǵa buyrıq bergen. «Sen bárqulla qan tógiwge qumar boldıń hám heshqashan qanǵa toymadıń, endi qanǵa mantıǵıp toyasań» dep Tumaris Kir II niń jawız qanxorlıǵın qaralaǵan. Tumaris xanım basqarǵan massagetler mámleketi hám Kir II basshılıq etken parsılar arasındaǵı bul urıs b.e.sh. 530-jılı iyul ayınıń aqırı, avgusttıń basında eski Oks (Amiwdárya) deltası Uzboy boyında bolıp ótken.

Jáne de grek tariyxshısı Strabonnıń (b.e.sh. 64—23-j) jazıwına qaraǵanda, massagetlerdiń áskerleri arasında Xorezm mámleketiniń jawıngerleri de bolǵan. Bul eki Xorezm hám sak (massaget) xalıqları óz azatlıqları ushın sırtqı dushpanlarǵa qarsı birge urısqan hám eldi qorǵawǵa qatnasqan. Iranda Dariy I patshalıq (b.e.sh. 522—486 jj) etken dáwirde Orta Aziya xalıqları báribir parsılarǵa boysındırıldı.

**Qubla Aral boyı xalıqları Ahamoniyler basqarǵan mámleket quramında**

Orta Aziya xalıqları tórt hákimlikke (satrap) bólip basqarılǵan. Oǵan Orta Aziya wálayatları Margiana, Parfiya, Baktriya, Sogd, Xorezm hám Aral boyı sakları kirgen. Baǵındırǵan wálayatlardı nayıp-satraplar basqardı. Wálayat hákimleri patshaǵa jaqın adamlardan qoyılǵan, geyde bul lawazım atadan balaǵa miyras bolıp ótken. Nátiyjede, Xorezm mámleketi hám saklardın áskeriy awqamınan quralǵan mámleket tarqaladı. B.e.sh. VI ásirdiń ekinshi yarımında Qubla Aral boyı xalıqları Ahamoniyler basqarǵan mámleket quramına kiredi. Solardıń ishinde Xorezm mámleketi 16-satraplıǵına, massagetler

15-satraplığına kirgen. Satrap hákimleriniń wazıypası ózleri basqarǵan wálayatlarda tınıshlıqtı saqlaw, salıq jıynaw hám mámleket áskerlerin azıq-awqatlar menen támiyinlew boldı. Sol dáwirdegi Orta Aziya xalıqları bolǵan sogdiyanalar, baktriyalılar, xorezmliler hám sak-massagetler ahamoniy áskerleriniń quramında Greciya menen bolǵan urıslarda qatnasqan. Mısalı ushın, b.e.sh. 480-jılı Fermopil hám 479-jılı Plateya janındaǵı grekler menen bolǵan sawashta saklardan turǵan piyada hám atlı áskerler erlik kórsetedi. Tariyxıy maǵlıwmatlarda xorezmli Artasekt degen adam Dardanel buǵazındaǵı qalalardıń birewinde hákim bolıp islegen, al basqa bir xorezmli Dargaman degen adam Elefantinadaǵı (Mısr-Egipet) parsı áskerleri quramında xızmette bolǵanlıǵı aytıladı. Xorezmniń Ahamoniyler mámleketi quramına kiriwi oǵan aldıńǵı Shıǵıstıń áyyemgi civilizaciyasınıń tásir etiwine alıp keldi.

Iran patshaları Jańadárya hám Quwandárya alabında jasaǵan hám Aral boyı kóshpeli sharwa saklardı ózlerine qaratadı. Usı dáwirde saklardıń basqarıw orayı Babishmolla qalası bolǵan. Qaraqalpaqstan aymaǵında jasaǵan xalıqlar Iran mádeniyatınıń rawajlanıwı tásirine túsedi hám sol dáwirdegi klaslıq jámiyetlik dúzimde jasaydı. Aldıńǵı Shıǵıstıń tásiri astında Xorezmde zat almasıw, sawda hám ónermentshiliktiń keń rawajlanıwı kózge tústi. Dáslepki kishigirim qalalar túrindegi oraylar payda boldı. Keń suwǵarıw sistemaları qurıldı. Bekkem qorǵanıw bekinisleri boy tikledi. Bul eń Áyyemgi Xorezmniń alǵashqı klassız jámiyetten klaslıq qul iyelewshilik jámiyetke ótkenliginiń belgisi bolıp esaplanadı. Ahamoniylar dáwirine tiyisli Qaraqalpaqstan aymaǵında Tórtkúl rayonında Dingildje háwlisi saqlanǵan. Maydanı 25x43 m bolǵan, bul aristokrattıń háwlisi, diywalları qam gerbishten órilip, qalıńlıǵı 2 m bolǵan.

Jańa jámiyetlik dúzim jaǵdaylarmda ósip baratırǵan xalıqtıń talapların qanaatlandırıw ushın turaqlı túrde suwǵarıwshılıq zárúr boldı. Sonlıqtan da, sol dáwirde «Úlken Xorezm»degi jámiyettiń erkin aǵzalarınıń hám qullardıń miyneti menen iri

kanallar qazıldı. Áyyemgi ogada úlken suwǵarıw kanallarınan — Kelteminar, Tazabagjap hám Ámirabad kanalları boldı. Olar Aqshadáryanıń qubla deltasınıń anaǵurlım úlken úsh tarmaǵı menen qatarlasıp aqqan.

B.e.sh. VII—V ásirlerdegi Xorezmniń oń jaǵalıǵındaǵı kanallardıń uzınlıǵı birneshe onlaǵan kilometr, al eni 30 — 40 metr bolǵan. Olar onsha tereń emes edi. Sonlıqtan da, kanallardan aǵatuǵın suwdıń muǵdarın arttırıw ushın olar enlı etip qazılǵan.

Xorezmniń shep jaǵalıǵındaǵı eń áyyemgi kanallar Ámiwdáryanıń Sarıqamıs deltasınıń sol dáwirde suw aǵıp turǵan tarmaqlarınan saǵa alǵan. Tegislep shel shawıp egilgen atızlıqlar, júzim baǵlardıń ornı, olardıń keń kólemli bolǵanlıǵı, olarǵa salmalar menen suw aparǵanlıǵı belgili.

Ahamoniyler qol astında Orta Aziya xalıqları azatlıq gúres alıp baradı. Aral átirapı sahralarındaǵı hám shólistanlıqlardaǵı kóshpeliler basqınshılarǵa qarsı azatlıq ushın gúresler háwij alıp ketti. B.e.sh. IV ásirdiń basında Qaraqalpaqstan jeriniń Iran ahamoniylerinen azat bolıwı Xorezmniń óz mámleketshiliginiń qayta tikleniwine alıp keldi.

***Soraw hám tapsırmalar:***

1. Úlken Xorezm aymaǵına qaysı jerler kirgen hám onıń quramında qaysı qáwimler bolǵan?
2. Tariyx sabaǵınan ahamoniyler basqınshılıǵı haqqında eske túsiriń hám olardı salıstırıń.
3. Sak-massaget patshası Tumaris xanımnıń Watan súyiwshiligi hám erligi neden ibarat dep oylaysız?
4. Xorezm hám massagetler ahamoniy húkimdarlıǵınıń qaysı satraplıǵına kirgen?
5. B.e.sh. V ásirde Qaraqalpaqstan aymaǵınan qanday estelikler hám suwǵarıw kanallarınıń orınları tabılǵan?
6. Ahamoniyler dáwirine tiyisli Qaraqalpaqstan aymaǵında qanday estelik bar?

## §9. Makedoniyalı Iskender hám Áyyemgi Xorezm, Salavka mámleketi

**Iskender Zulqarnayn atlanısları hám Farasman**

Grek tariyxshıları Arrian Iskender Zulqarnayn atlanıslarınıń tariyxı haqqında jazıp qaldırǵan. Onıń «Aleksandr Anabasisi» atlı miynetinde «Xorezmniń óz patshası bar biyǵarez mámleket» dep kórsetken. Onıń jazıwı boyınsha b.e.sh. 329—328-jılları Iskender Zulqarnayn Baktriyada qıslaǵan. Sol waqıtta oǵan Xorezm patshası Farasman 1500 áskeri menen keledi hám Iskender Zulqarnayn menen awqam dúzip, óz elin grek-makedon áskerleriniń topıhsınan saqlap qaladı. Farasman Iskenderge Qarateńiz boyındaǵı qáwimlerge atlanısqa shıǵatuǵın bolsa, áskeriy járdem beriwge tayar ekenligin bildiredi. Iskender bolsa, Farasmanǵa raxmet aytqan hám óziniń Hindstanǵa qarsı áskeriy atlanıs júrgizetuǵının bildirgen. Xorezm patshası Farasman ózin Iskender Zulxarnayn menen teńbe-teń esaplaǵan. Farasman Iskenderge kolxlarǵa hám amazonkalarǵa qarsı birge atlanıs jasaw ushın áskeriy awqam dúziwdi usınıs etken.

Qúdiretli ahamoniy patshalıǵı Iskender Zulqarnaynnıń armiyasınıń topılısınan b.e.sh. 330-jılı qulaydı. B.e.sh. IV ásirdiń aqırında Aral boyı sak qáwimleri de Xorezmge uqsap óz ǵárezsizligine eristi. Iskender Zulqarnayn b.e.sh. 329—327-jılları Orta Aziya jerlerin basıp aladı. B.e.sh. IV ásirdiń úshinshi shereginde Orta Aziya tariyxında úlke xalıqlarınıń grek-makedon basqınshılarına qarsı júrgizgen jiyi-jiyi urısları háwij aldı. Jergilikli xalıqtıń qaharmanlıq penen qarsılıq kórsetiwlerine qaramastan, Zulxarnaynnıń áskerleri Orta Aziyanıń bir bólimin

**_Kolxlar_ — gruzinlerdiń áyyemgi ulıwma ataması. B.e.sh. I mıńınshı jıllarda qubla-batıs Zakavkaziede jasaǵan.**

**_Amazonkalar_ — grek ańızlarındaǵı jawınger hayallardan quralǵan xalıq. Olar kishi Aziyada yamasa Egey teńizindegi Lemnos atawında jasaǵan.**



bağındırdı. Sol waqıtta Xorezm óz azatlığın saqlap qaldı hám Orta Aziyadağı Makedon basqınshılarına qarsı háreketlerdiń tiregi boldı. Sogdiyanadağı kóterilis qıyratılğannan soń onıń kósemi Spitamen Xorezmge baspana izlep keliwi bunıń ayqın dálili bola aladı.

Grek-Makedon jawlap alıwshılarına qarsı turğan ekinshi bir qúdiretli kúsh Aral átirapındağı kóshpeli qáwimler edi. Olar Xorezm tárepinde boldı. Bul awhal Farasmandı kúsheytedi. Usınıń barlığın esapqa alıp, grekler ózleri basıp alğan jeriniń qáwipsizligin oyladı. Sol maqsette grekler Xorezm menen bolğan paraxatshılıqtı saqlap qalıwdı abzal kórdi.

**Salavkiyler ústemligi dáwirinde sahra qáwimleri**

B.e.sh. 323-jılı Iskender Zulxarnayn ólgennen keyin Orta Aziya jerleri, onıń talantlı áskerbasılarınıń biri Salavka 1-Nixator qol astında boladı. Orta Aziya xalıqları basqınshılarğa qarsı tınımsız gúres alıp barğan, nátiyjede b.e.sh. III ásirdiń ortalarında Grek-Baktriya hám Parfiya patshalıqları dúziledi. Salavkiyler mámleketi óz quramına Orta Aziyanıń tiykarğı wálayatlarınan bolğan Baktriya, Margiyana, Parfiya hám Sogdiyana mámleketlerin qosıp aldı. Bul mámleketler menen Aral boyı xalıqlarınıń siyasiy qatnasıqları ele tolıq úyrenilmegen. Soğan qaramastan, tariyxshı Yustinniń mağlıwmatlarına qarağanda, b.e.sh. II ásirdiń ortalarında Parfiyada Arshakiyler dinastiyasınıń tiykarın salıwshı Arshaktı quwatlağan dax (parn) qáwimleri Parfiyanıń shığısında jasawshı sak-massaget qáwimleri menen awqamda bolğan. Bul dáwirde Xorezm óz aldına ğárezsiz mámleket bolıp qalğan. Xorezm mámleketi greklerge qaraslı bolmağan menen Orta Aziyanıń basqa xalıqları menen mádeniy baylanıslardı úzbedi, sonıń nátiyjesinde ellenizm tásiri astında boldı.

B.e.sh. III ásir ortalarında uzaq dawam etken azatlıq góreslerinen keyin Orta Aziya walayatları Salavkiyler ústemliginen azat boladı. B.e.sh. II ásirdiń 20-jılları Oraylıq Aziyadan shıqqan kóshpeli qáwimler Parfiya hám Grek-Baktriya patshalıqlarınıń ómir súriwine qáwip tuwǵızdı. Qıtay tariyxshısı Sim Cyannıń jazıwına qaraǵanda, b.e.sh. I ásirdiń 70-jılları Orta Aziyadaǵı jaylaw jerler ushın góreste gun qáwimlerinen jenilgen yue-chjiy qáwimleri batısqa jılısadı hám Davan (Ferǵana) arqalı ótip, Baktriyanı ózine qaratadı.

Grek tariyxshılarınıń maǵlıwmatlarına qaraǵanda, bul góreste Sırdárya alabındaǵı Aral boyı sak qáwimleri de qatnasadı. B.e.sh. II ásirdegi yue-chjiyler menen Sırdárya boyındaǵı saklardıń bir bólimi Aral átirapı boylap jaylasadı. Nátiyjede, sak-massaget qáwimleriniń mákan jayları bolǵan. Shirik-Rabad hám Babishmolla qalaları qarabaxanalarǵa aylanadı.

***Soraw hám tapsırmalar:***

1. Iskender Zulqarnaynnıń Orta Aziyanı basıp alıwı haqqında ne bilesiz?
2. Iskender Zulqarnaynnıń Orta Aziyanı basıp alıwın kartadan kórsetiń.
3. Jazba dereklerde bul waqıyalar haqqında kimlerdiń shıǵarmalarında bar?
4. Shirik-Rabad hám Babishmolla qalaları ne ushın qarabaxanalarǵa aylanadı?

# IV BAP. QARAQALPAQSTAN B.E.SH. IV—II ÁSIR ARALIĞINDA

## §10. Qaraqalpaqstan aymağı b.e.sh. IV—II ásirlerde

**Qalalar** Qaraqalpaqstan aymağında b.e.sh. IV—II ásirlerge kelip kóp sanlı qalalar hám qala túrindegi qonıslar payda boldı. Bularğa: Bazarqala, Qıyat, Ullı Gúldirsin, Jambasqala, Qırqqız, Qazaqlıjatqan (Aqshaxan) hám Gáwirqalaları bolıp esaplanadı. Amiwdáryanıń oń jağahğındağı qalalar: Topıraqqala, Bazarqala, Kát, Pilqala (Ellikqala hám Beruniy rayonlarında), Ardaxushmisan, shep jağalıqtağı qalalarğa



*Jambasqalanıń rekonstrukciyası.*



*Xalqı taslap ketken Jambasqala.*

Xazarasp, Gónewaz, Dáwkesken, Shahsánem, Bótentaw, Xiywa janındağı Topıraqqala (Xorezm wálayatında) qalaları bolğan. Úlke boylap dárya jağalap ótetuğın jollardıń boyına qalalar qurılğan, olarğa: Topıraqqala, Jigerbent, Kaparas, Xazarasp hám basqalar kiredi. Bul dáwirdegi qalalardıń bir bólegi mámlekettiń shegaraları boylarına dushpanlardan qorğanıw maqsetine qurılğan, bunday qorğan qalalarğa: Ayazqala, Sultan Wáyis taw dizbegindegi Gáwirqala, Qorğasınqala, Kishi Qırqqız qalaları bolıp esaplanadı. B.e.sh. IV—II ásirde salınğan qalalardıń maydanlarınıń úlkenligi, áskeriy bekinislerinıń kúshli rawajlanğanlığı menen kózge túsken. Bul dáwir qalaları tirek-bağanalar hám gúmbezlengen bastırmalı arkaları menen ózinen burınğı qalalardan ajıralıp turğan. Haqıyqatın aytqanda, qalalar, bir qáliptegi ekige bólingen turaq jaylardıń dizbekleri-



*Gúldirsin qalası.*

nen ibarat bolǵan. Bekinisleri bar qorǵanlardıń kópshilik maydanı kólemi ekige yamasa tórtke bólingen, bir qálipte salınǵan jaylardan ibarat bolǵan. Qalalardıń qos diywal ishindegi atqıshlar galereyası, minaralar, qorgan diywaldıń aldıńǵı hám dárwazanıń aldında qosımsha qorǵanıw qurılısları bolǵan. Sonday-aq, kóplegen qalalardıń bir bólegi diyqanshılıq hám sharwashılıq aymaqlarında da qurılǵan. Usınday qonıslardıń ayırımları kóshpeliler menen sawda jasawda mal almasıw orınları yamasa bazar xızmetin atqarǵan. Qalalar eldi hám wálayat basqarıwshıları turatuǵın orın bolıp, álbette, hákimshilik orayları bolǵan. Onıń suwǵarıw tarmaqların qadaǵalap, qalanı basqarıp otırǵan.

**Xojalıǵı**

B.e.sh. IV—II ásirlerde Qaraqalpaqstan aymaǵında jasaǵan xalıqlar, tiykarınan awıl xojalıǵı ónimlerin jetilistiriw menen birge ónermentshilik hám sawda menen de shuǵıllanǵan. Eginler suwǵarılıp egilgen, jap-salmalar óz saǵaların kanallardan alǵan, al kanallar Ámiwdáryadan saǵa alǵan. Bular Qırqqız hám Yakka-Parsan kanalları bolıp olar Jambasqala hám Bazarqala diyqanshılıq orayların suw menen támiyinlegen. Al, Gawxara kanalı bolsa Gúldirsin, Qıyat dógeregine suw jetkerip bergen. Tashqırman kanalı arqalı Topıraqqala hám Qazaqlıjatqan (Aqshaxan) qalaları suw iship otırǵan. Ámiwdáryanıń shep jaǵalıǵındaǵı elatlar Xaykenik (Palwanjap), Xazarasp, Kerdaranxas hám Madra suwǵarıw kanal-japları arqalı suw iship otırǵan. Diyqanlar kóbirek dánli eginlerdi ekken. Tarı, arpa, biyday, másh, jonıshqa eginleri menen birge, paxta hám zıǵır ekken. Xalıq baqshılıq penen shuǵıllanǵan, ásirese, keń kólemde júzimgershilik jerleri bolǵan. Sonday-aq, diyqanshılıqta palız eginlerin egiw dástúrge aylanǵan. Diyqanshılıqtı rawajlandırıwda miynet qurallarınan oraq, ketpen, bel, mala, ógiz jekken gúndeden paydalanǵan. Dándi taslardan islengen untaǵıshlardan paydalanıp, unǵa aylandırǵan.

B.e.sh. IV—II ásirlerde mal sharwashılıǵı jergilikli xalıqlar turmısında áhmiyetli orındı iyelegen. Gúzeliqır, Jambasqala,



*Qoyqırılǵanqaladan tabılǵan diywaldaǵı súwret.*

Aybúyirqalalardan tabılǵan haywan súyekleri ishinen qara mal, jılqı, túye, qoy, eshki, shoshqa súyekleri tabılǵan. Demek, bul dáwirde sharwashılıqta usı úy haywanların ásırawshılıq bolǵan. Qalalarda ónermentshilik jaqsı rawajlanǵan. Gúzeliqır, Qoyqırılǵanqala, Kaparas qalalarınan metall qaldıqları hám temir sınıqları tabılǵan, bul usı qalalarda temirshilik ustaxanasınıń bolǵanlıǵın kórsetedi. Temirden miynet quralları ketpen, balta, oraq, pıshaq soqqan. Qural-jaraqlardan: qılısh, qanjar, oqjay ushları, sawıtlar, atlardıń suwlıǵın, záńgi hám basqalar islegen.

Elde ónermentshiliktiń gúlalshılıq tarawı jaqsı rawajlanǵan. Ílaydan qumbız peshlerde xojalıq buyımların tayarlaǵan. Bular úlken hám kishi qumlar (suw, hár túrli ishimlikler hám dán saqlaw ushın), úy ruwzıgershilikte paydalanıw ushın gúze, bakallar, hár túrli háykeller, músinler islegen. Gúlalshılardıń qumbız peshleri, olardıń turaq jayları Jambasqala, Xazarasp, Qoyqırılǵanqala, Bazarqala dógereginen tabılıp izertlendi. Ámiwdáryanıń shep tárepinde Qumbıztepe (Xazarasptan 12 km shıǵısta) atı menen belgili bolǵan gúlal ónermentshilerdiń orayı bolǵan.

**Kórkem óner**

Áyyemgi Xorezm xalıqlarınıń b.e.sh. IV—II ásirlerge kelip joqarı dárejedegi mádeniyat rawajlanadı. Usı dáwirge tiyisli qalalarındaǵı músinlerde túye, qoy, qus súwretleri kóplep ushırasadı. Bul olardıń saklar hám



*Anaxita músini (Qoyqırılganqala)*

massagetler menen barqulla ekonomikalıq, siyasiy, áskeriy hám mádeniy baylanısta bolganlıgın kórsetedi. Bul átirap xalıqlarınıń etnikalıq jaqtan túbi bir, tuqımlas, tuwısqan ekenligi kózge túsedi.

Músinler kóbinese hayallar kórinisinde bolgan. Mısalı ushın, uzın kóylektegi quday hayal kórinisinde, qolına zatlar uslap turgan ayna, ıdıs hám tagı basqa zatlar uslap turgan hayal músinler, jalańash kórinisindegi músin islew de taralgan bolıp, kóbinese hayallar qolın kóksine qoyıp turgan kórinisinde sogılgan. Bul ana tımsalına sıyınıwshılıqtı bildirse, ekinshi tárepten, hayal úlgisinde ónip-ósiwdi kórsetedi.

B.e.sh. II ásirlerde qolına bala uslagan hayal músini payda boldı. Er adamnıń músinin sogıw az bolsa da ushırasadı, olar jergilikli skif kiyimleri kórinisinde islengen. Haywan músinlerden attıń kórinisi kóbirek ushırasadı — bul batırlıq belgisi. Sondayaq, gúlal ıdıslardıń tutqaların arıslannıń basınday músinler menen bezegen. Topıraqqaladan bolsa patshalardıń, ruwxaniylerdiń hám oralgan qagaz uslap turgan adamnıń súwreti tabıldı. Bul dáwirde músinshilik penen birge súwretlew óneri de rawajlandı, sol dáwir qala diywallarınan hár túrli kórinistegi adam hám haywan súwret qaldıqları biziń kúnlerimizge shekem kelip jetken.

*Soraw hám tapsırmalar:*

1. Qaraqalpaqstan aymaǵında b.e.sh. IV—II ásirde qanday qalalar hám qala túrindegi qonıslar payda boldı?
2. Ámiwdáryanıń oń jaǵalıǵındaǵı hám shep jaǵalıǵındaǵı qanday qalalardı bilesiz?
3. Sol dáwirdegi mámlekettiń shegara boyı qalaları qaysılar?
4. Bul dáwir ózinen burıńǵı qalalardan qanday ózgesheligi menen ajıralıp turǵan?
5. B.e.sh. IV—II ásirlerde Qaraqalpaqstan aymaǵında jasaǵan xalıqlar ne menen shuǵıllanǵan?
6. Diyqanshılıqta qanday daqıllar egilgen?
7. Sharwashılıqta qanday haywanlardı asıraǵan?
8. Qanday ustaxanalar bolǵan hám ol jerde ustalar qanday miynet quralların soqqan?
9. Qumbız peshlerde ne islegen?
10. Adamlar kóbinese qanday kórinistegi músinlerge sıyınǵan?

## §11. Qaraqalpaqstan aymaǵında Qańlı (Kangyuy) dáwiri

**Aral átirapı xalıqlarınıń tariyxında Kangyuy dáwiri**

Qaraqalpaqstan aymaǵında Qańlı (Kangyuy) dáwiri b.e.sh. III hám I ásirler bolıp, bul dáwirde Sırdáryanıń orta aǵısındaǵı kóshpeli qáwimler birlespesiniń kúsheyiwi kózge tústi. Jazba dereklerde olar «Kangyuy» dep ataldı. Olar Aral átirapı xalıqlarınıń tariyxında úlken rol oynadı. Bir qatar otırıqshı diyqanshılıq walayatları, sonıń ishinde, Sogdiyana hám Xorezm onıń quramına kirdi. Ilimpazlardıń boljawı boyınsha, qaraqalpaqlardıń qańlı ruwı sol Kangyuy mámleketinen qalǵan topar hám ol elege shekem óziniń dáslepki atamasın saqlap kiyatırǵan qáwim bolıp esaplanadı. Sol dáwirde Sırdáryanıń orta aǵısınıń atı da Kanga dáryası dep atalǵan. Xorezm anaǵurlım rawajlanǵan walayat sıpatında Kangyuy awqamında belgili rol atqarǵan hám ózine tán bolǵan, ayrıqsha kózge túsip turatuǵın, ózgeshe mádeniyatı rawajlanǵan. Xorezmniń bul dáwirdegi mádeniyatı, onıń átirapındaǵı sahra qáwimleri-

niń mádeniyatı menen oǵada keń túrde baylanıslı bolǵan xojalıǵı. Kangyuy dáwirindegi oń jaǵalıqtaǵı Xorezmniń suwǵarıw sistemaları túp-tiykarınan qayta qurıldı. Bul jerde ele áyyemgi dáwirde-aq qurılǵan úlken tórt suwǵarıw tarmaǵı bolǵan, olar: áyyemgi Kelteminar, Qırqqız, Gáwhar, Tashqırman kanalları edi. Bul kanallar Aqshadáryanıń qubla deltasınıń anaǵurlım úlken áyyemgi tarmaqları menen qatarlasıp aqqan. Bas kanallardıń saǵasında hám ayaǵında mıqlı bekinisleri bar qalalar, qalaǵa uqsaǵan qonıslar hám kishi qorǵanlar salınǵan. Kanallardıń boylarında kóp sanlı suwdı retlestirip bólistiriwshi hám suw aǵızıwshı tarmaqlar qurılǵan. Suwǵarıwǵa ıqshamlastırılıp jobalastırılǵan áyyemgi atızlıqlardıń, awıllardıń qalǵan orınları elege shekem saqlanǵan. Kangyuy dáwirinde burıngı enli, biraq sayız kanallardıń ornına endi anaǵurlım ensiz, biraq tereń kanallar payda boldı. Olar Ámiwdáryanıń ózinen tikkeley saǵa aldı. Bul dáwirde suwǵarıw isin hám qurılısların júrgiziwdiń anaǵurlım bay tájiriybelerin toplaǵan sol dáwirdiń jetik mamanları jetilisip shıqtı.

Ónermentshilik rawajlana basladı. Kangyuy dáwirindegi Xorezmniń kóplegen rayonların óz ónimleri menen támiyinlep turǵan qánigelestirilgen gúlalshılıq ustaxanaları da bolǵan. Bunday ustaxanalar Xorezmniń shep jaǵalıǵındaǵı áyyemgi Shermenjap kanalınıń boyındaǵı Gáwirqala (Xorezm wálayatında), Xorezmniń qublasındaǵı Qumbıztóbe gúlalshı ónermentlerdiń qánigelestirilgen qonısınıń ornı elege shekem saqlanǵan. Elde tek ózleriniń ǵana talapların qanaatlandıratuǵın xojalıq rawajlanǵan.

**Qoyqırılǵanqala**

Bul dáwirdegi Xorezm mámleketiniń kóp ǵana qalaları hám áskeriy qorǵanları boldı. Solardıń ishindegi ayrıqsha kózge túsetuǵını Qoyqırılǵanqala bolıp esaplanadı. Bul qala Xorezm arxeologiyalıq ekspediciyası tárepinen 1938-jılı tabılǵan hám ekspediciyası S. P. Tolstov basshılıǵında, 1952—57-jılları keń kólemli tolıq izertlew jumısların alıp bardı. Qoyqırılǵanqala Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Tórtkúl rayonında jaylasqan. S. P. Tolstovtıń pikirinshe,





*Qoyqırılǵanqalanıń maketi.*

elde patsha ataqlı adamlar ólgende olardıń denesin otqa jaǵıp jerleytuǵın hám astronomiyalıq aspan denelerin baqlaw júrgizetuǵın orın bolǵan.

Qalanıń eski atı belgisiz. Jergilikli xalıqtıń atawı boyınsha Qoyqırılǵanqala bolıp tariyx iliminen orın alǵan. Alımlar esteliktiń birinshi dáwirin qańlılar dáwirine tiyisli dep esaplaydı. Qala b.e.sh. IV ásirden, b.e. I ásiri aralıǵında gúllep rawajlanǵan. Qala aldın ala tayarlanǵan arxitekturalıq joba tiykarında qurılǵan. Ol biriniń ishine biri ornalasqan geometriyalıq sheńber túrindegi eki qorǵannan ibarat. Onda dáslep minaraǵa uqsas eki qabatlı oraylıq xram tiklengen, onıń sheńberi, yaǵnıy diametri 44,4 m, bálentligi 9,5 m, 7 metr qalıńlıqta bolǵan. Qalanıń sırtqı diywalınıń 9 minarası bolıp, xram ishinde atanaq túrinde jaylasqan altı ójire bar. Bul oraylıq ójirelerde marhum patshalardıń órtelgen súyeklериniń kúli salınǵan ossua-



*Qoyqırılǵanqala.*



*Qoyqırılǵanqaladan tabılǵan músin qálpindegi ossuariy.*



*Adam hám haywan kórinisindegi músinler.*

riylar qoyılǵan hám zoroastrizm dinine sıyınıwǵa baylanıslı hár qıylı diniy dástúrler hám máresimler ótkerilip turǵan. Xram minarası qalıń diywallar menen tutasıp, onıń sırtı tereń etip qazılǵan enli or menen qorshalǵan. Qorǵanǵa kirer awızdaǵı dárwaza óz aldına 2 minara menen bekkemlengen. Qalanıń arnawlı bólmelerinde, ruwxaniyler, xızmetkerler, áskerler, qullar jasaǵan hám azıq-awqat saqlanǵan.

Qoyqırılǵanqaladan tabılǵan bay materiallar qalanıń úlken mádeniyat orayı bolǵanlıǵın kórsetedi. Bul jerde áyyemgi kórkem óner kúshli rawajlanǵan, olar reńli boyawlar menen

súwretler salıngan jazıw úlgileri, qural-jaraqlar, bezeniw zatları, úy hám xojalıq buyımları, mádeniy eginlerdiń dánleri, nagıslar menen bezelgen gúlal ıdıslar sol dáwirdegi gúlalshılıqtıń joqarı rawajlanganlıgın kórsetedi. Qaladan tabılgan gúzelerdiń biriniń tutqaların arıslannıń basına uqsatıp islegen. Idıslardıń sırtına ańızdagı quslardıń, at ústinde shawıp baratırgan mırzalardıń súwretleri salıngan. Sonday-aq, tabılgan ıdıslardıń sırtındagı súwretlerdiń ishinde qolına bir solqım júzim uslagan aq saqallı garrınıń, óz balasın bawırına basıp taxtta otırgan hayaldıń súwretleri de ushırasadı. Qaladan kóplegen músinshiler tabılgan (olar ilimde terrakotalar dep ataladı, olar adam kórinisinde yamasa haywan kórinisinde boladı). Uzın kóylektegi, shapan jamılıp qolın kókiregine basıp turgan quday-hayal, qolına hár qıylı zatlar hám bala uslagan músinler de ushırasadı.

Jergilikli xalıq «Qoyqırılganqala»ga báhárde hám gúzde kúndiz benen túnniń teńlesiwi waqtında, kún tutılganda usı jerge kelip qudayga sıyıngan. Suw tasqını apatshılıgınıń aldın alıwga baylanıslı tilekler tilegen. Sol dáwirdiń belgili alımları formalgaut juldızın astronomiyalıq jaqtan baqlagan. Usınday baqlaw jumısların júrgiziw ushın onıń sırtqı diywallarına gezermenler menen qatar arnawlı aynalar islegen. Orta ásirlik alım Ál-Beruniy bul qala salıngan waqıttan mıń jıldan aslamıraq waqıt soń jasagan. Ol táriyiplegen astrologiya quralı, yagnıy astronomiyalıq ásbap usı qalada bolgan. Qaraqalpaqstannıń áyyemgi xalıqları erte waqıtlarda-aq kalendar hám astronomiya haqqındagı túsiniklerge iye bolgan. Bul jerde ańızdagı Siyavushtıń Xorezmge kelgen dáwirlerinde-aq kúshli mádeniy, ilimiy rawajlanıw bolgan. Anıgın aytqanda, islam dinin alıp kelgen arablarga qaraganda Áyyemgi Xorezmniń mádeniyatı, ilimi joqarı dárejede rawajlangan edi.

Kangyuy dáwirindegi Xorezmniń mádeniyatı usınday bagdarda júda joqarı rawajlangan.

***Soraw hám tapsırmalar:***

1. B.e.sh. IV—II ásirlerde Qaraqalpaqstan aymaǵında qanday qalalar gúllep jasnadı?
2. Áyyemgi Qoyqırılǵanqala óz dáwirinde qanday xızmet atqardı?
3. Qoyqırılǵanqaladan qanday tabılmalar tabılǵan?
4. Úlkemizdegi qaysı qalalarda ot xramları boldı hám olar qanday xızmet atqarǵan?
5. Sawda hám ónermentshilik qatnasıqları qanday edi?

## V BAP. QARAQALPAQSTAN I—IV ÁSIRLERDE

### §12. Kushan mámleketi dáwirindegi Qaraqalpaqstan jerleri

**Kushan dáwirindegi Xorezm**

Orta Aziya xalıqları tariyxı I—IV ásirlerde Kushan patshalıǵı menen baylanıslı. Bul dáwirdi siz «Tariyx» sabaǵınan tolıq úyrenesiz. Ilimde Kushan patshalıǵınıń baslanıw dáwiri ele tolıq jeterli dárejede úyrenilmegen. Kushan patshalıǵınıń mámleketlik dini budda dini edi. Qaraqalpaqstan aymaǵınan Jambasqala, Qumbıztepe, hám Qazaqlıjatqan qalalarınan II—III ásirge tiyisli bolǵan budda músinleri tabıldı. Soǵan qaramastan, buddizm mádeniyatınıń Xorezmge tásiri oǵada az boldı. Jergilikli diniy isenimler ómir súriwin burınǵısınsha dawam etti.

Bul dáwirde Xorezm óz ǵárezsizligin qayta tiklegen hám Kushan patshalarınan ǵárezsiz halda jasaǵan jılları boldı. III ásirdiń aqırına kelip Kushan patshalıǵı qulaydı hám onıń bir bólegi sasaniylerge qaraydı. Iran sasaniyleri Shıǵıs ellerin basıp aladı, onıń ishinde Xorezm de Iran sasaniylerdiń quramına ótedi, biraq kóp uzamay Xorezm óz ǵárezsizligin qayta tikleydi hám óziniń teńge pulların shıǵaradı.

**I—IV ásirlerdegi xojalıq**

I—IV ásirlerde Kushan dáwirinde Xorezmdegi suwǵarıw sistemaların rawajlandırıw áyyemgi dáwir dárejesi menen bahalaǵanda óziniń eń joqarı dárejesine jetken. Xorezmniń oń jaǵalıǵında ádewir uzın jańa suwǵarıw sistemaları dúzildi. Ámiwdáryanıń úlken tarmaqlarında hám tiykarǵı ańǵarında ele Kangyuy dáwirindegi kanallar hám japlar islep turdı. Bir qatar kóp suw jıynaytuǵın úlken qurılısları bar suwǵarıw sistemaları keńeydi.

Kushan dáwirinde oń hám shep jaǵalıqtıń suwǵarıw sistemaları túp-tiykarınan qayta ózgerdi. Xojalıqta suwǵarıw

jumısların júrgiziwdiń anaǵurlım únemli aldıńǵı túrleri júzege keldi. Sonlıqtan da, bul dáwirde jasaǵan xalıqlardıń ekonomikası hám mádeniyatı jaqsı rawajlandı. Gáwirqala (Paxtaarna), Madra, Vadak, Qırqqız suw tarmaqları keńeytilip bardı hám tikkeley Amiwdáryadan saǵa aldı. Nátiyjede, diyqanshılıq jer maydanları keńeydi. I—IV ásirlerde aldıńǵı daqıllar: biyday, arpa, tarı, júweri hám másh, lobiyalar menen birge paxta, jońıshqa hám kendirler ekken. Burıńǵıday keń kólemdegi júzimgershilik maydanlarında júzimniń jaqsı ónimli sortların ekken. Sonday-aq, kóp maydanlarǵa múyweler hám palız eginleri de egildi. Sharwashılıqta iri qara mallar, qoy-eshkiler, jılqı, túye hám úy haywanları baǵıldı. Xalıq ańshılıq hám balıqshılıq penen de shuǵıllandı, balıq awlawda aǵash kemeler menen awlardan paydalandı.

**Ónermentshilik**

Bul dáwirge kelip ónermentshilikte gúlalshılıq penen birge temirshilik hám toqımashılıq ta rawajlanǵan. Gúlalshılar ózleriniń ónerin ele de jetilistirip, sheberlik penen gúlal ıdıslar tayarladı. Olar shanıqta ıdıslardı tayarlap, arnawlı qumbız peshlerde pisirdi. Gúlal ıdıslardıń júdá kóp túrleri bolǵan, mısal ushın, suw saqlaw ushın úlken qumlar, bakallar, úy ruwzıgershilik buyımlarınan keseler, tabaqlar hám gúzeler tayarlap, adamlardıń mútájliklerin qanaatlandırdı hám bazarlarǵa satıw ushın tayarlap otırdı. Bunday gúlalshılıq orayları Qumbıztepe, Jambasqala, Bazarqala hám Aybúyirqala dógereginde jaylasqan. Temirshilik ustaxanaları hárbir qalada islep turǵan, olar xalıqtı kúndelikli turmısqa kerekli bolǵan úy-ruwzıgershilik buyımları menen támiyinlep otırǵan. Atap aytqanda, pıshaq, temir shıra, oraq, biz, ketpen, balta, mıstan, tastan buyımlar islengen. Temirshiler qural-jaraqlardan: sawıt, temir qalpaq (shlem), nayza, qılısh, qanjar hám oqjay ushların soqqan. I—IV ásirge tiyisli oqjay islew, súyekten qural islew ustaxanaları Topıraqqala hám Xazarasp qalalarınan tabıldı. Bul dáwirde toqımashılıq rawajlanadı, adamlar ózleriniń kiyim-kensheklerge bolǵan mútájliklerin qanaatlandırıp otırǵan, olar jergilikli ónimlerden urshıqlarda jip iyirgen. Jip iyiretuǵın

urshıq baslarıılaydan kúydirilip, alibastra hám taslardan islengen. Jampıqqala, Qoyqırılǵanqala, Xiywa, Aybúyirqala, Tók hám Mizdakxan qalalarınan urshıq basları menen paxtadan toqılǵan gezleme tawarlardıń bólekleri tabıldı.

**Qalalardıń rawajlanıwı**

I—IV ásirlerde jámiyette ózgerisler bola baslaydı, ruwshılıq dúzimniń saqlamwına qaramastan, qatlamlarǵa bóliniw dawam etedi. Úlken atalar basqarǵan shańaraqlardan kishi shańaraq iyeleri bólinip shıǵıwın dawam etedi. Iri jer iyeleri qalıń diywallar menen qorshalǵan eki-úsh qabatlı biyik háwli-qorǵanlarda jasaydı. Olar qullardıń miynetinen paydalanıp otırǵan. Qalalar sanı ósti. Ele kangyuy dáwirinde payda bolǵan Xazarasp, Dáwkesken, Gónewaz, Xiywa qusaǵan qalalar ádewir ósip, úlken qalalar dárejesine jetti. Sonıń menen birge, Topıraqqala uqsaǵan jańa qalalar payda boldı. Burıngı qalalar: Qoyqırılǵanqala, Bazarqala, Gúldirsin hám Tókqalalar qayta qurılıp keńeydi. Olar mádeniy oraylar bolıp sırtqı qorǵanları ele de bekkem etip qayta qurıldı. Qala mádeniyatı rawajlanıp, hátteki, Tókqala hám Topıraqqalalarda ishtegi suwlardı sırtqa shıǵaratuǵın suw trubaları (kanalizaciya) qurıldı. Xorezmniń oń jaǵalıǵındaǵı Tókqala (Nókis rayonında), Gáwirqala (Xojeli rayonında), Sultan Wáyis tawı, Xorezmniń shep jaǵalıǵındaǵı Shermenjap boyındaǵı Gáwirqala (Xorezm wálayatında), Xiywadaǵı Topıraqqalalar shegaradaǵı mámleketlik qorǵanlar boldı. Bul qalalar ózine tán ılayıqlı qorǵanıw dúzilisine iye, qos diywal ishindegi oq atqıshlar galereyası, minaralar, qorǵan diywaldıń aldıngı tárepindegi qosımsha diywallar hám dárwaza aldındaǵı qosımsha qorǵanıw qurılısları bolǵan. Kóplegen qalalar awıllıq diyqanshılıq elattıń orayları bolǵan. Bul qalalar sol dáwirdegi awıl-qalalardı basqarıp, suw tarmaqların qadaǵalap, sol jaylasqan diyqanshılıq orayların qorǵap basqarıp turǵan.

**Topıraqqala**

Ataqlı alım S. P. Tolstov bul qala haqqında bılay deydi: «Topıraqqala kórinisi kóz aldımızǵa Ullı Assurya saray hám xramların keltiredi...» dep táriyip beredi. Bul qala II—IV ásirlerge tiyisli siyrek



*Topıraqqalanıń joybarı.*



*Topıraqqalanıń búgingi kórinisi.*

ushırasatuğın estelik. Bul qaladan tariyxımızdıń qarańğı betlerine jaqtı kirgizetuğın mağlıwmatlar tabılğan. Topıraqqalamıń maydanı 17,5 gektar bolğan, qalanıń arqa-shığısında Áyyemgi Xorezm patshalarınıń úsh qabatlı sarayı bolıp, onda patshalar dem alıp, diniy bayramlar ótkergen. Saraydıń júzge jaqın ójireleri bolğan. Úlken zalları ılaydan islengen músinler hám sıbawdıń ústine sırlap salınğan ájayıp gózzal súwretler menen saltanatlı etip bezelgen. Sıpalarda Xorezm shahlarınıń zayıpları, jaqınları, saray xızmetkerleriniń sıyınatuğın qudaylarınıń ılaydan islengen músinleri ornalastırılğan. Zaldıń diywalları hám



*Topıraqqala gerbishlerindegi tamğalar.*

teksheleri túrli reńdegi áshekóyler, kesteler hám nağıslar menen toltırılıp bezelgen. Saraydıń «jeńis zalında» patshanıń otırğan qáddindegi hám oğan jeńis tajın kiygizip atırğan jeńis qudayınıń ılaydan islengen músini bolğan. Saltanatlı zallardıń qasında telek- ler hám óndirislik ójireler bolğan. Sonday-aq, qural-jaraq hám áskeriy buyım-úskeneleriniń telekleri, qanjarlardı soğatuğın ustaxanalar hám tağı basqa da ójireler bolğan. Onıń oraylıq ójireler dizbekleri biyik bolıp, házirgi kúnniń ózinde jer betinen 25 metr biyiklikte jaylasqan. Qalanıń gerbishlerinen qaraqalpaq ruwlarmıń tamğalarına uqsaytuğın tamğalar tabıldı. Bul qalanı salıwğa qaraqalpaqlardıń ata-babalarımıń da qatnasqanın kórsetedi. Mısalı, Qońırat-qaramoyın ruwınıń tamğası ĞT—tuğır. Qońırat-qostamğalı ruwınıń tamğası ĞII—qatara qos tayaq. Qıpshaq ruwınıń tamğası ĞI—bir tayaq, Keneges ruwınıń tamğası Ğ+—atanaq. Múyten ruwınıń tamğası ψ—shanıshqı. Usı tamğalar házirgi kúni tap sol túrinde aytıladı. Sonday-aq, qala sarayınıń diywallarına salınğan nağıslar XX ásirdegi qaraqalpaqlardıń qarshınlarındağı hám kiyimlerindegi nağıslarğa uqsas hám sáykes keledi.

Topıraqqala Áyyemgi Xorezm mámleketiniń III—IV ásirlerdegi sıyınıw orın boldı. Bul qala antik dáwirindegi qala mádeniyatınıń ayqın mısalı. II—IV ásirlerde Xorezmniń paytaxtı Topıraqqala bolğan. V—VI ásirlerge kelip qala turmısı toqtaydı, qala qarabaxanası ossuariylar qoyılatuğın qábirstanğa aylandı.

**Aqshaxanqala** Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Beruniy rayonınıń «Azat» atlı shirketler xojalığı aymağında Qazaqlıjatqanqala, xalıq arasında Aqshaxanqala dep atalğan Patsha sarayı kompleksi tabıldı. Qaraqalpaqstan aymağındağı usı kúnge shekem tabılğan áyyemgi hám orta ásirlerdegi arxeologiyalıq esteliklerdiń ishindegi kólemi boyınsha eń úlkemi bolıp esaplanadı. Qala Tashqırman kanalınıń boyında bolıp, ulıwma maydanı 42 gektardı quraydı. Keyingi jıllardağı arxeologiyalıq baqlaw hám qazılmalardıń nátiyjesinde, usı kúnge shekem tabılmağan Áyyemgi Xorezmniń b.e.sh. IV—II ásirdiń baslarına tiyisli paytaxtlardıń biri ekenligi boljamaqta. Biraq




*Aqshaxanqala xramı rekonstrukciyası.*



*Qızılqala.*



*Qırıqqızqala.*



*Ǵáwirqala.*



*Ayazqala.*



*Qorǵasınqala.*



*Gúldirsin qalasınıń qorǵanıw minarası.*





*Jambasqala.*

ilimpazlardıń barlıǵı bul pikirlerge qosılmaydı, Aqshaxanqalasın izertlew dawam etpekte. Bul dáwir Xorezmniń Ahamoniyler imperiyası quramınan bólinip shıǵıp, ǵárezsiz mámleketke aylanǵan dáwirine tuwrı keledi. Qalanıń qorǵan diywalları tórt múyeshli bolıp, arqa batıs múyeshi birinshi salınǵan.

Aqshaxanqalasınıń mádeniy qatlamlarınan diywallarında reńli boyawlar menen jazılǵan derekler hám súwretlew kórinisleri tabıldı, bul qaldıqlar b. e. sh. II ásirdiń aqırı hám biziń eramızdıń I ásirlerine tiyisli bolıp esaplanadı. Bul súwretler kóbinese, kórinislerdegi adamlardıń basında tájdıń kórinisi sáwlelengen, sol dáwirlerdegi Áyyemgi Xorezmdi basqarǵan patsha dinastiyalarımń kórinisi bolıp, kórinisler arasındaǵı jazba maǵlıwmatlar bar. Bul «galereyadaǵı» súwretlengen shaxslardıń atları bolıwı itimal. Qaladan II ásirge tuwrı keletuǵın ibadatxana ashıldı.

***Soraw hám tapsırmalar:***

1. Kushan mámleketiniń payda bolıwı hám onıń patshaları haqqında aytıp beriń.
2. Kushan dáwirindegi Xorezm mádeniyatı qanday edi hám Kushan mámleketiniń tásiri boldı ma?
3. Xorezm patshaları teńgelerdi qalay shıǵarǵan?
4. Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı Kushan dáwiri qalaları qaysılar?
5. Topıraqqala qaysı dáwirdiń esteligi?
6. Qalanıń qurılması haqqında aytıp beriń.
7. Topıraqqaladan tabılǵan gerbishlerden qaraqalpaqlardıń qaysı ruwlarınıń tańbaları shıqqan?
8. Saraydıń «jeńis zalı» qanday etip bezelgen hám qalay oylaysız, ne ushın?
9. Topıraqqala ómir súriwin qashan toqtattı?

## §13. Qubla Aral boyı jerleri xalıqlarınıń kiyim-kenshekleri, shańaraǵı, áskeriy quralları hám de IV—VI ásirlerdegi jámiyetlik-siyasiy turmısı

**Jámiyetlik-siyasiy jaǵday**

IV—VI ásirler Xorezmde «Ilaysańlı jıllar» dáwiri dep ataladı. Bul eldegi qul iyelewshilik dúziminiń qulawı hám jańa feodallıq jámiyetlik qatnasıqlardıń payda bolıwına baylanıslı kelip shıqqan daǵdarıslı dáwirler edi. III—V ásirlerde Aral boyına, Xorezm oazisine Altay, Jetisuw, Batıs Sibir, Shash (Tashkent) oazisi jerlerinen hám Sırdárya jaǵalarınan kóshpeli sharwa yarım túrk qáwimleri kelip, jergilikli xalıqlar menen aralasıp jasay baslaydı. Siyasiy-ekonomikalıq jaqtan hálsiregen Xorezm mámleketi kóship kelgen, bul kóshpeli qáwimlerdiń el ishine aralasıp jasawına qarsılıq kórsete almaydı. Shıǵıs Iran tilinde sóylegen xorezmlilerdiń arasında túrklerdiń sanı kóbeydi. Túrkiy qáwimlerdiń tásiri astında jergilikli xalıqlar kem-kemnen túrklese basladı. Solay etip, kushan-afriǵiy dáwiri Áyyemgi Xorezm tariyxında onıń aldındaǵı mádeniyatınan ádewir ózgeshe bolǵan jańa mádeniyattı dóretken dáwiri boldı.

IV—V ásirlerdegi siyasiy hám ekonomikalıq daǵdarıstan keyin, óndiris qatnasıqları qáliplese basladı. Bul dáwirde social-ekonomikalıq qatnasıqlarda ádewir alǵa ilgerilewler boldı. Aral boylarında ertedegi feodallıq óndiris qatnasıqlardıń ósiwi menen úlken qalalardan turmıs kóbirek awıllıq elatlarǵa ótedi. Jámiyette iri jer iyeleri bólinip shıǵa basladı. Olar jámiyet turmısında úlken abırayǵa iye bolıp, mal-múlk iyesi, awıl aqsaqalları, ruw hám qáwim basshıları boldı. Erte orta ásirlerde «diyqan», yaǵnıy «awıl hákimi» dep atalǵan hám olar aqsúyek qatlam sıpatında tanılǵan jerler miyraslıq múlkke aylanǵan. Jańa aqsúyek qatlam wákilleri jámiyettegi puqara (jarlılar) «kediverlerdi», «kashovarz»lardı (jer súriwshi, qos aydawshılardı) óz jerlerine bekitip isletti hám ijaralarǵa berip otırdı. Bul V—VI ásirlerde feodallıq qatnasıqlardıń qáliplesiwine hám ekonomikalıq jaqtan jámiyettiń alǵa ilgerilewine óz tásirin

tiygizdi. Jámiyette jekke bóliniwshilik kelip shıqtı, olar ústem klass wákilleri menen olarǵa ǵárezli puqaralar qatlamı edi. Áskerbasılar mámleketke islegen xızmetleri ushın hákimlerden sawǵaǵa jerler aldı. Kópshilik jaǵdayda iri jer iyeleri ápiwayı xalhqqa ijaraǵa jer berip, olardı ǵárezli puqaralarǵa aylandırıp otırdı.

III—IV ásirlerde siyasiy-ekonomikalıq jaqtan daǵdarısqa ushıraǵan Xorezmniń kóplegen qalaları qańırap bosap qaldı. Qoyqırılǵanqala, Aybúyirqala, Jambasqala, Bazarqala, Iyshanqala, Aqshaxan hám taǵı basqa da qalalarda tirishilik toqtadı. Topıraqqala IV ásirden baslap bul jerde ossuariyler qoyılatuǵın qábirstanǵa aylanadı. Kelteminar, Tazabaǵjap hám Xeykanik (Palwanjap) kanalları boylarındaǵı egislik jerler maydanı qısqaradı.

**Áyyemgi shańaraq**

B.e.sh. IV-II ásirlerde adamlar atalar basqarǵan úlken shańaraqlarda jasaǵan. Iri jer iyeleri hám diyqan aristokratlar óz shańaraq aǵzaları menen kóp bólmeli eki, úsh etajlı biyik háwli qorǵanlarda jasaǵan. Bul shańaraqlar qullar miynetinen paydalanǵan, olardıń shańaraq aǵzalarınıń hárbirinde qullar bolǵan. I-III ásirlerde ekonomikanıń ósiwi úlken shańaraqlardan kishi shańaraqlardıń bólinip shıǵıwına jaǵday tuwdırdı. Biraq bul basım kópshilikti quramaǵan. usı dáwirde Aral boylarındaǵı kóshpeli sharwalarda tuwısqan úlken atalar basqarǵan shańaraqlar jasaǵan.

I—IV ásirlerdegi shańaraqlar haqqındaǵı maǵlıwmatlardı Topıraqqaladan tabılǵan arxiv dereklerinen bilemiz. Bul taxtaǵa hám terige jazılǵan xojalıq hújjetleri bolıp, onda úylerdiń sanı yamasa er adamlardıń sanı kórsetilgen.

Topıraqqala hújjetlerin oqıǵanda II—III ásirlerde Xorezmde úlken shańaraqlar «Vut» (úy, shańaraq) dep atalǵan. Hárbir «Vut» quramına uy iyesi, hayalı, balaları, kúyew balaları hám úy qulları kirgen. Mısalı, 8-hújjette úyde 17 qul hám olardıń 12 si úy iyesi xızmetkeri delingen. Qullarda «Vut», yaǵnıy shańaraq quramına kirgizilip, shańaraq iyesi úlken hákimlik

huqıqqa iye bolǵan. Xorezmde II—III ásirlerde qullarǵa iye úlken shańaraqlar bar edi.

Sol dáwirge tiyisli úlken shańaraq «vut» 20—40 er adamlardan ibarat bolıp, bunday shańaraqlar 10—15 ójireden ibarat turaq jaylarda jasadı. Awıllıq jerlerde, ásirese Ayazqala hám Jambasqala dógeregindegi mákanlarda ayırım úylerdiń maydanı 675—970 kv.m. bolıp hám onda shama menen 20—40 adam jasaǵan.

II—IV ásirlerde jasaǵan adamlardıń mákan jayları úyrenilgende óz aldına xojalıq júrgiziwine baylanıslı shańaraqlar qáwimlerden bólinip shıqqan. Ulıwma, I—IV ásirlerde Aral boylarında shańaraqlardıń quramı, sanı turaqlı bolmaǵan, yaǵnıy úlken iri shańaraqlardan ibarat jámiyettiń ózgerip turǵan hám geyde olardan mayda shańaraqlar bólinip shıǵıp turǵan.

**Aral boyı xalıqlarınıń kiyimleri**

Aral boyı xalıqlarınıń kiyimleri haqqında arxeologiyalıq tabılmalar hám jazba derekler kóplegen maǵlıwmatlar beredi. Olardan ataqlı grek tariyxshısı Geradot Greciyaǵa atlanıs jasaǵan ahamoniyler patshası Kserkstiń láshkerleri arasında xorezmlilerdiń bolǵanlıǵın hám olar midiyalılardıń bas kiyimine uqsaǵan kiyizden qulaqshını bar bas kiyim kiygenligin jazadı. Ahamoniylerdiń taslarǵa oyıp islengen súwretlerinde xorezmliler, saklar naǵıslar yamasa teri menen jiyeklengen uzın shekpen yamasa shapanda, balaǵı tar shalbarda, ushlı hám jumsaq ayaq kiyimde súwretlengen. Olardıń basında qulaqshınǵa uqsaǵan alqımınan ilingen sopaq ushlı toppılar kiygen.

I—IV ásirlerge tiyisli er adamlardıń usınday kiyim-kenshegi, Topıraqqala hám Sultan Wáyis taw etegindegi súwretlerinde hám músinlerinde berilgen. Tabılǵan músinlerge qaraǵanda hayal-qızlar bir tutas uzın, geyde beli buwılǵan kóylek, iynine jegde, keń oramal jamılıp, ayaqlarına jumsaq etik hám basına biyik malaqay kiygenin bilemiz. Geyde basın oraǵan hám dizbe monshaqlar, júzik bilezikler, sırǵalar hám basqa da bezeniw zatları menen bezengen.

**Áskeriy qural-jaraqlar**

S. P. Tolstov Áyyemgi Xorezm hám saklardıń áskeriy qural-jaraqları haqqında jazgan. Gerodottıń maglıwmatı boyınsha (b.e.sh. V ásir) ahamoniy áskerlerinde xızmet etken xorezmliler hám saklar sawashlarda erlik kórsetken. Olar nayza, qılısh hám uzaqqa atılatugın oqjay menen qurallangan. Bul dáwirde ele quramalı oqjay keń taralmagan. Arxeologiyalıq tabılmalarda kelte qılısh,



*Áskeriy qural-jaraqlar.*

awır uzın qılısh, sawıt kiygen, uzın nayza, domalaq top (tas yamasa qumbızlarda pisirilgen ilay oqlar) qurallarınan urıslarda paydalanǵan. Urısta baslı soqqı beriwshi kúsh atlı áskerler bolǵan.

Xorezmliler b.e.sh. IV—III ásirlerde temir qabırshaqlardan islengen áskeriy sawıtlardan paydalanǵan. Bunıń úlgisi Shirik-Rabad esteliginen sawıt bólekleri tabıldı. Bul dáwirde qısqa qılıshtıń ornına awır ushlı qılıshlar payda boldı. Bunday qılıshtıń tutqasınıń kórinisi Topıraqqalanıń «Patshalar úlken ójiresindegi» músinlerde saqlanǵan. B.e.sh. IV—III ásirlerdegi esteliklerden hár qıylı formadaǵı oqjaydıń oǵınıń ushları tabılǵan. Oqjaylardıń oqları qoladan islengen, úsh qırlı hám úsh quyrıqlı oqlardıń ushlıqları bolǵan. Topıraqqaladan oqjay, oqlar, olardıń altın jalatqan qını, qoladan islengen belbew hám sawıttıń bólekleri tabıldı.

***Soraw hám tapsırmalar:***

1. Ne ushın IV—VI ásirler Xorezmde «İlaysanlı jıllar» dáwiri dep ataladı?
2. Túrkiy qáwimlerdiń úlkemizge keliwi haqqında aytıp beriń.
3. B.e.sh. IV—II ásirlerdegi shańaraqlar qanday dúzimde edi?
4. Qaraqalpaqstannıń áyyemgi xalıqlarınıń qural-jaraqları hám áskeriy sheberligi haqqında aytıń hám olardı Orta Aziya xalıqlarınıń qural-jaraqları hám áskeriy sheberligi menen salıstırıp kórsetiń.
5. I—IV ásirlerge tiyisli er hám hayal-qızlar kiyim-kenshekleri qanday bolǵan?
6. Hayal-qızlardıń taǵınshaqların búgingi dáwir taǵınshaqları menen salıstırıń.

## §14. B.e.sh. IV—I hám I—IV ásirlerde Aral boyı xalıqlarınıń mádeniyatı

**Kórkem óner**

Áyyemgi Aral boyı xalıqlarınıń mádeniyatı b.e.sh. VII—VI ásirlerge tán jergilikli sak-massaget xalıqlarınıń tiykarında payda boldı. Súwretlew mádeniyatınıń eń dáslepkileri skif — sibir haywan tárizinde bolǵan. B.e.sh. VI ásirdiń aqırında Xorezm mámleketi parsılar tárepinen jawlap alınıp Ahamoniyler Imperiyası menen baylanıslar jasaǵan.

Sultan Wáyis tawlarınan tabılgan tas kapiteli b.e.sh. IV ásir baslarına tán bolıp, bunnan, Iran mádeniyatınıń tásirin kóremiz.

B.e.sh. II ásirlerde Xorezm mádeniyatına Orta Aziyadaǵı mámleketler tárepinen ellenizm mádeniyatı taray baslaydı. Bul mádeniy tásirdiń kúshliligi, ásirese Gáwirqala mısalında kóremiz, onda Ellin tipindegi músin tabılǵan. Músin qızıl reńli gúlaldan islengen kóriniste tóbesi ushqır qalpaq kiygen áskerdiń bası sáwlelengen. B.e. I—II ásirlerine tán bolıp, házirgi waqıtta Moskva qalasındaǵı Shıǵıs eller mádeniyatı muzeyinde saqlanbaqta.



*«Gopatshah» atlı ápsanawiy adam tárizli mahluq túrinde sáwlelengen kórinis eki ayaǵın dene astına jıynap jaǵı astında saqal hám eki jaqlama múyiz kórinisi sáwlelengen. Bul Qaraqalpaqstan Respublikası Úlke tanıw muzeyinde saqlanbaqta.*

I—IV ásirlerge kelip Aral boyı xalıqları ózine tán kórkem ónerge iye bolǵan. Adamlardıń hám haywanlardıń súwretlerin salıw, músinle-

rin jasaw, arxitekturalıq qurılıslarǵa súwretler salıw rawajlanadı. Xorezm músinshileri kórkem ónerdiń ajayıp úlgilerin dóretken. Músinshiler sol dáwirdegi adamlardıń túr-túsin, kiyim-kensheklerin, kelbetin dál ózi etip, aynıtpay bere alǵan. Adam hám haywan músinlerin islew sheberligi joqarı dárejede bolǵan. Mısalı ushın, Gáwirqaladan tabılǵan er adamnıń basınıń kórinisi, onıń ruwxıy kelbetin kórsetip beretuǵın skulptura bolıp esaplanadı. Arxitekturalıq qurılıslarǵa súwretler salıwda hár túrli reńlerden paydalanılǵan, imarat ishlerin naǵıslar menen bezegen, ılaydan, alebastradan soǵılǵan músinler menen hám diywaldıń betine túsirilgen súwretler menen bezegen.



***Gáwirqaladan tabılǵan músin.***

II—III ásirlerdegi kórkem óner úlgilerin Topıraqqala tabılmalarınan kóremiz, onda saraydıń úlken saltanatlar zallarınan qudaylardıń, patshalardıń hám olarǵa jaqın tuwısqan adamlardıń súwretleri islengen. Topıraqqaladan tabılǵan súwretler biziń kúnimizge shekem tolıq kórinisinde jetip kelmegen, sonlıqtan da olar haqqında tolıq túsinikke iye emespiz. Olardan ayırım kórinisler «jip iyiriwshi hayal», «saz shertip otırǵan hayal» h.t.b. saraydıń derlik barlıq ójirelerinde jolbarıs, qırǵawıl, balıq, qara qus, reńli naǵıslar, bir ójirede muzıka ásbaplarınıń súwretleri salınǵan.

Áyyemgi xorezmliler sıyınǵan qudaylardıń músinleri úlken sheberlik penen jasalǵan. Olardıń arasında Anaxita qudayı, quyash qudayın ańlatqan Mitra yamasa Siyavush bar. B.e.sh. IV—III ásirlerdegi hám onnan birqansha keyinirek dáwirdegi Xorezm kórkem óneri haqqında maǵlıwmatlar gúlal ıdıslardıń sırtındaǵı súwretlerde sáwlelengen. Olar ańshılıqtı, saray turmısın, Áyyemgi Xorezm ápsanalarınan alınǵan úzindilerdi ańlatqan. Al, gúlalshılıq yamasa tas mórlerdegi súwretlerdiń mánisleri sol dáwirdegi yamasa onnan birqansha burınǵı skif kórkem óneriniń dástúrleri ushırasadı. Quslardıń súwretleri kóbirek ushırasadı. I—IV ásirlerde Qubla Aral boyı qalalarında ónerment ustalar sheberligi rawajlanadı, hár túrli formada islengen naǵıslar menen bezelgen ıdıslar keń tarqalǵan.



*Topıraqqaladan tabılǵan músinler hám diywaldaǵı súwretler.*

**Teńgeler** Birinshi ásirlerde Xorezm mámleketiniń tariyxında birinshi teńgeler basıp shıǵarılǵan. Olardıń birinde patsha súwreti, ekinshi tárepinde atlı adamnıń súwreti hám jazıwlar basılǵan. Olar Grek-Baktriya patshası Evkratit teńgelerine uqsas túrde shıǵarılǵan. Áyyemgi Xorezmde mámleketlik teńgeler turaqlı basıp shıǵarılıp otırǵan. Bul sol dáwirde mádeniyat hám ekonomikanıń, xalıqaralıq qatnasıqlardıń bekkemlengenligin bildirse, oraylasqan mámleket belgisin kórsetti. I—IV ásirlerde Aral boyları hám Xorezm Kushan patshalıǵı menen ekonomikalıq hám mádeniy baylanısta bolǵan. Kushan patshalarınıń mıs teńgeleri Aral boyı qalalarında ushırasadı. Bul jerde kushan teńgeleri qayta basıladı. S. P. Tolstov juwmaǵı boyınsha, Xorezm Kushan patshalıǵına qaraǵan dep esaplaydı. Bul dáwirde Xorezm Ǵ«Ullı Jipek jolı» arqalı Aral boyları, Qıtay, Hindstan, Batıs Iran, Siriya, Rim imperiyası menen sawda baylanısların ornatqan bolıp, Kushan teńgeleri Xorezm qalalarına sawda jolı menen kelip túsedi. Onday bolsa Xorezm Kushan patshalıǵınan ǵárezsiz mámleket bolǵan.

Biziń eramızdıń III ásirinde Xorezm patshaları óz teńgesin shıǵardı. Elde aylanısta bolıp turǵan kushan teńgelerin qayta quyıp, Xorezm patshalarınıń atı menen shıǵarǵan. Kushan teńgeleriniń betine Xorezm patshaları óz tamǵaların basqan.





Kushan patshası Kanishka dáwirinde shıǵarılǵan onıń atı jazılǵan teńgeler Qaraqalpaqstannıń áyyemgi Xorezm dáwirindegi esteliklerinde júdá kóplep ushırasadı. B.e.sh. III ásiriniń baslarınan baslap Xorezm patshalarınıń súwreti salınǵan teńgeler de payda bolǵan. Topıraqqaladan Áyyemgi Xorezm patshası Arsamux I hám onıń zayıbınıń súwreti salınǵan teńgeler tabılǵan. Áyyemgi Xorezm teńgelerinde patsha Arsamux I miyrasxorlarınıń biri retinde Vazamar degen at bar. Onıń atınan gúmis teńgeler shıǵarılǵan. Áyyemgi Xorezm jazıwı, Áyyemgi Xorezm patshaları Arsamux hám Vazamardıń súwreti salınǵan mıs hám gúmis teńgeler b.e.sh. III ásirinde Áyyemgi Xorezmde keń taralǵan. Bul dáwirde Xorezm mámleketi gúllengen, qúdiretli mámleket bolǵan.

**Jazıwlar**

B.e.sh. I mıńınshı jıllardıń ortalarına tiyisli aramey háripleri tiykarındaǵı jazıw rawajlanǵan. Bul dáwirdegi jazıw elde mádeniyattıń joqarı dárejede bolǵanlıǵınıń belgisi. Qoyqırılǵanqalada b.e.sh. III yamasa II ásirlerde jazılǵan jazba nusqalar usı kúnge shekem kelip jetken.

Xorezm Ahamoniyleri mámleketi arqalı Aldıńǵı Shıǵıs elleriniń joqarı mádeniyatı menen qarım-qatnasta boldı. Bul baylanıslar Xorezm mádeniyatına belgili dárejede unamlı tásir etti. Bul dáwirde Aldıńǵı Shıǵıs mádeniyatınıń jaqsı úlgilerin



*Topıraqqaladan tabılǵan jazıwlar.*

qabılladı. Usınday mádeniy baylanıslardıń ornatılıwı bul úlkede mádeniyattıń joqarı dárejede rawajlanıwına alıp keldi.

Qaraqalpaqstan hám Xorezmde b.e.sh. IV—II ásirlerde jasaǵan xalıqlar Shıǵıs Iran tiliniń hár túrli dialektinde sóylegen, bul haqqında dáryanıń oń tárepindegi Qoyqırılǵanqala, Ayazqala I, Búrliqala, Topıraqqala, Mizdakxan, Tókqala, shep

tárepindegi Gáwirqala, Úlken Aybúyir, Qumbıztepe hám basqa da esteliklerden tabılǵan jazba nusqalar maǵlıwmat beredi. B.e.sh. IV ásirlerde aramey jazıwları tiykarında, dáslepki jazıw payda bolǵan hám bul jazıw arablardıń Orta Aziyanı jawlap alıwına shekem qollanǵan. Qoyqırılǵanqaladan b.e.sh. III ásirge tiyisli jazıw úlgileri tabıldı. Jazıw shıǵıs iran tilleri sóylewinde jazılǵan. Bir qumda Aspabarak yamasa Aspabadak sózi jazılǵan, ol atlı adam yamasa at ústindegi jawınger degen mánini ańlatadı. Qaladan bunday sózler kóplep tabılǵanlıǵı ushın S. P. Tolstov bul jazıwlardı Áyyemgi Xorezm jazıwı dep ataǵan.

Erte kangyuy dáwirinde aramey alfaviti negizinde Áyyemgi Xorezm jazıwı payda bolǵan hám ol Áyyemgi Xorezm jazıwı retinde keńnen taralǵan. Bul jazıwlardı túrli nárselerge jazǵan, olardan gúlal ıdıslarǵa tush penen jazǵan, yamasa oyıp jazǵan, qurılıs diywallarındaǵı sıbawlarǵa, terilerge, aǵashlarǵa hám de súyeklerge, ossuariylerge de jazǵan, hátteki, Qoyqırılǵanqaladan adam músinine jazılǵan jazıw tabıldı.

Bul dáwirge tiyisli Topıraqqalanı qazıp izertlew waqtında tabılǵan eramızdıń III ásirine tiyisli saray arxivi tabıladı. Bul qaladaǵı xalıq aǵash taxtashalarǵa, tayaqshalarǵa hám terige jazǵan. Alımlar Topıraqqaladan júzden aslam Áyyemgi Xorezm tilindegi hújjetlerdi tapqan. Arxiv xojalıq hújjetleriniń jıynaǵına uqsaydı. Izertlewshilerdiń boljawınsha, bul hújjetler shah ǵáziynesine kelip túsetuǵın salıqlardı jazıp qoyǵan salıq dizimleri bolǵan.

Áyyemgi Watanımızda sózsız eldiń tariyxıy, ádebiy, diniy, ilimiy ádebiyatlardıń bolǵanlıǵı sózsiz. Jerlesimiz Abu Rayxan Beruniydiń jazıp qaldırıwı boyınsha, arablar bastırıp kelgende olardıń barlıǵı joq etilgen. Sonlıqtan da, biziń tariyxımızdıń jazba derekleri búgingi kúnimizge shekem kelip jetpegen.

### *Soraw hám tapsırmalar*

1. B.e.sh. II ásirlerde Xorezm mádeniyatına qaysı mádeniyat tásiri boldı?
2. I—IV ásirlerge kelip Aral boyı xalıqlarında qanday kórkem óner túri rawajlanadı?

3. Qaraqalpaqstan jerindegi áyyemgi sahra xalıqlarınıń turmısın Áyyemgi Xorezm xalıqları hám Orta Aziya xalıqlarınıń turmısı menen salıstırıp kórsetiń.
4. Topıraqqaladan Áyyemgi Xorezmniń qaysı patshası hám onıń hayalınıń súwreti salınǵan teńgeler tabılǵan?
5. Qaraqalpaqstandaǵı qul iyelewshilik dáwiriniń mádeniyatı Orta Aziya xalıqlarınıń sol dáwirdegi mádeniyatı arasında uqsaslıqlar bar ma? Atap kórsetiń.
6. Qaraqalpaqstandaǵı qul iyelewshilik dáwiriniń esteliklerin kartadan kórsetiń.

## §15. Zardushtiylik dini

**Zardushtiylik dini hám onıń qudayları**

B.e.sh. IV—II ásirlerde Qaraqalpaqstan jerinde jasaǵan xalıqlar zardushtiylik dinine isengen. Bul dinniń tiykarın Orta Aziyada spitama ruwınan shıqqan Zardusht saladı, ol shayır, filosof hám payǵambar bolǵan. Ol óz tálimatın járiyalaǵan dáwirde jasaǵan qáwimler tábiyat kúshlerine hám hár qıylı haywanlardı muqaddes dep bilip sıyınatuǵın edi. Zardusht tálimatlarında jerde hámme waqıt jaqsılıq penen jamanlıq gúres júrgizedi, jaqsılıq qudayı **Axuramazda** — jaqsılıq, toqshılıq, saw-salamatlıq, tınıshlıq hám basqa da jaqsı qásiyetler qudayı bolǵanı ushın oǵan sıyınıp ulıǵlawdı násiyatlaydı. Zardushtiyliktiń qudaylarınıń ishindegi anaǵurlım húrmetlisi kún hám jaqtılıq qudayı **Mitra** menen zúráátlilik hám suw qudayı **Anaxita** bolǵan. Bul qudaylar jamanlıq penen gúresiwshi adamlardıń qúdiretli qayırqomları bolǵan hám olardı jeńiske eristirip otırǵan.

Zardushtiylikte, dúnyadaǵı barlıq nárseler haq niyet hám qara niyetlerge, yamasa jaqsılıqqa hám jamanlıqqa qosıladı. Adam jaqsılıq penen jamanlıqtı tańlay biliwi kerek dep esaplaǵan. Zardushtiyliktiń tálimatlarında jaqsılıqqa jol kórsetken. Jamanlıq penen gúrestegi adamzattıń tiykarǵı wazıypası bárinen burın onıń ádil turmıs keshiriwi dep qaraladı. Bul dinnin tiykarǵı ideyası **«Jaqsı oy, jaqsı sóz, jaqsı is»** delingen. Ilimpazlardıń



pikirinshe, házirgi kúndegi tumarlardıń úsh múyeshi usı úsh ideyanı bildirgen.

Qaraqalpaqstanda otqa sıyınıwshılıq Zardusht tálimatınan aldın bolǵan. Zardusht tálimatınan aldıngı diniy dástúrler bul din dástúrlerine qosılıp ketedi, zardushtlardıń tiykarǵı dásturleriniń birine aylandı. Sonlıqtan da, bul dindi «otqa sıyınıwshılar» dini dep ataydı. Shıǵıstanıwshı ataqlı alımlar N. Mapkvart, S. P. Tolstov hám A. P. Freymanlar Zardushtiylik dininiń muqaddes kitabı «Avesto»nı Xorezmde jazılǵan dep tastıyıqlaydı. Onda Turan aymaǵındaǵı jasawshı barlıq xalıqlardıń áyyemgi ilahiy túsinikleri, jerdegi dúnyanıń jaratılıwı menen baylanıslı túsinikler, ańız hám ráwiyatlar, ádep-ikramlılıq kózqarasları, úrp-ádetleri sáwlelengen. Avestoda aytılıwınsha, zardushtiyler ot, jer, suw, hawanı muqaddes dep esaplaǵan hám olardıń tazalıǵın talap etken.

**Ossuariyler**

Zardushtiyliktiń dástúrleriniń ishindegi jerlew dástúri ayrıqsha bolıp, basqa dinlerge uqsamaydı. Bul dinniń jerlew dástúri boyınsha marhumlardıń denesi ayrıqsha soǵılǵan orınǵa — dóńislikke aparıp qoyılǵan. Bul biyiklik **daxma** dep atalǵan. Ol jerde marhumnıń denesin quslar hám jırtqısh haywanlar jeytuǵın bolǵan. Sońınan súyeklerdi arnawlı ıdıslarǵa — ossuariylerge salıp saqlaytuǵın bolǵan. Ossuariy — ılaydan jasalǵan qutılar bolıp, bul ıdıslar hár túrli kóriniste bolǵan. Eger ataqlı adamlar jerlense ossuariylerge hár túrli mazmunda súwretler salınǵan, ayırım ossuariyler músinler kórinisinde bolıp, olar haywanat yamasa adam túrinde bolǵan. Ápiwayı xalıq ossuariy ornına ápiwayı gúlal ıdıslardan da paydalanǵan. Hárbir úyde arnawlı ossuariyler qoyılatuǵın bólmeler bolǵan. Ossuariyler tas, ılay hám alibastralardan islengen.



*Úlkemiz aymaǵında tabılǵan hár túrli ossuariyler.*

**Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı Zardushtiylik dinine tiyisli estelikler**

Respublikamız aymaǵındaǵı kópleǵen estelik hám qoyımshılıqlardan adam súyegi salınǵan ossuariylar tabılǵan. Olardan: Xojeli qalasınan Mizdakxan, Jumart qassap, Nókis rayonınan Tóktaw, Úyikqala, Shımbay rayonı Qusqana tawınan, Nókiste Shorsha, Tórtkúl rayonı aymaǵınan Yakka-Parsan, Qabatqala, Anka, Qoyqırılǵanqala, Ayazqala, Shoraxan, Ellikqala rayonınan Jambasqala, Topıraqqala, Gúldirsin, Úlken Aybúyir, Dumanqala, Gáwirqala Beruniy rayonınan Pilqala, Ústirt kenisligindegi Joqarı Uzboy jerlerinen tabılǵan. Ayırım ossuariylerde qaraqalpaqlardıń jerlew dásturi

**Zardushtiyliktiń qaraqalpaq dástúrlerindegi izleri**

Xalqımızdıń eń áyyemgi dáwirin úyreniwge járdem beretuǵın jazba derek bul Zardusht dininiń muqaddes kitabı «Avesto» kitabı bolıp esaplanadı. «Avesto»da baylıq hám baxıt táńri bolǵan «Qumay qus» haqqında aytıladı. Ol respublikamızdıń bayraǵında sáwlelengen. Zardushtlardıń iseniminde dúnyadaǵı barlıq waqıya, hádiyseler ot, suw, jer hám hawa sıyaqlı tábiyattıń tórt tayanıshı arqalı boladı, bular ot, suw, hawa, jer, sonlıqtan olardı sharapatlı hám muqaddes dep bilgen. Ásirese, olar ottı qásterlew, onı kúnniń jerdegi bir bólekshesi, adam baxtınıń deregi hám kúsh qúdireti dep oǵan sıyınǵan, onı gúnadan páklewshi tiykarǵı kúsh dep qaraǵan. Otqa arnap ateshxanalar qurǵan, bayramlar shólkemlestirgen, sonlıqtan da, bul din otqa sıyınıwshılıq dini dep esaplanadı. Qaraqalpaqlar shańaraǵında ot janatuǵın oshaqtıń aldına áteshtan qurǵan. Onı pataslawdı qadaǵan etken.



***Topıraqqala hám Jambasqalalardan tabılǵan ot xramlar.***

Shańaraq basshısı «otaǵası» dep atalıp. shańaraq iyesi esaplanǵan. Sonday-aq, ot penen emlew, ottan alaslatıp tazalandırıw, tútin tútetip páleketti quwıw sıyaqlı ádetler «Avesto»da jazılǵan hám bunday ádetler búgingi kúnimizge shekem saqlanıp kelmekte. Mısalı ushın: quwanıshlı waqıyalarda otqa may quyıw, jańa túsken kelinshekti ottan atlatıw olardı páklew ushın isletilse, bále-qadalar, yaǵnıy, jin-jıpırlar qashıwı ushın júkli hayallar ottan atlatılǵan, geyde ot penen ushıqlaytuǵın bolǵan. Xalıq arasında oshaqtı qattı húrmetlew keń tarqalǵan, oshaqtan atlawǵa bolmaydı, oshaqqa suw quyıwǵa bolmaydı, oshaqtan shıqqan kúl bir jerge toplanıp qoyılǵan, jáne balalarǵa ot penen oynawdı qadaǵan etip, bul jaman ádet dep qaraladı.

Sonday-aq, «Avesto»da suwdı patas gúzege quyǵanı ushın dúrre urıw menen jazalaǵan. Ata-babalarımız arasında suwdı qásterlew, «suw joq jerde ómir joq», «suwǵa túpirme» degen násiyatlar tarqalǵan. Elde suwsızlıq bolsa dárya ultanına qurbanlıq shalınǵan, kesh bolǵanda hayallar suw boyına barıw qadaǵan etilgen, neke suwın ishiw, suwdıń betin jawıp qoyıw, awırǵan jaǵdaylarda dáryanıń arǵı jaǵına ótiw hám taǵı basqa da dástúrlerge elege shekem ámel etiledi. «Avesto»da bir qatar haywanlar qásterlenip sıyınǵan, olardan: iyt, qoshqar, at, taw eshkisi (jeyran) sıyır qusaǵan haywanlar. Ásirese, zardushtlardıń iytke múnásibeti joqarı bolǵan, oǵan azap bergen adamlar mıń qamshı urıp jazalanǵan. Qaraqalpaqstannan tabılǵan ossuariylar ishinen iyttiń súyegi tabılǵanı bunıń dalili esaplanadı. Zardushtiylikte insan ómirindegi jámiyetlik qatnasıqlarda «wáde beriw, ant ishiw» hám berilgen wádeni buzbaw, antqa ámel etiw sıyaqlı dástúrler úlken insanıylıq qásiyet dep esaplanǵan hám onı buzǵanlar jámáát aldında áshkaralanıp abıraysızlandırǵan. Demek, biziń aramızda ayırım adamlar ushın qımbat bahalı kepillikten góre, shın haqıyqat sóz «Wáde beriw», «sóz beriw, qol urıw», «jigit sózi» abzallıǵı úlken áhmiyetke iye ekenligi usınnan qalǵan.

Zardushtlikte jeke gigienaǵa úlken itibar qaratılǵan bolıp, insan kúnine bes mártebe juwınıwı, azanda erte turıp quyashtı

kútip alıwı kerek dep esaplanǵan. «Avesto»da shash hám tırnaqtı jerdi qazıp kómip taslaw kerek, sebebi deneden ayrılǵan hárbir nárse murdar (taslandı) dep esaplanıp, ol Axrimannıń múlki, eger oǵan qara kúshlerdiń (dáw, peri, jın-jıpırlar) kózi tússe ólim alıp keledi dep esaplaǵan. Bul kitapta ıdıs-tabaqlardı qum hám kúllerden paydalanıp tazalaw texnikaları da aytılǵan, bulardıń barlıǵı biziń kúndelikli turmısımızda kúndelikli ádetlerimizdi eske túsiredi. Sonday-aq, zardushtiyler hawanı pataslamaw ushın túrli násiyatlar aytqan hám bul ádetler buzılǵan jaǵdayda, ámel etpegen adamlardı qatań jazalaǵan. Qaraqalpaq dástanları Sháryar, Edige, Qoblanda dáwler, peri, tas adamlar hám jer astında tirishilik haqqında sózler tórkinin Avestodan kóremiz.

***Soraw hám tapsırmalar:***

1. Zardushtiylik dininiń tiykarǵı ideyaları qanday?
2. Búgingi kúnde úlkemiz aymaǵında jasawshı xalıqlar turmısında Zardushtiylik dininiń tórt muqaddes zatı: ot, suw, jer, hawa menen baylanıslı qanday ırımlar hám dástúrlerdi bilesiz?
3. Tókqaladan tabılǵan ossuariy betindegi súwrette qaraqalpaqlardıń qaysı dástúri súwretlengen?
4. Úlkemizde Zardushtiylik dinine tiyisli qanday estelikler bar?
5. Ilimpazlar Zardushtiylik dininde Shılpıq qanday xızmetti atqarǵan dep boljaydı?

**Qosımsha ádebiyatlardı oqıwǵa usınıs: J. Bazarbaev, Ǵ. Xojaniyazov, R. Bazarbaev. Áyyemgi Oks dáryasınıń tómenindegi zardushtiylik. N.2007. «Bilim» baspası**

## §16. Ullı jipek jolı hám onıń Qaraqalpaqstandaǵı áyyemgi tarmaqları

**Qaraqalpaqstan aymaǵınan ótetuǵın sawda jolları**

Aral boyı qalaları arqalı xalıqaralıq Ǵ«Ullı jipek jolı»nıń tarmaqları ótken. Qaraqalpaqstan jerlerindegi Áyyemgi Xorezm mámleketi de «Ullı jipek jolı» tarmaqlarında turǵan. Áyyemgi Xorezm sawdagerleriniń kárwanları orıs jerlerine, Aral átirapı hám Kaspiy átirapındaǵı sahralarda mákan etken túrkiy qáwimlerine baratuǵın bolǵan. Áyyemgi Xorezmge keletuǵın sawda jolı Xorasan hám Samarqand qalalarınan shıǵıp, Amul (házirgi Sharjaw) qalası arqalı Ámiwdárya jaǵalawlarındaǵı qalalarǵa hám awıllarǵa barǵan. Basqa bir qısqa jol Marv qalasınan shıǵıp, arqaǵa qarap júrip, ısıldaǵan qumlar arqalı Áyyemgi Xorezm qalalarına kelgen. Sawda jolları



*Sawda kárwanı qalaǵa kirip kelmekte.*

Áyyemgi Xorezm qalaların Ústirt jazıqlığı arqalı Evropağa jetkergen. Buxara arqalı Orta Aziyanıń túpkirlerine alıp barğan hám Sırdáryağa shığatuğın jol Beltaw arqalı (házirgi Taxtakópirdegi Bórshiniń tawı) sahra qáwimlerine shığıp Buxarağa baratuğın bolğan. Usı jollar arqalı Áyyemgi Xorezm Ǵ«Ullı jipek jolı» sawdasına keńnen qatnasıp otırğan. Usı dáwirde «Ullı jipek jolı»nıń arqa tarmağı Góne Úrgenish, Mizdakxan, Xiywa, Xazarasp arqalı, Araldıń shığıs jağası menen Shirik-Rabad, Babishmolla arqalı, Sırdárya alabı xalıqları menen baylanısqan eken. Bul qalalardı izertlew barısında Jaqın Shığıs ellerinen, Qara teńiz jağası qalalarında, Hindstan, Mısr, Iran ellerinde islengen tawarlar, aynalar reńli taslardan islengen monshaqlar, shiyshe buyımlar tabıldı. Ullı jipek jolı dep atalğanı menen ol dáwirlerde kárwanlar júretuğın arnawlı jollar bolmağan. Jollardı arnawlı jol siltewshiler kórsetip barğan. Bir qaladan ekinshi qalağa jetemen degenshe belgili aralıqlarda kárwan saraylar salınıp, kárwanlardıń dem alıwına imkaniyatlar jaratılğan. Kárwanlarda uzaq saparğa shığıw hámme waqıt qáwip-qáterge tolı bolğan. Soğan qaramastan, óz dáwiriniń qorıqpas dáw júrek adamları, uzaq ellerge atlarda, túyelerde saparğa shıqqan. Úlkemizde sawdagerlerge xızmet kórsetiwshi kárwan saraylardan, orta ásirlerge tiyisli házirgi «ǴJaslıq» temir jolınıń arqa-batıs tárepinde 67 km uzaqlıqta Ǵ«Belewli» kárwan sarayı bolğan.

Xorezm arxeologiyalıq ekspediciyası 1937-jıldan baslap úlkemizde izertlew jumısların alıp bardı. Izertlew barısında Ǵ«Ullı jipek jolı» tarmaqları úlkemiz arqalı ótkenin dálillep berdi. Jipek jol kesispesinde jaylasqan Xorezm sawda baylanısında Aral hám Kaspiy átirapın Shığıs Evropa menen baylanıstırıwshı bağdarda «Orta Aziyanıń Ǵdárwazası» xızmetın atqarğan. Volga boyı, Aral átirapların sharwa-diyqanshılıq ónimlerin almastırıwğa Xorezm tiykarğı roldi atqarğan. Qıyat, Úrgensh, Mizdakxan hám basqa da qalalar rawajlanğan. Demek, Aral boyı xalıqları bul mámleketler menen mádeniy sawda baylanıslarında bolğan. Ásirese, Yaksart (Sırdárya) alabındağı, Ústirt jağalarındağı kóshpeli qáwimler menen ónermentshilik, awıl xojalıq ónimlerine

mal sharwashılıq ónimlerin almastırıp sawda jasaǵan. Bulardı baylanıstırıwshı jollardıń biri Buxaradan arqa-batısqa Qızılqum arqalı ótip Qorǵansha, Shımbay, Xojeli, Qońırat qalaları arqalı Ústirtke ótken hám sol jerdegi qonıs aymaqlar menen baylanısqan. Somń menen birge, sawda menen shuǵıllanıwshı sawdagerlerge úlken áhmiyet berilgen. Sebebi, olar birneshe tillerdi bilgen, onnan tısqarı olar milletlerdiń úrp-ádetlerin, turmıs tájiriybelerin tereń túsingen hám hadal insanlar bolǵan. Sonıń menen birge, sol dáwirlerde sawda menen shuǵıllanıwshı adamlar abıroylı bolıp, ilim, mádeniyat taratıwshılar da bolǵan.

**Aral boyı qalalarınıń sawda baylanısları**

Qaraqalpaqstan jerinde Qubla Aral boyında Ullı jipek jolı ótken qalalar hám qorǵanlar bolǵan. Olardan Shılpıq — Nókis qalasınan 43 km. qashıqlıqta Ámiwdáryanıń oń jaǵalıǵında jaylasqan. Jampıqqala — Sultan Wáyistiń qubla-batısında Qarataw posyolkasınan 6 km qashıqlıqta jaylasqan. Aybúyirqala — Shomanay rayonına jaqın házirgi Túrkmenstan mámleketi aymaǵında, Bograxan — Qońırat qalasınıń arqa tárepinde 19 km qashıqlıqta, Dáwkesken — Ústirt keńisliginde Shomanay rayonınan 60 km qashıqlıqta jaylasqan bolıp, estelik saray qorǵanıw bekinisten ibarat. Tókqala — Nókis rayonınan 14 km qashıqlıqta, Mizdakxan, Gáwirqala — Xojeli qalasınıń qubla-batısında tóbelikte jaylasqan, Ketenler — Shomanay rayonınıń orayınan arqa-batısta 18 km qashıqlıqta jaylasqan, Monshaqlı — Shomanay rayonınıń orayınan qubla-batısta 9 km qashıqlıqta jaylasqan.

Ullı jipek jolı Orta Aziya hám Evropa xalıqları turmısında ekonomikalıq hám siyasiy jaqtan úlken áhmiyetke iye boldı. Ol Shıǵıs hám Batıs arasında ózine tán kópir wazıypasın atqarıp, sonıń nátiyjesinde xalıqlar arasında sawda hám mádeniy baylanıslar menen bir-birin bayıttı. Sonlıqtan da, búgingi kúni respublikamızda bul isler dawam ettirilip, «Ullı jipek jolı»n tiklew boyınsha keń kólemli isler alıp barılmaqta. Ózbekstan Birlesken Milletler Shólkeminiń «Birge islesiwdi rawajlandırıw arqalı sawdanı keńeytiw» baǵdarlamasın ámelge asırıwǵa qat-




naspaqta. 1998-jılı 8-sentyabrde Ázerbayjan paytaxtı Baku-de Ullı jipek jolın tiklewge arnalǵan xalıqaralıq konferenciya

bolıp, TRASEKA joybarın ámelge asırıw boyınsha komissiya dúziledi. Bul joybar boyınsa temir jol qurılısı menen birge, avtomobil jolın qurıw názerde tutılǵan hám bul joybar búgingi kúni ámelge asırılmaqta.

***Soraw hám tapsırmalar:***

1. Áyyemgi Xorezm sawdagerleriniń kárwanları qay jerlerge baratuǵın bolǵan?
2. Áyyemgi Xorezmge keletuǵın sawda jolı qaysı jerlerdi basıp ótti?
3. Beltaw arqalı (házirgi Taxtakópirdegi Bórshiniń tawı) arqalı sawda kárwanları qay jerlerge barǵan?
4. Qaraqalpaqstan jerinde Qubla Aral boyında Ullı jipek jolı ótken qalalar hám qorǵanlar qaysılar?
5. Xalıqlardın mádeniy jetiskenliklerinde sawdanıń ornı qanday?
6. TRASEKA joybarı boyınsha qanday isler ámelge asırılmaqta?
7. Ullı jipek jolı menen kárwanlar qanday tovarlar tasıǵan?
8. Sawdagerler kim bolǵan hám qanday xızmetti atqarǵan?
9. Qaraqalpaqstan búgingi kúnde xalıqaralıq sawdada qaysı mámleketler menen sawda baylanısların alıp barmaqta?

## §17. Ótilgenlerdi qaytalaw hám tákirarlaw ushın tapsırmalar

### Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı esteliklerdiń dáwirlerge bóliniwi hám sol dáwirge tiyisli esteliklerdi jazıń

| № | Áyyemgi Xorezm dáwiri | Dáwirler |
|---|---|---|
| 1. | Keltiminar mádeniyatı | b.e.sh.IV—II mıń jıllıqlar |
| 2. | Tazabaǵjap mádeniyatı | b.e.sh.II mıń jıllıqlar |
| 3. | Ámirabad mádeniyatı | b.e.sh.I mıń jıllıqtıń birinshi yarımı |
|  | **Xorezmniń antik dáwiri** | **Qansha dáwirdi óz ishine aladı** |
| 4. | Qalalardıń payda bolıwı | b.e.sh.VI—IV ásirler |
| 5. | Kangyuy mádeniyatı | b.e.sh.VI ásir hám I ásirler |
| 6. | Kushan mádeniyatı | II—III ásirler |

### TESTLER:

1. «Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspediciyası» úlkemizde neshe jıl izertlew jumısların alıp bardı?
   A. 40
   B. 30
   C. 25
   D. 45

2. Shapur I diń óz basqarıwınıń birinshi jılında xorezmlilerge qarsı urıs júrgizgenligi qaysı derekte aytılǵan?
   A. Gerodot maǵlıwmatlarında;
   B. Pexleviy tekstlerinde;
   C. Behustun jazıwlarında;
   D. Avesto kitabında.

3. Qaraqalpaqstan tariyxın úlken-úlken dáwirlerge bóledi, bul dáwirlerdiń izbe-izligin durıs jazıń:
   A. 1, 2, 5, 3, 4
   B. 1, 5, 2, 3, 6, 4
   C. 2, 4, 1, 5, 3.
   D. 3, 1, 4, 2, 5, 6

1. Watanımız tariyxınıń alǵashqı jámiyet dáwiri;
2. Watanımız orta ásirler dáwirinde;
3. Patsha Rossiyasınıń basıp alıwı hám koloniyalıq siyasat.
4. Qaraqalpaqstannıń Ózbekstan Respublikası quramında suveren rawajlanıw jolı;
5. Watanımız aymaǵındaǵı eń áyyemgi mámleketshilik;
6. Qaraqalpaqstan Sovet hákimiyatı dáwirinde.

4. Áyyemgi Xorezm dáwirine tiyisli ádebiyatlardı kórsetiń.
A. Kelteminar, Tazabaǵjap, Kushan;
B. Kelteminar, Kangyuy, Amirabad;
C. Kushan afrigiylar, Tazabaǵjap, Ámirabad;
D. Keltemınar, Tazabaǵjap, Ámirabad.

5. Xorezmniń antik dáwirine tiyisli ádebiyatlardı kórsetiń.
A. Qalalardıń payda bolıwı, Kangyuy, Kushan, Kelteminar mádeniyatı;
B. Qalalardıń payda bolıwı, Kangyuy, Kushan, Kushan afriǵiyler mádeniyatı;
C. Tazabaǵjap, Kangyuy, Kushan, Kushan afrigiyler mádeniyatı;
D. Qalalardıń payda bolıwı, Ámirabad, Kushan, Kushan afriǵiyler mádeniyatı.

6. Áyyemgi dáwirge tiyisli arxeologiyalıq estelikler úlkemizdiń qaysı aymaǵınan tabılǵan?
A. Ústirt jazıqlıǵında;
B. Ellikqala rayonında;
C. Tórtkúl rayonında;
D. Ámiwdárya rayonında.

7. Qaraqalpaqstan aymaǵında áyyemgi paleolit dáwirlerge tiyisli esteliklerdi tańlań:
A. Barsakelmes Esen 1, 2, 3, Shurıq-12 ustaxanaları, Qaraqudıq, Qızıl Nur, Lavlyakan;
B. Machay Aydabol 1., 25, Aqtaylaq, Churıq, Qartpayqum, Alan, Bóleksay, Aqtay, Qaraqudıq;
C. Kelteminár, S.P.Tolstov mákan, Kishkilik, Aydabol-1, 3, 5, 7, 13, Jambas-4, Xoja Gúmbez, Bayramqazǵan-2;
D. Tazabaǵjap, Kókshe, Jambas, Tegisken.

8. Kelteminar mádeniyatınıń taralǵan jılların anıqlań.

A. b.e.sh. IV—V mıń jıllıqlar;

B. b.e.sh. II—III mıń jıllıqlar;

C. b.e.sh. IV—III mıń jıllıqlar;

D. b.e.sh. I—III mıń jıllıqlar.

9. Qaraqalpaqstan aymaǵında Bronza dáwirinde qanday úlken ózgerisler boldı?

A. Analıq ruwdan (matriarxat), atalıq ruwǵa (patriarxat) ótiw baslandı;

B. Tastan quramalı miynet quralları islendi;

C. Awıl túrindegi qalalar payda boldı;

D. Mámleketler payda boldı.

10. Miynet qualları qanday materialdan islengende diyqanshılıqtan kóp ónim alındı?

A. aǵashtan;

B. tastan;

C. bronzadan;

D. temirden.

11. «... bul xalıq Araks (Ámiwdárya, Uzboy) dáryasınıń arǵı jaǵında issedonlarǵa (Qubla Sibir hám Uralda jasaytuǵın xalıq) qarama-qarsı jasaydı. Kiyimleri, turmıs qálpi skiflerge uqsas. Olar jaqsı jawınger sawashlarda atlı hám jayaw júrip te urısadı hám aybalta menen qurallanǵan. Barlıq buyımları altın menen mıstan islengen. Olardıń awqatlıq zatları úy haywanları góshi, balıqlar bolıp, egin ekpeydi, Araks (Ámiwdárya) olardı balıq penen támiyinleydi. Olar sút ishedi» — dep kim jazǵan.

A. Gerodot;

B. Ktesiy;

C. Arrian;

D. Pexleviy tekstlerinde.

12. Tumaris xanım basqarǵan massagetler mámleketi hám Kir II basshılıq etken parsılar arasındaǵı urıs qashan hám qay jerde bolıp ótken?

A. b.e.sh. 530-jılı iyul ayınıń aqırı, avgusttıń basında eski Sırdárya boyında bolıp ótken;

B. b.e.sh. 540-jılı iyul ayınıń aqırı, avgusttıń basında eski Oks (Ámiwdárya) deltası Uzboy boyında bolıp ótken;

C. b.e.sh. 530-jılı iyul ayınıń aqırı, avgusttıń basında eski Oks (Ámiwdárya) deltası Aral boyında bolıp ótken;

D. b.e.sh. 530-jılı iyul ayınıń aqırı, avgusttıń basında eski Oks (Ámiwdárya) deltası Uzboy boyında bolıp ótken.

13. Tumaris xanım óz ulınıń qurban bolıwına jol qoyıwı, onıń minezindegi qaysı tárepin kóremiz?
   A. Watan súyiwshilikti;
   B. Balasın jazalaw;
   C. Dushpanǵa jek kóriwshilik;
   D. Jawızlıqtı.

14. Kangyuy dáwirindegi oń jaǵalıqtaǵı Xorezmniń suwǵarıw kanalları qaysılar?
   A. Suwjarǵan, Qırqqız, Gáwhar, Tashqırman kanalları;
   B. Kelteminar, Qırqqız, Gáwhar, Tashqırman kanalları;
   C. Kelteminar, Qırqqız, Gáwhar, Tazabaǵjap kanalları;
   D. Kelteminar, Ámirabad, Gáwhar, Tashqırman kanalları.

15. Topıraqqala maydanı neshe gektar?
   A. 17,5 gektar
   B. 15,5 gektar
   C. 1,5 gektar
   D. 17,7 gektar

16. Topıraqqala sarayınıń «jeńis zalında» qanday músin bolǵan?

A. Patshanıń túrgelip turǵan qáddindegi hám oǵan jeńis tajın kiygizip atırǵan jeńis qudayınıń ılaydan islengen músini;

B. Patshanıń otırǵan qáddindegi hám oǵan taj kiygizip atırǵan jeńis qudayınıń ılaydan islengen músini;

C. Patshanıń otırǵan qáddindegi hám oǵan jeńis tajın kiygizip atırǵan jeńis qudayınıń ılaydan islengen músini;

D. Patshanıń otırǵan qáddindegi hám oǵan jeńis tajın kiygizip atırǵan quyash qudayınıń ılaydan islengen músini.

17. Topıraqqala hújjetlerin oqıǵanda II—III ásirlerde Xorezmde «Vut» dep neni ataǵan?

A. Kishi shańaraq;
B. Úlken shańaraq;
D. Xızmetkerler shańaraǵı;
C. Qullar shańaraǵı.

19. Xorezmliler hám saklar (b.e.sh. V ásir) urıs qural-jaraqları qanday bolǵan?
A. Kelte qılısh, awır uzın qılısh, sawıt kiygen, uzın nayza, domalaq top;
B. Kelte qılısh, awır uzın qılısh, sawıt kiygen, uzın nayza, domalaq top;
C. Kelte qılısh, jeńil uzın qılısh, sawıt kiygen, uzın nayza, domalaq top;
D. Kelte qılısh, awır uzın qılısh, sawıt kiygen, uzın nayza, domalaq top.

20. Zardushtiylik dininiń jerlew dástúri boyınsha marhumlardıń denesi ayrıqsha soǵılǵan orınǵa — dóńislikke aparıp qoyılǵan. Bul biyiklik ne dep atalǵan?
A. Hawma;
B. Daxma;
D. Ossuariy;
C. Qábirstan.

21. Zardushtiylik dásturine tán qurılıslardaǵı ot xramları bar qaysı qalalar?
A. Mizdakxan, Jambasqala, Topıraqqala, Tókqala, Shılpıq, Qırantaw, Gúzeliqır, Dingilje, Elxarasta, Gyar-3, Qazaqlıjatqan (Aqshaxan), Tashqırman;
B. Aybúyirqala, Ústirt, Topıraqqala, Tókqala, Shılpıq, Qırantaw, Gúzeliqır, Dingilje, Elxarasta, Gyar-3, Qazaqlıjatqan (Aqshaxan), Tashqırman;
C. Aybúyirqala, Jambasqala, Topıraqqala, Tókqala, Shılpıq, Qırantaw, Gúzeliqır, Dingilje, Shılpıq, Gyar-3, Qazaqlıjatqan (Aqshaxan), Tashqırman;
D. Aybúyirqala, Jambasqala, Topıraqqala, Tókqala, Shılpıq, Qırantaw, Gúzeliqır, Dingilje, Elxarasta, Gyar-3, Qazaqlıjatqan (Aqshaxan), Tashqırman.

22. Áyyemgi Xorezm sawdagerleriniń kárwanları qaysı jerlerge shekem barǵan?

A. Orıs jerlerine, Aral átirapı hám Kaspiy átirapındaǵı sahralarda mákan etken túrkiy qáwimlerine baratuǵın bolǵan;

B. Batıs Evropaǵa, Aral átirapı hám Kaspiy átirapındaǵı sahralarda mákan etken túrkiy qáwimlerine baratuǵın bolǵan;

C. Orıs jerlerine, Aral átirapı hám Kaspiy átirapındaǵı sahralarda mákan etken sak-massaget qáwimlerine baratuǵın bolǵan;

D. Qıtay jerlerine, Aral átirapı hám Kaspiy átirapındaǵı sahralarda mákan etken túrkiy qáwimlerine baratuǵın bolǵan.

23. Qaraqalpaqstan jerinde Qubla Aral boyında Ullı jipek jolı ótken qalalar hám qorǵanlar qaysılar?

A. Jampıqqala, Aybúyirqala, Dáwkesken, Tókqala, Mizdakxan, Gáwirqala, Ketenler, Monshaqlı;

B. Jampıqqala, Topıraqqala, Dáwkesken, Tókqala, Mizdakxan, Gáwirqala, Ketenler, Monshaqlı;

C. Jampıqqala, Aybúyirqala, Qoyqırılǵanqala, Tókqala, Mizdakxan, Gáwirqala, Ketenler, Monshaqlı;

D. Jampıqqala, Aybúyirqala, Dáwkesken, Tókqala, Mizdakxan, Gáwirqala, Kúyikqala, Monshaqlı.

24. «Ullı jipek jolı»nıń arqa tarmaǵı qaysı xalıqlar menen baylanısqan?

A. Góne Úrgenish, Mizdakxan, Xiywa, Xazarasp arqalı, Araldıń shıǵıs jaǵası menen Shirik-Rabad, Babishmolla arqalı, Sırdárya alabı xalıqları menen baylanısqan;

B. Góne Úrgenish, Mizdakxan, Xiywa, Xazarasp arqalı, Araldıń batıs jaǵası menen Shirik-Rabad, Babishmolla arqalı, Sırdárya alabı xalıqları menen baylanısqan;

C. Góne Úrgenish, Mizdakxan, Xiywa, Xazarasp arqalı, Araldıń Shıǵıs jaǵası menen Shirik-Rabad, Babishmolla arqalı, Qızılqum xalıqları menen baylanısqan;

D. Góne Úrgenish, Mizdakxan, Xiywa, Xazarasp arqalı, Araldıń Shıǵıs jaǵası menen Shirik-Rabad, Babishmolla arqalı, Ústirt xalıqları menen baylanısqan.

25. Kárwanlar mánzillerine qalay jetip barǵan?

A. Arnawlı jol siltewshiler kórsetip barǵan;

B. Arnawlı jollar salınǵan;

C. Kárwanlardıń ózleri jetip barǵan;

D. Hawa rayına qarap jol tawıp barǵan.

**Qalalar hám olardıń házirgi dáwirde jaylasqan rayonları**

| Qalalar | Rayonlar |
|---|---|
| Jambasqala, Kókshe — 2 qoyımshılıǵı, Jambas — 4, Suwjarǵan, Dingilje, Qoyqırılǵanqala, Búrliqala | Tórtkúl |
| Qazaqlıjatqan (Aqshaxan), Tashqırman, Bazarqala, Pilqala, Qıyatqala, | Beruniy |
| Gúldirsin, Qabat — 7, Topıraqqala, Úllı Gúldirsin, Ayazqala 1, 2, 3, Qırqqız, Qumbıztepe | Ellikqala |
| Esen 1, 2, 3, Qaraqudıq, Shurıq-12, Aydabol qudıǵı, Aqtaylaq-1, Jarınqudıq 1—3, Porlıtaw, Balandi, Shirik-Rabad, Babishmolla, Aybúyir, Dáwkesken | Qońırat |
| Qusxana | Nókis qalası |
| Shılpıq, Qubataw, Aqshakól | Ámiwdárya |
| Úlken Aybúyirqala | Shomanay |
| Toktaw | Nókis |
| Mizdakxan, Gáwirqala | Xojeli |
| Elxarast, Gyar — 3, Xazarasp, Gónewaz, Xiywa, Topıraqqala | Xorezm wálayatı |
| Gúzeliqır, Qalalıqır, Aqsha-Gelin, Shahsanem, Góne Úrgenish | Túrkmenstan Respublikası |
| Uyǵaraq, Tegisken | Qazaqstan Respublikası |
| Qusxanataw | Shımbay |

# QARAQALPAQSTAN TARIYXİNİŃ EŃ NEGIZGI SÁNELERI

| | | |
|---|---|---|
| 160—100 mıń jıl burın | — | Qaraqalpaqstandaǵı Ústirtte adamlar jasaǵan. Bul ashel dáwiri. |
| 100—40 mıń jıl burın | — | Neandertal adamı jasaǵan dáwir. Bul mustye dáwiri. |
| 40 mıń jıl burın | — | Adamzat tariyxında analıq ruwı dáwiri baslandı. |
| 40—30 mıń jıl burın | — | Áyyemgi adamlar úńgirlerden shıǵıp, ılashıq soǵıp jasawdı bilgen. Dáslepki turaq jaylar payda bolǵan. |
| B.e.sh. 8—6 mıń jıllar | — | Ústirttegi mezolit. |
| B.e.sh. 2 mıń jıllıqtıń ortası | — | Tazabaǵjap mádeniyatı. |
| B.e.sh. 2 mıń jıllıqtıń aqırı, 1 mıń jıllıqtıń bası | — | Ámirabad mádeniyatı. |
| B.e.sh. 1292-jılları | — | Qaraqalpaqstan jerindegi Áyyemgi Xorezmde usı jılları da xalıq jasaǵan dep babamız Ábu Rayxan Beruniy jazıp qaldırǵan. |
| B.e.sh. VI ásirdiń ortası | — | «Úlken Xorezm» awqamınıń ıdırawı. |
| B.e.sh. VI ásirde | — | Xorezmniń eń dáslepki patshalarınıń biri Saksafar bolǵan. |
| B. e. sh. VI ásirde | — | Iran patshaları massagetler awqamına qarsı úsh ret áskeriy atlanıs jasaǵan. |

| | | |
|---|---|---|
| B.e.sh. 530-jıl | — | Ahamoniyler patshası Kir II Orta Aziyaǵa atlanıs jasadı. |
| B.e.sh. VI—V asirlerde | — | Xorezm Iran ahamoniylerinen ǵárezli bolǵan. |
| B.e.sh. V ásirde | — | Qalalıqır I (Tashawız wálayatında) qalashası ahamoniyler satraplarınıń turatuǵın ornı retinde salınǵan. |
| B.e.sh. IV ásirde | — | Xorezm Irannan ǵárezsiz bolǵan. |
| B.e.sh. 356-323-jıllar | — | Iskender Zulxarnayn jasaǵan dáwir. |
| B.e.sh. 328-jıldıń qıs kúnleri | — | Xorezm patshası Farasman Iskender Zulxarnaynǵa 1500 áskeri menen kelgen. |
| B.e.sh. IV ásir — b.e. I ásiri aralıǵı | — | Qoyqırılǵanqalanıń gúllep rawajlanǵan dáwiri. |
| B.e.sh. III ásir | — | Qoyqırılǵanqala jazıwınıń dórelgen waqtı. |
| B.e.sh. 312—250-jıllar | — | Salavka imperiyası dáwiri. |
| B.e.sh. II ásirde | — | Sırdárya boyı sahra qáwimleriniń úlken kóship-qonıp jılıslaǵan dáwiri. |
| 78—123-jıllar | — | Kanishkanıń kushanlar saltanatındaǵı ústemligi. |
| B.e. III ásiri | — | Xorezmdegi sıyınıw ornı. Topıraqqala arxivi dóregen dáwir. |
| B.e. III ásirlerde | — | Topıraqqala ishindegi patsha sarayı salınǵan dáwir. |
| B.e. IV ásiriniń basında | — | Topıraqqala sarayı búlinip qańıray baslaǵan dáwir. |

# MAZMUNÍ

Kirisiw ........................................ 3

**I Bap. Qaraqalpaqstan tariyxınıń áyyemgi dáwiri**

§ 1. Qaraqalpaqstan tariyxın úyreniwdiń derekleri ........................................ 5
§ 2. Eń áyyemgi dáwirlerdegi Qaraqalpaqstan aymaǵı ........................................ 10
§ 3. Qaraqalpaqstan aymaǵında mezolit hám neolit dáwirleri. Kelteminar mádeniyatı ........................................ 17
§ 4. Qubla Aral boyı eneolit hám bronza (jez) dáwirinde ........................................ 26
§ 5. Aqshadárya saǵasındaǵı áyyemgi estelikler ........................................ 31

**II bap. Qaraqalpaqstan aymaǵında áyyemgi mámleketler**

§ 6. Áyyemgi Xorezm mámleketshiligi ........................................ 40
§ 7. Biziń eramızǵa shekemgi IV—I ásirlerde Qubla Aral boyı sahra qáwimleri ........................................ 45

**III bap. Qaraqalpaqstan aymaǵında áyyemgi basqınshılıq urısları**

§ 8. Ahamoniylerdiń basqınshılıǵı ........................................ 51
§ 9. Makedoniyalı Iskender hám Áyyemgi Xorezm, Salavka mámleketi ........................................ 57

**IV bap. Qaraqalpaqstan b.e.sh. IV—II ásir aralıǵında**

§ 10. Qaraqalpaqstan aymaǵı b.e.sh. IV—II ásirlerde ........................................ 60
§ 11. Qaraqalpaqstan aymaǵında Qańlı (Kangyuy) dáwiri ........................................ 65

**V bap. Qaraqalpaqstan I—IV ásirlerde**

§ 12. Kushan mámleketi dáwirindegi Qaraqalpaqstan jerleri ........................................ 72
§ 13. Qubla Aral boyı jerleri xalıqlarınıń kiyim-kenshekleri, shańaraǵı, áskeriy quralları hám de IV—VI ásirlerdegi jámiyetlik-siyasiy turmısı ........................................ 81
§ 14. B.e.sh. IV—I hám I—IV ásirlerde Aral boyı xalıqlarınıń mádeniyatı ... 86
§ 15. Zardushtiylik dini ........................................ 93
§ 16. Ullı jipek jolı hám onıń Qaraqalpaqstandaǵı áyyemgi tarmaqları ........ 101
§ 17. Ótilgenlerdi qaytalaw hám tákirarlaw ushın tapsırmalar ........................................ 106
Qaraqalpaqstan tariyxınıń eń negizgi sánceleri ........................................ 113

QOSHANOV ÁBDIKERIM
DOSPANOV OKTYABR
UZAKHBERGENOVA TAMARA

# QARAQALPAQSTAN TARIYXI

## 6-KLASS

*(Eń áyyemgi dáwirden biziń eramızdıń V ásirine shekem).*

*Nókis — «Bilim» — 2019*

Redaktorı *S. Baynazarova*
Kórk. redaktorı *I. Serjanov*
Tex. redaktorı *B. Turımbetov*
Operator *N. Qaypbergenova*

Licenziya: AI № 108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul.

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 16.01.2019-jıl. Formatı 60x84 1/16 Ofset qaǵazı. Kegl 11. Ofset usılında basıldı. Kólemi 7,25 b.t. 6,74 shártli b.t. 8,72 esap b.t. Nusqası 10082 dana. Buyırtpa № 18-535.

Elektron mánzil: bilim.baspa@bk.uz

«Bilim» baspası, 230103. Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

Ózbekstan Baspasóz hám xabar agentligi «O'zbekiston» baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyinde basıp shıǵarıldı. 100011, Tashkent, Nawayı kóshesi, 30.